

R. SOEDJONOREDJO



“*ग न वा न वा ति कि कि*”

WÉDATAMA WINARDI

inggih poenika :

Keterangan werdinipoen serat Wédatama, jasan
dalem Soewargi Kangdjeng Goesti Pangéran
Adipati Arja Mangkoenegara ingkang
kaping IV ing Soerakarta.

Serie W. No.

॥ ୨ ଅ ଅ ଅ ଅ ଅ ଅ ॥

WÉDATAMA WINARDI

inggih poenika :

Keterangan werdinipoen serat Wédatama, jasan
dalem Soewargi Kangdjeng Goesti Pangéran
Adipati Arja Mangkoenegara ingkang
kaping IV ing Soerakarta.

2° DRUK.

Kapratélakaken déning :

R. SOEDJONO REDJO

Mantri goeroe pénsioen ing
Karanganjar S.S. W/L.

Taoen 1937.


Kawedalaken sarta kasadé déning :

TAN KHOEN SWIE

ing Kediri

1941

PENERBIT:
TAN KHOEN SWIE
KEDIRI



*Ini kitab diperlindoengi Hak pengarang
Stb. 1912 No. 600 fatsal 11.*

*Kitab jang sjah ada tanda lengannja
si penerbit berikoet di bawah ini.*



ဗိုလ်ချုပ်ဘဏ္ဍာရေးဝန်ကြီးမှူး
မြန်မာနိုင်ငြာ ၁၉၀၇ ခုနှစ်၊ ဧပြီလ၊ ၂၅
နေ့တွင် အမြန် ပြည့်စုံသွေးခဲ့သူ၏ ပုဂ္ဂန္တနာ

**Boekh. Tan Khoen Swie
Kediri.**

PENGARANG
P. t. R. SOEDJONOREDJO

Mantri goeroe pènsioen Karanganjar S S. W/L.



*Diatas ini saia tera gambarja pengarang R. Soedjonoredjo,
jang namanja tida asing lagi, beliau ada penoelisnya Kitab-
kitab: Djatimoerti, Madoerasa, Kridograito, Katja-Wirangi,
Wawadiningroso, d.l.l. jang sanget digemari oleh pembatjanja.*

Boekhandel TAN KHOEN SWIE
Kediri.

Prasaben.

Sami-sami serat Djawi, jasan dalem Kangdjeng Goesti P. A. A. Mangkoenegara IV poenika dipoen dojani pijambak déning bangsa kita Djawi; poenapa malih serat Wédatama. Sanadjan serat Wédatama poenika alit lan tipis, nanging isinipoen mepaki, sarta djembar bëbèranipoen. Tetemboenganipoen kañah ingkang sami wonten isi-nipoen. Rakitaning oekara nenarik pamireng, sarta dados panggigahing manah. Manawi oengeloengelan ing Wédatama sinoeba toewin sinoekarta, mahanani kretarta toemrap pakartining ngèlmoe loehoeng.

Poenika dados boekti bilih serat Wédatama poenika jasani-poen soedjanma ingkang winahjoe.

* *

Noewoen. Tanggal 26 April 1937 koela tampi kintoenan serat W. T. poenika saking sadérèk Tan Khoen Swie, wigatos kapoerih njerat keterangan soeraosing serat poenika. Nedja kasadé kanṭi regi mirah moerih saged soemebar. Batos koela : „Wah, iki pagawéan gedé doedoe baèn-baèn”. Salebetting prihatos: wonten Raos preloe koela lampahi. Indjingipoen wiwit njerat, sakedap-sakedap këndel; saben bađé wiwit njerat boten antawis dangoe ladjeng karaos kanṭi mangretos, makaten salajengipoen, ngantos rampoeng.

Wasana panoewoen koela dateng para maos, manawi wonten kekiranganipoen, moegi sampoen kirang pamengkoe.

Soedjonoredjo.

1.

|| ७ बा ना ना ॥

|| पं कृ ॥

ऐ मिस्त्री कर्ग चियत्ता ना ।⁽¹⁾ यामा जामा यामा युक्ति विहिं, विहि
पुद्दीनी की अमीये, विहिया विहिया ना, त्रिकृष्ण या बहर यी की अय
लैये ये, अं युक्ति विहिया युक्ति या युक्ति विहिया ना ।

Mingkar - mingkoering angkara, akarana karenan mardi siwi; sinawoeng resmining kidoeng, sinoeba-sinoekarta, mrih kretarta pakartining ngèlmoe loehoeng, kang toemrap nèng tanah Djawa; agama ageming adji.

* *

Awit déning sengsem paring piwoelang dateng para poeta, ingkang nganggit serat „Wédatama” karsa mengkeraken angkara moerka. Panganggitipoen mawi kasekaraken, moerih saged nenarik sengsemipoen ingkang maos. Serat Wédatama poenika isi piwoelang lahir batos. Pamoedjinipoen ingkang nganggit: paparingipoen piwoelang ingkang sampoen rinengga toewin tinata poenika sageda toemanem ing manah sarta angrembaka. Woelang kawroeh ingkang loehoer poenika wonten dajanipoen. Piwoelang poenika laras kalijan dasaripoen tijang Djawi. Manawi kaoedi, saëstoe nenoentoen dateng watak Kapangéranan.

(1) Mengkeraken angkara moerka. Akarana = amargi; karenan = seneng; mardi siwi = moelang poetra. Sinawoeng = sinarengan. Resmining kidoeng = rarasing tembang. Sinoeba sinoekarta = dipoen loehoeraken toewin rinengga. Mrih kretarta = moerih angrembaka (toemrap raosing manah). Pakartining ngèlmoe loehoeng = toemaneming kawroeh Kasoekman (ing raosing manah). Pakartining = pandameling = dajaning. Nèng tarah Djawi = toemrap raos Djawi. Agama = agem-agemaning Soekma (Djiwa). Adji = Ratoe = Goesti = Pangéran = Djawaning manoengsa. (Sinoekarta = dipoen seeraos).

(**ଶ୍ରୀଜିତ୍ତନାଥଙ୍କାରାମ**)⁽²⁾ ଶ୍ରୀଜିତ୍ତନାଥଙ୍କାରାମଙ୍କିଷ୍ଟପଣ୍ଡିତ
ଶକ୍ତିମାନଙ୍କୁପଦିତୁମ୍ଭୁ ଶକ୍ତିମାନଙ୍କିଷ୍ଟଗମ୍ଭୁ ଯନ୍ତ୍ରିତିପଦିତାମ୍ଭୁ
ପଦିତିପଦମ୍ଭୁ ବାନ୍ଧିତିପଦମ୍ଭୁ ପଦମ୍ଭୁ ଶକ୍ତିମାନଙ୍କୁପଦିତିପଦମ୍ଭୁ
ଯନ୍ତ୍ରିତିପଦମ୍ଭୁ) (

Djinedjer nèng Wéda Tama, mrih tan kemba kembenganing pamboedi; mangka nadyan toewa pikoen, jèn tan mikani Rasa, jekti sepi asepa lir sepath samoen; samangsané pakempoelan, gonjak-ganjoek nglilingsemi.

* *

Piwoelang poenika kapatjak ing serat ingkang kanamakaken serat „Wédatama”. Perloenipoen soepados tiatos (boten kemba) pangoedinipoen, mandar sage da ngregem (ngenjami) ing raosipoen. Ngagesang sanadjan sampoen sepoeh raganipoen, manawi dèrèng sage da ngraosaken ing Raos Kasoekman, kaoepamèkaken taksih soewoeng, djer isinipoen namoeng *angen-angen* kalijan *hawa nafsoe*. Manawi kaleres kekempalan sarta ladjeng angginem kabatosan, ngatawisi manawi sajektosipoen taksih soewoeng. Kados ta: wor-soehipoen, lagoening soewaranipoen, polataniipoen, tandang-tandoekipoen sp. . . . amratjhnani bilih sajektosipoen dèrèng ngraosaken dateng Raos Kasoekman; dados teksih wonten ing *pamikir* toewin *pangraos*.

(2) djinedjer = kapatjak = sinerat. Wéda = papakem = wawaton. Wédatama = wawaton oetami. Mrih tan kemba = soepados boten kemba pangoe-dinipoen. Kembenganing pamboedi = pangregeming piwoelang. Nadyan toewa pikoen = sanadjan tijang sampoen sepoeh. Pikoen = gampil kesoe-pèn. Tan mikani rasa = boten sage da ngraosaken raos Kasoekman (Raos sadjatos). Sepi = soewoeng (sepen ing pangretos). Sepa = boten gadah raos kabatosan). Lir sepath samoen = sepanah ingkang boten wonten raosipoen. Pasamoean = kekempalan = saraséhan. Gonjak-ganjoek = seling serep = salah panampi = salawana. Nglilingsemi = adamel lingsem.

3.

(၁၂) ယျောက်သမ္မမာ (ပြီးစပ် ၃ လာ) ^(၃) ရမေးဘင်္ဂမှုပါခာရာရှိ
မှုမာ-ဟန္တ်၊ ယျော်ဟိုတာဘဏ်မျိုး၊ ဟူသို့သူ ဗျားမြှုပ်မှု မှတ်
အကြော်ဟံသာ ဖျော်မာရမာ-မှုမျိုး၊ မီးမာရမာ မှုမာ၊ မာမ
ရမေးဘင်္ဂမှုပါခာရာရှိမျိုး၊ (၁၃)

ng-Goegoe karsané prijangga, nora nganggo peparah lamoen angling; loemoeh ingaran baliloe; oeger nggoeroe aleman. Nanging djanma ingkang woes waspadèng semoe, sinamoen ing samoedana, sasadon ingadoe manis.

* * *

Tijang ingkang taksih makaten, sanadjan angginema babagan kaaloesan (kabatosan) boten mawi doegi prajogi, boten mawang dateng ingkang dipoen djak gineman, boten ngèngeti dateng : *paédahipoen* oetawi *toemandjanipoen*. Dados namoeng amboe-djeng *pamaremipoen pijambak*. Terkadang namoeng ngatinggalaken kapinteranipoen; roemaosipoen sampoen moempoeni; pangangkahipoen sampoen ngantos kawastanan bodo, boten ngroemaosi bilih sadjatosipoen aleman. Ananging tijang ingkang sampoen saged angraosaken saestoe, manawi gineman kalijan tijang ing-

(3) Amboedjeng pamaremipoen pijambak. Marem sabab *nginten*: pijambakipoen dipoen wastani tijang mangretos. Peparah = doegi prajogi = rerenga = empan papan. Angling = ngendika. Goeroe aleman = boetoeh dipoen alembana. Waspadèng semoe = saged njrapat dateng tijang ingkang saged ngraosaken toewin ingkang dèrèng; katawis wonten ing rerakitaning ginem (tata oetawi worsoeh), makaten oegi wonten ing lagoening soewara, sadjakan, semoening oelat, solahipoen . . . poenapa déné *tamoèn-tinam-pènipoen* semoe, ingkang minangka wawajanganing raos Kasoekman, (ka-oepamèkna: tijang njenggaki oetawi nggérongi gending saged katjihna bilih saged ngraosaken ing enges toewin *wirama* poenapa dèrèng). Sinamoen = dipoen aling-alingi. Samoedana = réwa-réwa tjotjog sarta seneng. Sesadon ingadoe manis = ingkang gineman kalijan ingkang dipoen djak gineman sami ngatinggalaken senenging manah anggènipoen amemitran toewin kekantjan angrembag babagan kaaloesan. (Oetaminipoen manawi sampoer mengker boten ladjeng anggegoedjeng, ngèwani, poenapa déné ngraosi).

kang makaten, ladjeng trimah ngawon, boten ambantah oetawi mabeni. Pramila makaten, awit pijambakipoen sampoen saged njrapat (awas ing semoe). Kamanah: tanpa damel oepami dipoen bantaha, malah malah kabodoaning sanès waoe dipoen aling-alangi moerih boten adamel lingsem. Anggènipoen ngaling-alangi sarana temboeng manis sarta njenengaken akanfi oelat soemeh. Dados boten pisan-pisan ketawis bilih njaroe oetawi njendoe.

4.

(四) मिहियं त्रुह, ग्निधूहा⁽⁴⁾ लवय्य याम्याद्वि ग्नवा चिह्निपृ
ष्ठय्य द्वयात्तिष्ठम् । त्रुह त्रुह त्रुह । ग्नवा ग्नवा ग्नवा
ग्नवा ग्नवा ग्नवा : ग्नवा ग्नवा ग्नवा ग्नवा ग्नवा ग्नवा
ग्नवा ग्नवा ग्नवा ग्नवा । **(四)**

Sipengoeng nora nglegéwa, sangsajarda dènira tjetjariwis, ngandar-andar angendoekoer, kandané nora kaprah, saja élok alangka longkanganipoen. Siwasis waskita ngalah, ngalingi marang sipingging.

* *

Sarèhné makaten, ingrikoe tijang ingkang roemaos pinter waoe, boten ngroemaosi bilih dipoen aling-alangi kabodoanipoen; pramila ladjeng sangsaja andadra anggènipoen gineman ngantos sangsaja katah lan warni-warni, ananging boten mentjok dateng raos, boten pratitis, wor-soeh, toena doengkap anggènipoen angetjoepi. Saking mempengipoen, prasasat boten kenging dipoen selani ginemipoen. Ingkang kaginem ingkang élok-élok, ingkang kakinten andadosaken goemoenipoen ingkang mireng. Déné ingkang sampoen mangretos saestoe, sarèhning sampoen waskiتا (saged njrapat), ladjeng ngawon. Liripoen „ngawon” ingriki poenika: boten adamel tjoewaning tijang ingkang gineman ing-

(4) Pengoeng = bodo = baliloe. Nglegéwa = ngraos = nggraita. Ngahdar-andar = katah-katah. Kandané ora kaprah = ingkang kaginem boten roentoet kalijan lampahing pangoedi. Langka = ingkang mokal-mokal. Pingging = bodo.

kang kaṭah-kaṭah waoe, malah ngatingalaken senengipoen nampi piwoelang. Manawi wonten kelinta-kelintoenipoen ingkang gineman, ing lahir toewin ing batos paring pangapoenten. Mandar ing sasaged-saged manawi wonten ingkang kelintoe ladjeng kasamoen moerih katingala leres.

5.

(၁၅) မြန်မာအမျိုးသမားမှုပေါင်းဆုံးမှုများ^(၁) မြန်မာအမျိုးသမားမှု
မြန်မာအမျိုးသမားမှုပေါင်းဆုံးမှုများ^(၁) မြန်မာအမျိုးသမားမှု
မြန်မာအမျိုးသမားမှုပေါင်းဆုံးမှုများ^(၁) မြန်မာအမျိုးသမားမှု
မြန်မာအမျိုးသမားမှုပေါင်းဆုံးမှုများ^(၁) မြန်မာအမျိုးသမားမှု

Mangkono ngèlmoe kang njata, sanjatané moeng wèh resepung ati ; boengah ingaranan tjoebloek, soekèng tyas jèn dèn ina, Nora kaja si poenggoeng anggoeng goemoenggoeng, oegoengan sadina-dina. Adja mangkono wong oerip.

* * *

Tijang ingkang ngèlminipoen sampoen njata (anggajoeħ dateng njatanipoen) wontenipoen namoeng welas-asih sarta adamel seneng dateng manahing sanès; babar pisan boten nijat damel sakserik poenapa déné ngoenggoel-oenggoelaken badani-poen. Sanadjan pijambakipoen dipoen ina sarta kawastanan tijang tjoebloek, inggih boten gadah manah sakserik. Déne ingkang taksih soewoeng, sarèhning ingkang karaosaken namoeng oebaling *angen-angen* kalijan *hawa nafsoe*, temahan Iadjeng dados tijang oegoengan. Liring oegoengan makaten boten namoeng ateges „onggrongan“ kémawon, nanging ateges tansah ngoedja dateng *hawa nafsoenipoen*, (ndoeroesi ingkang dados pakarmanipoen). Dados ingkang dipoen oegoeng *angen-angenipoen*

(5) Ngèlmoe kang njata = tijang ingkang ngèlmoenipoen sampoen dasos. Anggoeng = tansah. Goemoenggoeng = koemedah-kedah dipoen oedja (angen-angen toewin 'nafsoenipoen). Sadina-dina = sadjeg gesang, sarta boten wonten pedotipoen.

kalijan *nafsoenipoen*. Temahan noewoehaken watak *goemedé* toewin *mélikan*. Ingrikoe ingkang nganggit serat Wédatama paring pènget: ngagesang sampoen ngantos makaten. Awit ingkang makaten poenika kapitoenèn ingkang sakalangkoeng ageng, gesangipoen dados risak, kendih déning pakartining *angen-angen* toewin *hawa nafsoe*.

6.

(*ယုခိုစာပန်းများတွင်*⁽⁶⁾ ရအောက်ဖြင့်မှတ်တဲ့
ယုပါး၊ အာမိုက်ကျော်များ၊ မိန္ဒာ့ကိုယ်ကျော်၊ ကျော်လိုပါး
မိန္ဒာ့ကိုယ်ကျော်၊ ပို့ကျော်များ၊ ပြုမှုရာများ၊
မှုများ။ (

Oeripé sapisan roesak, nora moeloer nalaré ting saloewir, kadi ta goewa kang siroeng, sinerang ing maroeta, goemarenggeng anggereng anggoeng goemroenggoeng, pinda padané si moeda, prandéné paksa koemaki.

Manawi rinaos ingkang saëstoe, tijang ingkang makaten poenika saëstoenipoen gesangipoen memelas. Soekmanipoen kados kakoeroeng ing goewa ingkang peteng. Liripoen: peteng toemrap Kasoenjatan, amargi boten oelah nalar lan boten masésa hawa nafsoe. Petenging nalar katarik gagasanipoen pating saloewir. Oepami badanipoen wađag minangka goewa, petenging nalaripoen kaoepamèkaken petenging goewa. Salebetung goewa swaranipoen goemroenggoeng oetawi oemjoeng, amargi kaserang geeter saking djawi. Amargi lawanging goewa tansah menga;

(6) Tijang ingkang ngoedja oebaling *angen-angen* jan hawa nafsoe gesangipoen wonten ing alam donja sapisan poenika manggih kapitoenèn, boten pikantoek *oeloering nalar* malah gagasanipoen angambra-ambra (boten ening toewin ènget dateng *Gesangipoen*). Siroeng=singoeb (inglebet peteng). Sinerang ing maroeta=katempoeh ing angin. (Liripoen: boten mepeti pantja drija). Pinda=kaoepamèkaken. Moeda=enèm.

(pantja drija nampèni gegeter saking sadjawining badan). Goemroenggoenging swara salebetung goewa inggih poenika oemjoenging gagasan warni-warni; sanadjan oemjoeng waoe boten kapireng ing karna, nanging sadjatosipoen oemjoeng ingkang sakelangkoeng sanget. Dados tijang ingkang gesangipoen risak (nalaripoen boten moeloer, gagasanipoen pating saloewir) poenika Soekmanipoen kakoeroeng ing pepeteng ingkang swaraniipoen oemjoeng. Soekma ingkang taksih ringkih kapindakaken Soekma ingkang taksih aném, ingkang dèrèng saged masésa dateng *angen-angen* toewin *nafsoenipoen*. Angen-angenipoen boten poeroen kawasésa, malah ambek koemratoe-ratoe (koemingsoen).

7.

(*हिंसिव अग्नि वायवा*)⁽⁷⁾ *बाययु अमादिक्षिणी युक्ति*
मीं अंगिर्ण्णं वासिम्यर्ण् वायुमिहीं गाया दायीं आशीं
गायाग्न्यं घटायाय्यर्ण् श्रीं यासीं शेषा अग्न्या एषा वा मा
पृथ्वी वा गायायुक्ति (

Kikisané moeng sapala, palajoené ngendelken jajah wibi, bangkit toer bangsaning loehoer. Lah ija ingkang rama, balik sira *sarawoengan* baé doeroeng, mring atining tata krama, nggon-anggon agama soetji.

Kalimrahánipoen para nénéman ingkang ambeg goemoeng-goeng poenika andel-andelipoen doepèh para leloehoeripoen sami linangkoeng, kados ta: rama iboe, éjang, boejoet, goeroe,

(7) Andel-andelipoen namoeng rêmeh kémawon. Palajoené=tog-togané. Ngendelaken jajah wibi=Nanoeng soeméndé dateng leloehoeripoen ingkang dipoen soengkemi (pijambakipoen pijambak dèrèng njata, malah mèmper kémawon dèrèng, amargi dèrèng ngraosaken sakedik-kedika dateng sadjatosing kasoesilan). Ingkang nama *sarawoengan kalijan atining tata krama*, inggih poenika: sampoen angenjami dateng *Rosing Raosipoen sadaja doemados*, inggih poenika raosing Kasoetjian, ingkang moerni, ingkang boten kamomoran ing angen-angen lan nafsoe. Ingkang nama *anggèn-anggèning agama soetji* poenika, inggih anggènipoen *manggoeng ènget* dateng raosing Kasoetjian ingkang sampoen dipoen kenjami.

poenapa déné Nabinipoen. Inggih sanadjan jektosa pisan bilih pepoendènipoen poenika bangkit toer bangsaning ngaloehoer, nanging paédahipoen poenapa toemrap pijambakipoen, manawi pijambakipoen boten saged nglampahi kados leloehoeripoen waoe. Para loehoer Djawi saëstoenipoen kañah ingkang moempoeni dateng kawroeh Kasoekman, sarta sampoen angregem (anggajoeh) dateng *Kasoesilan Batos*, oepaminipoen : Raos bekti toewin panalangsa dateng Pangéran, tansah ngawasaken dateng awon saéning tindak salebetung batosipoen pijambak. Makaten poenika ingkang nama *Sadjatosing kasoesilan*. Ananging toemrapipoen para aném ingkang goemoenggoeng dèrèng padjapadja anggajoeh dateng sadjatosing kasoesilan (kasoesilan batos). Sampoen malih ingkang nggajoeh, sasrawoengan kémawon dèrèng. Déné katitikipoen bilih dèrèng srawoengan (dèrèng naté ngraosaken) dateng sadjatosing tatakrami, inggih poenika anggènipoen goemoenggoeng. Ing mangka raosipoen tijang ingkañg goemoenggoeng boten *panggih-pinanggih* kalijan atining tatakrami (Kasoesilan batos). Menggah atining tatakrami poenika agem-agemaning para loehoer, inggih oegi ingkang kawoelangaken déning agami soetji.

8.

(၁၂) မြန်မာနိဒါနပုဂ္ဂနီဘဏ်၊^(၈) နိမာရောကမာရွှေစာအမာရာ
မာနီ၊ ယချုပ်များမှာ ယူလျှော့ယူယျ မှတ်တရနိမားမာရာများ
မှာ ဖြေဆုံးမှာ မြန်မာနိဒါနပုဂ္ဂနီဘဏ် မာ ပူ အ ပို မာ သာ
ပြနိဘဏ် မှာ သာ မှာ မြန်မာနိဒါနပုဂ္ဂနီဘဏ်။

Sotjaning djiwangganira, djer katara lamoen potjapan pasti, loemoeh asor koedoe oenggoel, soemengah sesongaran. Jèn mangkono kena ingaran katoengkoel, karem ing rèh kaprawiran; nora énak ikoe kaki.

* * *

(8) Sotja = tjiri = tjatjad. Djiwangga = Djawa kalijan anggo. Soemengah = goemedé. Sesongaran = mamèraken kalangkoenganipoen. Ketoengkoel = karem lan kèrem. Karem ing rèh kaprawiran = djoebrija, ngegoengaken sarira, temahan ngatingalaken kelangkoenganipoen.

Tjatjading wawatekaning tijang poenika saged katitik wonten ing nétya, pasemon, solah, ginem lagoening swara sp. Poenika pratandha bilih ing Djiwangganipoen teksih wonten tjiri (tjatjad), ingkang ladjeng dados panitikan bilih dèrèng njarawoeng (ngraos dateng sadjatosing kasoesilan). Patitikipoen bilih dèrèng njarawoeng kalijan atining tata krami, inggih poenika: remen bantah, loemoeh kasoran. Ingkang dasar gađah kalangkoengan inggih ngatingalaken kalangkoenganipoen, kados ta: kawaspadanipoen, kasektènipoen toewin sanès-sanèsipoen bangsaning daja aloes. Ingkang makaten poenika sadjatosipoen malah kosokwangsoel kalijan *Kasoesilan dateng Pangéran* (Bakti), djer ing ngrikoe angen-angenipoen sadjak madeg dados Pangéran, mangérani djagadipoen doepèh mengkoni pantjadrijanipoen. Ingrikoe angen-angen ladjeng ngaken Pangéran. (Ing pawajangan kagambar Baṭara Goeroe). Kamareman ingkang makaten poenika boten mitadosi boten adamel katentreman ingkang langgeng. Toemrapipoen ingkang bekti dateng Kasoenjatan, inggih boten sakéjtja (ora énak).

9.


ᬸ ଅତିକିର୍ଣ୍ଣାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ⁽⁹⁾ ଆହୁର୍ମାଣାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ
ଶ୍ରୀମଦ୍ଭଗବତପ୍ରକାଶକାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ ଶ୍ରୀମଦ୍ଭଗବତପ୍ରକାଶକାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ
ଶ୍ରୀମଦ୍ଭଗବତପ୍ରକାଶକାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ ଶ୍ରୀମଦ୍ଭଗବତପ୍ରକାଶକାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ
ଶ୍ରୀମଦ୍ଭଗବତପ୍ରକାଶକାନ୍ତିର୍ମାଣାର୍ଥୀ

Kekerané ngèlmoe karang, kakarangan saking bangsaning gaib, ikoe borèh paminipoen, tan roemasoek ing djasad, amoeng anèng sadjabaning daging koeloep. Jèn kapengkok pantjabaja, oebajané mbaléndjani.

(9) Kekeran = sorogan. Ngèlmoe karang = ngèlmoe sikir. Kekarangan = dapoekan = rakitan. Gaib = ingkang boten kasat mripat. Kapengkok ing pantjabaja = mañggih pakewed dadakan. Oebajané baléndjani = dajanipoen tjabar (boten mitadosi).

Pramila boten sakéjtja (boten andajani dateng katentreman), awit poenika namoeng *ngèlmi karang* (*ngèlmi sorogan*). Menggah kadigdajan, kanoeragan sapanoenggilanipoen, poenika sorogani-poen (oenderanipoen) rerangkèn saking daja aloes. Dapoekan saking kakijataning badan-badan aloes moedjoedaken kadigdajan. Tarkadang saking dajaning sedèrèk sekawan, terkadang saking pitoeloenganing bangsa aloes sanèsipoen. Kakijatanipoen ingkang makaten poenika boten saged langgeng, kénging kaoepamèkaken namoeng kados borèh. Borèh poenika namoeng wonten sadjawining koelit. Liripoen: *ngèlmi karang* poenika boten andajani kasantosan langgeng. Pramila boten mitadosi; boten antawis lami saged tjabar. Terkadang dipoen tjabaraken déning sanès, tarkadang tjabar déning pratingkahipoen pijambak déning nerak angger-anggering Leres (nerak angger-anggering Kasoetjian).

10.



Marma ing sabisa-bisa, babasané moeriha tyas basoeki; poeroeita kang patoet, lan traping angganira. Ana oega angger oegeiring kapraboen. abon-aboning panembah, kang kambah ing siang ratri.

* *

Djalaran saking poenika, ingkang preloe kaoedi poenika : *ngèlmoë wiloedjeng*. Liripoen: Tékadipoen ngoedi kaaloesan poenika sengsema dateng Boedi Rahajoe. Soekoer bagé: moedji

(10) Marma = moelané. Tyas basoeki = ati slamet. Poeroeita = magoeroe. Poeroeita kang patoet = magoeroe roemeksaning gesang (boten anggegoeroe kadigdajan) = magoeroe matrapaken badanipoen (b. pamikir b. pangraos manah toewin b. wadag). Angger oegeiring kapraboen = wawatoné sipat Kapangéranan toewin wawaton panembahing badan-badan dateng Pangéran.

rahajoening djagad. Dajaning-boedi rahajoe poenika adamel rahajoening Djiwa raga sarta saged njawabi tetijang ing sakiwa tengenipoen. Pramila manawi soemedja poeroeita, inggih boten megoeroe kadigdajan ananging poeroeita angger-anggering rahajoe, moerih saged roemeksa ing gesangipoen. Antjasing poeroeita soemedja mangretos „*kados poendi*” patraping badanipoen (badan aloes lan b: kasar toemrap ing Djawanipoen.) Djawanipoen manoengsa poenika ingkang kedah kaenoet sapangrèhipoen. Angger-anggering panembah dateng Goesti poenika inggih wonten. Inggih „angger-angger” poenika ingkang preloe dipoen goerokaken. Manawi sampoen ngretos dateng angger-anggering gesang ladjeng kanggé ing salami-laminipoen (éndjing sonten, sijang daloe) boten mawi watesan. Terangipoen: boten mawi katemtoean, kadosta: 40 dinten 100 dinten oetawi semanten taoen.

11.

(**ଶ୍ରୀ** ଯିନ୍ଦ୍ରାଜାନ୍ତିକା ଏଣ୍ଟମାରାନ୍ତିକା) ⁽¹¹⁾ ପାହାଯବାର୍ଷିକାମାନ୍ତିକା
ଏବଂ ଶ୍ରୀଜାପାଞ୍ଚିନ୍ଦ୍ରାଜାନ୍ତିକା ମାହାବାର୍ଷିକାମାନ୍ତିକା ଅର୍ଥାତ୍
ଶ୍ରୀଜାପାଞ୍ଚିନ୍ଦ୍ରାଜାନ୍ତିକା ଏଣ୍ଟମାରାନ୍ତିକା, ଶ୍ରୀଲକ୍ଷ୍ମୀକାନ୍ତିକା, ଶ୍ରୀଲକ୍ଷ୍ମୀକାନ୍ତିକା
ଏବଂ ଶ୍ରୀଜାପାଞ୍ଚିନ୍ଦ୍ରାଜାନ୍ତିକା ।

Ikoe kaki takokena, marang para sardjana kang martapi, mring tapaking tepa toeoes, kawawa nahen hawa. Wroehanira moeng-goeh sanjataning ngèlmoe, tan mestì nèng djanma wreda, toewin moeda soedra kaki.

* * *

Wawaton panembah dateng Pangéran poenika ingkang preloe dipoen soewoenaken keteranganipoen dateng para sardjana ingkang gentoer kasoetapanipoen. Inggih poenika ingkang

(11) Takokena = njoewoena piwoelang. Sardjana = tijang terang ing Boedi. Martapi = ngerèh dateng angen-angen toewin napsoenipoen = oelah semadi = ngegoengaken dajaning Djiwanipoen kanti neloekaken badan-badanipoen. Tapak = patilasan. Tepa = toeladan = paseksèn. Toeloes = lastantoen (lana). Wreda = sepoeh. Moeda = enèm.

saged masésa badan-badanipoen (kasar-aloes) karoentoetaken kalijan angger-anggering gesang. Poenika ingkang netepi tapa ingkang leres, oetawi tapa ingkang *tanpa pedot*, boten mawi wangenan, ingkang njata: wonten patilasanipoen lestantoen. Liring lestantoen: boten njalèwèng noeroeti kadjenging angen-angen (goemedé) toewin kadjenging nafsoe (pakareman). Dados tetep koewawi njandet hawa nafsoe. Menggah tapak oetawi patilasanipoen sardjana ingkang makaten ateges panitikan bilih kawroehipoen sampoen njata, kaboehti wonten ing mentesing pangandika, rahajoening beboedèn, gesanging oedjwala, pasadjaning solah bawa, saéning padatan poenapa déné anggènipoen saged andajani *karahajon* toewin *kasoetjian* dateng wewengkonipoen. Menggah saëstoenipoen soedjanma ingkang makaten boten dinuemèh sampoen sepoeh raganipoen. Terkadang saged oegi ingkang taksih timoer. Kadjawi poenika, boten doepèh loëhoer pangkatipoen; saged oegi tijang alit, ingkang boten gadah pangkat.

12.

ମହାକୁଣ୍ଡଳୀ ପାଦରୂପିଣୀ⁽¹²⁾ ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ
ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ
ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ ପାଦରୂପିଣୀ

Sapa ntoek wahjoening Allah, gya doemilah mangoelah ngèlmoe bangkit, bangkit mikat rèh mangoekoet, koekoetaning Djwangga. Jèn mangkono kena sineboet wong sepoeh, liring sepoeh sepi hawa, awas roroning ngatoenggil.

* * *

(12) Wahjoening Allah = Sihing Allah. Doemilah = padang. Bangkit mangoelah ngilmoe = bahoed nata toewin ngrakit kahaloesanipoen. Bangkit mikat = saged narik. Bangkit ing rèh mangoekoet = boten djigoeh anggèning mapanaken raosipoen pijambak dateng telenging Batos. Koekoetaning Djiwangga = pangiroeping daja kekijatan ing badan aloes toewin badan kasar dateng ingkang Mengkoe.

Sinten ingkang tinarboeka sanadjan dèrèng sepoeh ragani-poen, sanadjan tijanga soedra, Raosipoen pađang sarta wening: ingrikoe saged kadjengipoen pijambak (boten sarana kawoelang) dateng patrap pangrakiting raos-pangraos doemoegi ing dadosipoen. Mangretos saking kadjengipoen pijambak dateng panata-ning pantjadrija, moerih boten toempang soeh. *Saged* poenika amargi *katoentoen déning raosipoen pijambak*. Raosipoen pijambak ingkang noentoen waoe sajektosipoen daja kekijatan saking Pangéran (Pribadinipoen = Djawanipoen). Kasagedan ingkang makaten poenika anggènipoen nindakaken samangsa-mangsa ing nalika semadi. Selebeting semadi njoepékaken raosing pantjadrijanipoen (raosing pantjadrija boten dipoen opèni,) déning mindeng meleng toemoedjoe dateng Pribadinipoen, ngantos raosing pantjadrija *boten wonten*. Poenika katemboengaken „*ngokoed*“ pantjadrija. Pramila katemboengaken *ngokoed* (boten njirnakaken), amargi boten *kétjalan* pantjadrija. Liripoen: pantjadrija namoeng kèndel boten makarti. Déné sababipoen boten makarti, amargi: daja kekijataning Gesang ingkang soewaoe anggesangi (makartékaken) pantjadrija, ing wekdal poenika boten makartékaken pantjadrija, djalaran ngempal wonten raos Kasoekman. Manawi daja Gesang ingkang nggesangi pantjadrija waoe sampoen ngempal wonten *ingkang mengkoni pantjadrija (angen-angen ingkang sampoen aloes)*, saking ngrikoe kakem-palaken malih dateng *ingkang mengkoe* saliring raes-pangraos. Makaten poenika katemboengaken „*Koekoetaning Djwangga*“. Tijang ingkang sampoen saged makaten kawastanan neteni sa-djatosing sepoeh. Ingkang sepoeh: Djawanipoen. Tanda jektinipoen bilih Djawanipoen sampoen sepoeh, inggih poenika anggènipoen ageng dajanipoen, saged nelookaken dajaning angen-angen, pangraos (nafsoe) toewin pantjadrija. (Boten kok: angen-angen, pangraos toewin pantjadrija *itjal* oetawi *pedjah*, nanging . . . pakartinipoen manoet pangréhing Djawa, boten nganggé kadjengipoen pijambak. Tijang ingkang sampoen saged makaten saëstoe sampoen saged milah - milah ing noenggil - misahipoen *angen-angenipoen* kalijan Djawanipoen. Kalih warni waoe ingkang poendi ingkang nama „*Pijambakipoen*.“ Manawi sampoen terang dateng pepilahan kalih warni waoe, liripoen saged ngrasakan kanji kaaloesaning Raos, saged waspaos kanji paningal

batos poenapa déné boten djigoeh dateng pangrakit toewin pangoekoedipoen, poenika katemboengaken „*Awas roroning ngatoenggil*”.

13.

(၁၃) ဘဏ္ဍာဆုတ်ပရ်၊ ခိုက်မျှနာရီ၊ (၁၃) မိန္ဒာရီယပ်များ၊
ဘဏ္ဍာ၊ မိန္ဒာရီယပ်များ၊ ပထာဏ်သာရီ၊ အောင်မြန်မာ၊ မြန်မာနှစ်
မိန္ဒာရီယပ်များ၊ မိန္ဒာရီယပ်များ၊ မြန်မာနှစ်မိန္ဒာရီယပ်များ၊ မြန်မာနှစ်
မိန္ဒာရီယပ်များ၊ မြန်မာနှစ်မိန္ဒာရီယပ်များ၊ မြန်မာနှစ်

Tan samar pamoring Soekma, sinoekma ja winahja ing ngasepi, sinimpen telenging kalboe. Pamboekaning waana, tarlèn saking lijep lajaping ngaloejoep, pinda pesating soepena, soemoesoeping rasa djati.

* * *

Awas (boten samar) poenika boten amoeng toemrap *peplahipoen* kémawon, oegi toemrap *panoenggilipoen*. Tegesipoen awas oetawi boten samar poenika boten namoeng tjeṭaning tingal, kémawon, nanging oegi kapétang dalah *kandasing Raos*, poenapa déné *teranging pangretos*.) Tetiga poenika — tjeṭaning tingal, kandasing Raos, teranging Pangretos — ingkang ge-goeletan dados satoenggal kawastanan PRAMANA, tegesipoen: terang saterang - terangipoen toemrap *tingal, raos sarta pangretos*. Dados, soedjalma ingkang saged makaten inggih sampoen tamtoe *Pramana* toemrap pepilahan kalih inginggil waoe. Soedjanma ingkang makaten boten samar (*Pramana*

(13) Tan samar = boten kelintoe, boten bingoeng, boten semang = ngretos terang. Pamoring Soekma = saged ngraosaken kanti tjeta bilih pijambakipoen poenika Soekma (boten nāmoeng panganggep). Sinoeksmaja = binesoet = sinaring. Ingasepi = sirnaning panggagas (pangangen-angen). Telenging kalboe = telenging batos. Pamboekaning warana = pamijaking aling-aling. Tarlèn = boten sanès (boten ndjawi). Lijep = setengah mefem. Lajap = satengah èngét. Loejoep = ing salebetung soepé sakedap. Soemoe-soep ing Rasa djati = mandjing ing Raos Djati = loeloeh ing Raos Djati.

dateng Pramana-nipoen pijambak. Pijambakipoen ladjeng ngraos dados Sang Pramana, amargi sampoen pramana. Ingkang makaten poenika asring katemboengaken sampoen saged adjoe-menengaken Pramana-nipoen. Oetawi ketemboengaken sampoen noenggil kalijan Hjang Pramana. Menggah sagedipoen kaleksanan poenika boten sanès namoeng bilih anggènipoen semadi saged këndel sajektos. Boten namoeng këndeling badan wađag oegi këndeling angen-angen kalijan nafsoe (Boten anggagas poenapa-poenapa), namoeng meleng (ngèngeti satoenggal), lastantoen, lan boten gojang boten katileman — sarana pirantos ingkang kawastanan „*Salat Daïm*”, — ingkang ingadjeng kawastanan „*abon-aboning panembah*” kang kanggo ing sijang ratri, — ingkang perloe kagoerokaken. Pakarti ingkang makaten poenika kénging kaoepamékaken *njaring* oetawi *ambesoet* kahaloesanipoen pijambak ing salebetipoen sepen (sirnaning gagasan). Dados, sagedipoen kawahja (kaboeka katjetà) poenika namoeng bilih *SinoeksJAVA* (sinaring, binesoet) wonten ing mangsa kala *sepen* saking roebédaning angen-angen, nafsoe toewin pantjadrija. Manawi sampoen saged makaten, poenika sampoen nama saged anggajoeh Kawroeh Kabatosan, temboengipoen Arab: Makripat. Tegesipoen „Kawroeh” poenika: angsal-angsalaning *meroehi*. Angsal-angsalan waoe ladjeng teroes kasimpèn, sarta boten bađé itjal-itjal salaminipoen. Wonten poendi anggènipoen njimpen? Wonten ing Telenging Batosipoen (ingkang mengkoe saliring raos-pangraos ing ḋađanipoen).

Nalika taksih wonten ing alaming angen-angen ingkang aloes poenika asring ladjeng priksa kaèlokan warni-warni, wonten ingkang nengsemaken sanget, wonten ingkang mbingoengaken, wonten ingkang nggegirisi oetawi ngoewatosi, makaten oegi raosing manah, tarkadang karaos sengsem tarkadang kerantara, tarkadang melas sanget dateng raganipoen tjekaki-poen warni-warni sanget, ingkang dajanipoen adamel *kagèt*, damel *soepé*, toewin adamel *kèrem*. (Sadaja poenika sadjatosipoen boten sanès inggih gegeteripoen pijambak ingkang doe-mados wonten ing kahaloesan). Amargi saking poenika, sarananiopoen moerih saged lestantoen (boten tjabar) poenika namoeng kedah ngoelinakaken ngresiki gagasan sarana salat Daïm toewin anglelantih nggolongaken tjipta. Reribed ingkang kaseboet ing

nginggil waoe sadaja, wonten ing alam kaaloesan ingkang ngaling-alangi PRAMANA. Pamijaking aling-aling sarana: mripat satengah merem (lijep) sarta satengah ènget satengah boten (lajap-lajap) toewin kesoepèn sakedap (loejoep) kados déné ketjlaping tijang ngimpi. Menggah padamelan ingkang makaten poenika saëstoenipoen dédé padamelaning *angen-angen*, *nafsoe* toewin *pantjadriyanipoen* ingkang oelah semadi, nanging sajektosipoen daja pakartining Djiwa ingkang sampoen boten karoebeda ing rasoekanipoen. Angen-angen toewin pangraos (ingkang sampoen aloes) waoe namoeng nglawèhi dateng pakartining Djiwa. Anggèning *loejoep* poenika raosipoen mak-galijer : soepé sakedap, nanging poenika soepéning *angen-angen* déning saweg kairoep ing Djawanipoen; dados ing wekdal poenika sanadjan wonten ingkang soepé, nanging wonten ingkang tansah ÈNGET. La „pijambakipoen” poenika ingkang soepé poenapa ingkang Ènget? Njoemanggakaken.

14.

Sadjatiné kang mangkana, woes kakenan noe grahaning Hyang Widi; bali alaming ngasoewoeng, tan karem karaméan; ing kang sipat wisésa winisésa woes, moelih moela - moelanira. Moelané wong anom sami:

* * *

Manawi ingkang semadi waoe saged Pramana, biih „pijambakipoen” poenika tansah ènget (boten naté soepé) poenika pratanda sampoen *noenggil raos* kalijan ingkang mengkoe sa-moedajanipoen. Wataking Djiwa poenika tansah *noenggil* kalijan

(14) Kang mangkana = sagedipoen kaleksanan makaten. Woes kakenan = sampoen awor (noenggil). Noegrahaning Hyang Widi = Sihing Pangéran. Ngalaming ngasoewoeng = soewoeng ingkang amengkoe wonten. Tan karem karaméan = sirep hawa nafsoenipoen, wening boedinipoen, lerem pantjadrijanipoen, tentrem raosipoen = sepen saking sakatahing kamélikan. Moela-moelanira = sangkané = asalé.

Ingkang Maha Toenggal, kados déné soroting soerja kalijan soerjanipoen. Djiwa ingkang anggesangi satoenggiling badan (tijang) kénging kaoepamèkaken soroting soerja ingkang ngoroti satoenggiling woedjoed, moerih woedjoed waoe katingal (karaos) ladjeng kaseksèn déning Ingkang Maha Toenggal, bilih woedjoed waoe WONTEN. Dados „wonten“ poenika tegesipoen *katingal* oetawi *karaos* oetawi *doemadi* oetawi kaseksènan déning *Ingkang Esa*. Sarèhné makaten, pijambakipoen sampoen poelih djoemeneng Ingkang neksèni, inggih poenika *Ingkang Maha Wonten*. Dados boten bali dateng „soewoeng“, malah dateng MAHA WONTEN. Inggih leres soewoeng, nanging tegesipoen soewoeng saking sesoelapan ingkang goemelar. (Ingkang mastani soewoeng poenika : ingkang doemados. Ingkang andoemadosaken mastani ANA. Inggih sampoen temtoe ingrikoe boten wonten karaméan awit saliring karaméan ing djagad poenika *saking ngrikoe* pinangkanipoen. Ingrikoe poenika teteping *Kaenengan*. Kaenengan poenika mengkoe saliring ébah-ébahan. Angen-angen ingkang masésa djagadipoen sampoen kawasésa, tegesipoen sampoen kawengkoe sarta kedajan (kesorotan). Ingkang sipat wisésa poenika inggih daja kakijataning angen-angen loehoer, oegi ingkang kaseboet Soekma oetawi Hyang Wisésa. Poenika anggènipoen misésa djagad saisèn-isènipoen (djagadipoen pijambak) tansah kedajan déning Pangéran. Sarèhné makaten mobah molahipoen manoet pangréhing Pangéran (manoet sir ingkang resik), wasana mahanani wiloedjenging gesangipoen ing lahir toewin ing batos. Makaten poenika preloe katélad ing sasaged-sagedipoen déning para anèm, moerih saged roemeksa ing gesangipoen.

II.

၁၃၅၈၁

15.

(၁၅) နှယ်သမာန္တရာ၊ အ(မြေပါမီစုံ၊ အမျှနှုန်း၊

(15) Ngèksi ganda = Mataram. Kangdjeng Goesti panembahan Sénapati poenika ingkang noeroenaken para ratoe ing tanah Djawi. Karjénak = karja énak = damel sakétja.

ଥୁବୁଳାଙ୍କ ହିନ୍ଦୁରୀଙ୍କ ପାଇଁ ପାଇଁ ଯାଇଁ ଯାଇଁ ଲାଗାଇଁ ହିନ୍ଦୁ ଅମ୍ବ
ହିନ୍ଦୁ ଯାଇଁ
ଅମ୍ବହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ ହିନ୍ଦୁ

Noelada lakoe oetama; toemrap ing wong tanah, Djawi, wong agoeng ing Ngèksi ganda, Panembahan Sénapati, kapati amarsoedi, soedaning hawa lan nafsoe, pinesoe tapa brata tanapi ing sijang ratri, amamanqoen karjènak tyasinq sasama.


16.

Samangsané pasamoean, mamangoen marta martani, sinambi ing saben mangsa, kala - kalaning ngasepi, lalana tèki - tèki, nggajoeh géjonganing kajoen, kajoengjoen eningting tyas, sanityasa pinrihatin, poenggoeh panggah tjegah dahar lawan néndra.


*

Toemrapipoen bangsa kita Djawi, ingkang sajogi katoelad inggih bangsa leloehoer Djawi, kados ta: Kangdjeng panembahan Sénapati ing Metaram. Ingkang preloe kairib-irib inggih poenika anggènipoen njirep oebaling hawa nafsoe. Awit Kangdjeng panembahan Sénapati waoe, sanget anggènipoen marsoedi soedaning hawa nafsoe. Pandjenenganipoen tansah ngegoengaken tapa brata kanṭi amesoe boedi. Sijang daloe tansah éngan

(16) Pasamoean = kekempalan ngrembag karja negari oetawa kaoetamèning pasadèrèkan. Mamangoen = ambangoen = amboedi. Mamangoen marta martani = ambangoen panggalih welas-asih, sageda njarambahì. Sepi = I sepensaking swara ing lahir, II sepen saking gagasan. Lalana = I tindak-tindak ing panggénan ingkang sepen, II oelah semadi. Téki-téki = Nggen-toer kasoetapan. (Neloekaken hawa nafsoe). Géjonganing kajoen = djoem-boehing karsa. Kajoengjoen = kasengsem. Kajoengjoen eningting tyas = goemolong goemeleng, tadjem djendjem, kados oeroeing dilah ingkang anteng (). Pinrihatin = nalangsa ing Batara. Poegoeh = santosa = kentjeng = mantep. Panggah = lana = lestantoen.

pamarsoedinipoen. Kadjawi ngegoengaken tapa brata, lampahipoen Kangdjeng Panembahan, ingkang preloe katélad, inggih poenika anggènipoen karsa damel seneng dateng manahing sanès Kados ta : manawi kaleres lelenggahan ing pasamoean, ingkang kagalih déning Kangdjeng Goesti waoe: namoeng angg nipoen saged damel seneng dateng para prijagoeng toewin para abdi-nipoen. Widji ingkang katanem salebetung galih: namoeng soemedya ambangoen kaoetamèning galihipoen, moerih kasinoengan panggalih ambek *paramarta*, ingkang ladjeng *njrambahi* (noelari, noeladani, andajani) dateng sadaja ingkang sami njelaki pandjenenganipoen. Kadjawi saking ngegoengaken para marta, ing kala mangsa asring njepenaken kamélikanipoen dateng kadonjan, noenten oelah poedja semadi (lalana dateng Gaib) ingkang antjasipoen andjoemboehaken Karsa. Karsanipoen Kangdjeng Goesti waoe kalaras (karoentoetaken) kalijan *Iradating Pangéran*, sarana *tadem djendjem* noedjoe dateng *Kaénéngean*. (Ing temboeng Sangsekrit kawastanan :  Anggènipoen nisihaken kamélikan (njepen) poenika namanipoen ing temboeng Sansekrit:  Salebetung lalana waoe adedasar panelangsa (sadja-tosing prihatin) nalangsa dateng Dat-ipoen pijambak. Wondéné lampah ingkang katingal ing kalairan, inggih poenika anggènipoen boten karsa dahar étja toewin saré sakétja. (Boten kok : sarira dipoen pisakit; nanging boten nganggeri dateng lapoeranipoen sarira ingkang wadag).

17.



(17) Méndra = ontjat. Wisma = I dalem, II raga. Lelana = I tindak saking dalem, II ontjat saking raga. Laladan sepi = I panggénan ingkang sepen ing wantji daloe, II raosing katentreman. Ngisep = ngraosaken. Sepoeh ing sopana = kawaskitan lan kawitjaksanan. Pana = terang = tjeta = pranawa. Pranawéng kapti = terang panampinipoen dateng Karsaning Pangéran. Tis-tising tyas marsoedi = lenging panggalih ngoedi. Mardawa = lampah aloes. Boedya toelöes = lastantoening pamarsoedi. Mesoe = ngesti = andjongka. Rèh kasoedarmen = oegering kaoetamèn. Nèng tepining djalanidi = priksa seganten djinem (alam kaaloesan) ingkang kanjatakaken ing tingal pramana; nanging dédé Kasoenjatan. Sroening Brata = awit déning teteping lampah Kataman wahjoe dyatmika = tinarimah saged doemoegi ing Kaenengan.

ନିବାସିଭୁଗ୍ରହିତମାପଣ୍ଟା । ଶ୍ରୀପାପ୍ରମାତ୍ରାଧାନ୍ତିକ୍ଷିଣୀ ଯଦିନିଷିଦ୍ଧି
ଅପ୍ରକଟିତ ଏବଂ ପରିପ୍ରେକ୍ଷଣାରେ କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା
ଏହିକିମ୍ବା ଏହିକିମ୍ବା ଏହିକିମ୍ବା ଏହିକିମ୍ବା ଏହିକିମ୍ବା ଏହିକିମ୍ବା ।

Saben méntra saking wisma, lalana laladan sepi, ngisep sepoehing sopana, mrih pana pranawèng kapti, tis-tising tyas marsoedi, mardawaning boedya toeës, mesoe rèh kasoedarmen, nèng tepining djalanidi. Sroening brata kataman wahjoe dyatmika.

Saben Kangdjeng Goesti mijos saking dalem, ladjeng tindak dateng papan ingkang sepen. Ingkang mestî : ing wantji daloe. Wonten ingrikoe ladjeng njepenaken saliring gagasan. Raosing panggalih goemolong goemeleng, toemoedjoe dateng Telenging Batos. Dados : Kabatosanipoen Kangdjeng Goesti Panembahan Sénapati lelana dateng laladaning Batos, ingkang *sepen* saking panggagas donja. Ingrikoe Kangdjeng Goesti ing Batos soemedya ontjat saking raga (wisma) amargi ingkang kadjangka : wisma ning Papañang, inggih poenika : Hyang Pramana. Ingkang nedya kagajoeh déning raosipoen Kandjeng Goesti (kaisep) pepadang Pramana, soepados troewatja panampining Raos dateng Karsaning Pangéran (meneges Karsaning Hyang Maha Soetji). Awit déning lestantoen pamelengipoen (stiti) sarta !estantoen pangolahipoen dateng Raos Kaaloesan poenapa déné santosa pangestinipoen dateng gegajoehan ingkang oetami ingrikoe kabatosanipoen Kangdjeng Goesti ladjeng nggajoeh pepadang ingkang oetami (Pramana). Terangipoen : Troewatja ing Tingal soemènteg ing Raos dateng kawontenanipoen saganten djinem. Narawanging Tingal Pramana poenika asring katemboengaken priksa dateng Noer boeat. Déne soemènteging Raos ingkang aloes asring katemboengaken tampil sasmitaning Djawata. Inggih djalaran sampoen netepi kasoetapanipoen waoe, ladjeng pikan-toek wahjoe - Kaênenêngan. Tampil wahjoe - Kaênenêngan (djatmika) tegesipoen : sampoen saged ngraosaken sajektos dateng Raosing *Eneng* ingkang boten kamomoran ing ébahing angen-angen toewin nafsoe.

Wikan wengkoning samodra, kéderan woes dèn ideri, kinemat kamot ing drija, rinegem sagegem dadi; doemadya angratoni, nenggih Kangdjeng Ratoe kidoel ndedel nggajoeh gegana, oemara marek maripih, sor prabawa lan wong agoeng Nqèksi qanda.

* * *

Sarèhné sampoen anggajoeh pađanging Pramana (Troewatja dateng alam kaaloesan tetiga, saged ngraosaken dateng *engesipoen* sagoeng doemados, poenapa déné mangretos terang dateng kawontenanipoen sadaja), ingrikoe kawontenanipoen djagad tetiga mandjing dados kawroehipoen Kangdjeng Goesti. Dajaning Kawroeh waoe (angsal-angsalaning meroehī), kadajan saking Pramana sami kémawon kalijan ngideri djagat tetiga, sampoen kawengkoe déning Hyang Pramana. Djembaring alam kaaloesan tetiga poenika namoeng *sagegem* biliń katimbang kalijan Ngèl-mining Pangéran. Awit kawroehipoen Djiwa poenika tanpa wates. Ing poendi-poendia sampoen dados Kawroehing Djiwa, ingkang djoemeneng ing Kaenengan, ingkang boten arah boten enggèn, ingkang mengkoe samoedajanipoen. Hyang Pramana poenika angratoni ratoening alam kaaloesan. Boten siwah

(18). Wikan = priksa = saged Pramana. Samodra = saganten = (alam kaaloesan). Dèn ideri = kapriksanan sadaja. Kinemat = karaosaken ngantos bebles (kandas). Kinemat kamot ing drija = engesipoen sampoen karegem ing Raos Sedjatos. Dadi sagegém = (sampoen katjepeng, karegem ing Raos). Angratoni Kandjeng Njai Ratoekidoel = (mengkoe dateng ingkang sipat Wisésa = mengkoe dateng ratoening pantjadrija). nDedel nggajoeh gegana= moemboel ing langiting djagad kaaloesan, ingkang pantogipoen' wonten ing Kaenengan.

kalijan soeraosing tetemboengan „Ingkang Sipat Wisésa : woes winisésa”. Awit ratoening kaaloesan sampoen kawengkoe ing Kaenengan (Kadjatmikan). Ratoening kaaloesan kaoepamèkaken sowan ngadepi, déning kasor prabawa.

Inginggil poenika panjoeraos manoet rarasing ngèlmi kabatosan. Boten gađah soeraos : Kangdjéng Goesti Panembahan Sénapati kepanggih kalijan Kangdjeng Njai Rara Kidoel, sarta boten ateges anggentosi djoemeneng ratoe wonten ing saganten kidoel ngendih kađatonipoen Njai Rara Kidoel, — poenika boten.

19.

(ग) या त्यक्ति वायति कृ० (१९) विष्वविक्षिया वाहन्ति अनु
कीयायत्वाविष्वकृ० वियवायामाक्षिक्षिपि० व्यञ्जक्षियत्वा
वाक्षिपि० विष्ववास्त्रिष्वकृ० च (प्रत्येक्ष्याविष्वकृ० व्यव
व्यञ्जन्त्याक्षिष्वाक्षिपि० एवाव्यामाक्षिक्षिप्त्याक्षिष्वकृ० (ग)

Dahat dènira aminta, sinoepeket pangkat kanti, djroning alam palimoenan, ing pasaban saben sepi, soemaṅgem anjanggemi, ing karsa kang woes tinamtoe ; pamrihé moeng aminta, soepangaté tèki - tèki, nora kétang teken djanggoet soekoe djadja.

Angen-angen ingkang loehoer = Tjipta ingkang sipat Wi-sésa sanget anggènipoen njenjadang Sihing Pangéran, moerih sagedipoen weroeh wineroohan. Awit manawi saged weroeh wineroohan, ladjeng saged netepi Rasoel'oellah (oetoesaning

(19) Sanget anggènipoen njenjadang Sih. Sinoepeket pangkåt kanti = pinidji dados oetoesan ingkang mitadosi. Djroning alam palimoenan = salebeting Gaib (salebetipoen semadi). Soemanggem anjanggemi = soemedya nindakaken wajib kanti karilan. Ing karsa kang wis tinamtoe = mitoeroet sir ingkang moerni. Pamrihé moeng aminta soepangaté tèki-tèki = panoe-woenipoen moegi tinarimah ing Pangéran anggènipoen semadi lan anggen-toer kasoetapan: Ora kétang teken djanggoet soekoe djadja = soemanggem dados ajahaning Pangéran sanadjan awrata kados poenapa.

Pangéran ingkang moempoeni saliring kasagedan, sarta ing saben oelah semadi saged nampi sasmitaning Pangéran (Sir ingkang soetji) toemrap „*Darmanipoen*” ingkang preloe katindakaken). Dados dajaning kasoetapan poenika wigatosipoen, soepados gesangipoen wonten ing djagad tetiga (Djanaloka, Hendraloka, Goeroeloka) dadosa oetoesaning Pangéran ingkang toemindak sarwa leres mitoeroet rëhing Pangéran. Ngagesang ingkang makaten poenika, netepi ingkang nama Gesang noenggil kalijan Pangéranipoen. Wasana mobah molahipoen mandjing dados panembah. Katemboengaken malih : sadaja pandamel ingkang linampaahan namoeng *karana Allah*, boten mawi pangadjeng-adjeng : kamélikan oetawi soemenggoeh. Sadaja pandamel, awrat èntènga, linampaahan boten mawi pangresoela.

Inginggil poenika panjoeraos mitoeroet raosing ngèlmi Kabatosan.

20.

ପ୍ରାଚୀନାବ୍ୟାକିପ୍ରାଯା⁽²⁰⁾ ରାଜୁ ଉତ୍ତରାଖିଦ୍ୱାରା ଅଣାଇଥାଏଇଲୁ ଏହାର ଅଣାଇଥାଏଇଲୁ ପ୍ରାଚୀନାବ୍ୟାକିପ୍ରାଯା ରାଜୁ ଉତ୍ତରାଖିଦ୍ୱାରା ଅଣାଇଥାଏଇଲୁ ଏହାର ଅଣାଇଥାଏଇଲୁ

Pradjandjiné abipraja, satoeroen-toeroené woeri. Mangkono trahing ngawirja, jèn amasah mesoe boedi, doemadya glis doemoegi, ija ing sakarsanipoen, wong agoeng ngèksi ganda, noegrahané prap-fèng mangkin, trah toemerah darahé pada wibawa.

未
未

(20) Abipraja = salaras. Trahing ngawirja = trahing ngaloehoer. Amasah mesoe boedi = temen-temen pangoedinipoen. Glis doemoegi = toemoenten tinarimah. Wong agoeng ngèksi ganda, noegrahané praptèng mangkin = K.P.S. ing Mataram kanoegrahanipoen doemoegi djaman sapoenika, inggih poenika : darahipoen sami wibawa.

Sintena ingkang sampoen saged ngraos dateng karsaning Pangéran sampoen tamtoe sakalangkoeng anggènipoen soemoengkem, nedya bélá Karsaning Pangéran kantri goemolonging manah lan goemolonging kakijatan sadaja. Awit, Karsaning Pangéran poenika sakalangkoeng loehoer lan moelja. Tijang ingkang gesangipoen toemindak mitoeroet kasoetjian, poenika saged noemoesi dateng toeroenipoen (Pikantoek adji widji), boten namoeng toemrap ing babagan kabatosan kémawon. Kasoetapan poenika oegi njawabi dateng kamoeljaning panggesangan toemrap toeroen-toeroenipoen. Kangdjeng Panembahan Sénopati poenika poetra wajahipoen sami wibawa trah-toemerah doemoegi sapriki. Makaten waoe saking gentoering kasoetapan dèdasar soemoengkem dateng Ingkang Maha Soetji.

Manawi kalaras saking kabatosan sadaja tijang poenika inggih sami trahing ngawirja. Awit, sadaja tijang poenika Djewanipoen saking ingkang Maha Soetji. Sinten ingkang tementemen pangoedinipoen — netepi angger-anggering Pangéran, angger-anggering Leres, wawatoning Kasoenjatan, = *Logica* — inggih tamtoe kaleksanan, awit Pangéran poenika Maha Adil, Maha Asih.

21.

唵 ॥ या षु बन्धि शो द्वया । अ॒ं या या न॒ष्टि क॒लि या ॥⁽²¹⁾ **ॐ**
म॒हि द्वा यु द्वा ॥ या षु त्रु यि त्वद् वा त्वि ॥ या षी न॒ष्टि या ॥
त्वि ॥ त्वि न॒ष्टि या षु त्रु यि त्वि ॥ यि वा न॒ष्टि या षी गा ॥ त्वद् वा त्वि
या षु त्रु यि त्वि ॥ वा षी न॒ष्टि या षु त्रु यि त्वि न॒ष्टि या ॥ **ॐ**

Ambawani tanah Djawa, kang pada djoemeneng adji, satrija dibja soembaga, tan ljan trahing Sénopati, Pan ikoe pantes cegi, tinélad labetanipoen, ing sakoewasanira, énaké lan djaman mangkin, sajektiné tan bisa ngepleki koena.

(21) Adji = ratoe. Dibja soembaga = misoewoer kadibjanipoen = klangkoenganipoen. Ing sakoewasanira = ing sasaged-sagedipoen. Énaké lan djaman mangkin = tjoendoekipoen kalijan djaman sapoenika.

Ingkang mengkoné tanah Djawi doemoegi sapoenika, poenapa malih ingkang sami djoemeneng nata, poenika boten sanès teñak toeroenipoen Kangdjeng Panembahan Sénapati. Para satrija ingkang misoewoer-misoewoer kadibyanipoen ing tanah Djawi inggih darah Sénapatèn. Toemrapipoen tijang Djawi, ingkang pantes katélad inggih lelabetaning K.P.S. Sarèhné tijang ing djaman sapoenika boten saged nggentoeraken kasoetapan kados tijang ing djaman kina, ingkang prajogi inggih namoeng kairib-irib ing sakoewasanipoen, djer boten saged oepami badé ngeplekana tjara kina.

22.

ପ୍ରମାଣିତ କାହାରୁ ଅଛି ଏହାରୁ ଆଜିରୁ ପ୍ରମାଣିତ
ଅଛି ଯାଏଇ କାହାରୁ ଅଛି ଯାଏଇ କାହାରୁ ଅଛି ଯାଏଇ
ଏଇ କାହାରୁ ଅଛି ଯାଏଇ ଏହାରୁ ଆଜିରୁ ପ୍ରମାଣିତ
ଆଜିରୁ ଏହାରୁ ଆଜିରୁ ଏହାରୁ ଆଜିରୁ

Lowoeng kalamoen tinimbang, ngaoerip tanpa prihatin. Nanging ta ing djaman mangkja, pra moeda kang dèn karemi, manoelad nélad Nabi, najakèng rad Goesti Rasoel, anggoeng ginawé oembag, saben saba mampir masjid, ngadjap - adjap moekdjidjat tibaning dradjat.

Sanadjan boten saged tapa kados tijang djaman kina, nanging inggih loewoeng manawi katimbang kalijan boten babar pisan. Kainan manawi ngagesang boten gađah prihatos, namoeng nglelema kawađaganipoen kémawon. Ewasamanten, para nénéman ing djaman sapoenika ingkang sami dipoen remeni: nélad lampahipoen K. N. Mohamad Rasoel'oellah (dados santri).

(22) Ngaoerip = tijang gesang. Djaman mangkja = djaman saiki (nalika panganggitipoen serat Wédatama). Anggoeng ginawé oembag = asring kadamel paméran. Séba = Séba ingarsanipoen ingkang sinoewoen. Ngadjap-adjab . . . sp. = ngadjeng-adjeng sp. (Ngemoe soeraos anggénipoen netepi saréngating agami adedasar kamélikan kadonjan).

Para abdi dalem manawi bađé séba ingarsanipoen Ingkang Sinoehoen, — (kala samanten) — sami mrelokaken dateng mas-djid roemijin; pangadjeng-adjengipoen toemoentena minggah pangkatipoen saking sawabing donga oetawi anggènipoen sembahjang (salat chadjat) Pangretosan ingkang saking kitab-kitab asring kadamel paméran.

23.

ପ୍ରମାଣ ହେଉଥିଲା ଏତିବ୍ୟାକୁ⁽²³⁾ ନାହିଁ ଅନ୍ୟଙ୍କରିତ କରିବାରେ ଯାଇଲା
ଏବଂ ଯାହା କରିବାକୁ ନାହିଁ ଏବଂ ଯାହା କରିବାକୁ ନାହିଁ ।

Anggoeng anggoebel saréngat, saringané tan dèn wroehi; dalil dalaning idjemak, kijasé nora mikani, katoengkoel moengkoel sami, bengkrakan nèng masjid agoeng; kalamoen matja koetbah, lelagoné dandanggendis, swara aroem ngoemandang tjéngkok palaran.

* * *

Anggènipoen nampi woelanganing Agami Islam ingkang kaṭah-kaṭah, pangretosipoen namoeng kèndel doemoegi ing saréngat. Boten saged ngraosaken dateng chakékatipoen. Anggèning maos Dalil kalijan Idjemak boten saged mangretos dateng kijasipoen (maksoedipoen) ingkang kawarahaken déning para Wali. Ingkang dipoen manah namoeng anggènipoen groedag-groedoeg sarta krampal-krompol dateng masdjid Anggènipoen nglampahi

(23) Anggoeng anggoobel saréngat, ingkang dipoen manah namoeng saréngatipoen kémawon = (letterlijk.) Saringané = kakékatipoen = maksoedipoen ingkang sadjatos. Dalil = toeladan pangandikanipoen Pangéran, ingkang kalahiraken ing basa Arab. Idjemak = warahing para sahabatipoen Kangdjeng Nabi. Kijas = piwoelangipoen para Wali oetawi Pandita. Matja koetbah = lezing (maos kitab wonten ing masjid, kapirekéringakatah.)

saréngating agami poenika sajektosipoen namoeng kanggé kassenengan, kados ta: ngraos bingah déning saged maos Koerän ingkang aroem soewaranipoen, oetawi sabab pasèh liðahipoen mèmper tijang Arab. Ananging sarèhning dasaripoen Djawi, sanadjan maosa Dalil oetawi Idjemak, nganggé lelagon tjara Djawi, ingkang sakétja kapirengaken ing pamireng Djawi, kados ta: lagon dandanggendis tjéngkok palaran poenapa malih jén soearanipoen aroem sarta ngoemandang wonten ing masjid.

24.

Lamoen sira paksa noelad, toeladaning Kangdjeng Nabi, O, nggèr kaduhan pandjangkah, wateké tan betah kaki, Rèhné ta sira Djawi, satitik baé woes tjoekoep; adja nggoeroe aleman, nélad kas ngepleki pekih. Lamoen pengkoeh pangangkah jekti karamat.

* * *

Ingrikoe K. G. P. A. A. Mangkoenegara IV ingkang nganggit serat Wédatama, karsa paring pènget dateng poetra wajah, soeraosipoen makaten: Jèn sira koemoedoe-koedoe nélad tindaké K. Nabi kang ana nagara Arab kana, ikoe kadohen pandjangkah,

(24) Paksa noelad = koemoedoe - koedoe niroe. Toeladané Kangdjeng Nabi = kang linampahan K. Nabi. Kadohan pandjangkah = ndjangkah kang kangélan bisané noelad amarga adoh (tebih nagarinipoen, béda cultuur-ipoen, béda verstansdelijkestelling-ipoen sp.) Wataké tan betah = adad kang wis ora bisa lana. Sarèhné sira Djawi satitik baé wis tjoekoep = toemrapé bangsa Djawa, tjoekoep satitik baé nggoné marsoedi marang kawroeh pekih = (Kawroeh kadjawan ikoe ringkes). Lainoen pengkoeh ing pangangkah = jén temen-temen olèhmoe netepi, ana dajané kang moenfangati.

awit tanah Arab ikoe adoh saka ing kéné, sarta kangélan bisa-moe ngregem soerasané, kang nganti kandas ing rasamoe Djawa, awit woelangan ikoe nganggo temboeng Arab, kang sira pada ora bisa ngrasakaké marang engesé basa Arab apadéné rasa Arab. Sarèhné sira ikoe wong Djawa, ora soesah kemempengen oléhmoé marsoedi woelangan kang saka Arab. Satílik baé, wis tjoekoep ingatasé wong Djawa. Adja sira aleman ngémbarémba wong Arab. Kawroeh poesaka saka leloehoerira Djawa ikoe satílik wis ngrampoengi. Manawa temen-temen sira tetepi jekti bisa tinarima.

25.

(25) **ଅଣ୍ଟିଷ୍ଠାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ** (ଅନ୍ତିଷ୍ଠାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ) ଯାନାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ ଯାନାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ ଯାନାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ ଯାନାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ ଯାନାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ ଯାନାକାର୍ତ୍ତବ୍ୟାଳାଙ୍ଗୀ

Nanging énak ngoepa boga, rèhné ta tinitah langip; apa ta soewitèng Nata, taní: tanapi agrami? Mangkono moenggoeh mami, padoené wong dahat tjoebloek, doeroeng wroeh tjara Arab, djawakoe baé tan ngenting; pārandéné pari peksa moelang poetra.

* *

Sarèhné tinitah dadi wong langip (katjingkrangan sandang pangan lan kapinteran) loewih betjik mrelokaké golèk sandang pangan, oepama: soewita ing ratoe (ndjangkah kaprijantoenan), tetanèn oetawa dedagangan. Mangkono moenggoeh panemoekoei Oléhkoe mitoetoeri mangkono ikoe rèhné akoe ora ngreti tjara Arab. Kawroehkoe Djawa baé doeroeng entèk. Soeprandéné koemawani moelang anak.

Katerangan:

Ingatasipoen K. G. P. A. A. Mangkoenagara IV ngroemaos, bilih kadjawènipoen dèrèng tamat; saiba poetra wajahipoen.

(25) Enak ngoepa boga = ingkang preloe kagatosaken roemijin poenika njamboet damel pados hasil. Langip = katjingkrangran.

poenapa malih para nènèman sapoenika ingkang sampoen nge-mohi dateng kawroeh Djawi lan boten mangretos dateng kasoesastran Djawi. Inggih sampoen tamtoe kémawon boten mangretos babar pisan (boten saged ngaosi) dateng *loehoering kawroeh Djawi*. Inggih makaten poenika ingkang dados sababipoen *gampil kèloe* dateng kawroehipoen bangsa mántja, sarta ngréméhaken dateng kawroeh poesaka saking leloehoeripoen pijambak. Anggènipoen ngoedi piwoelangipoen tijang mantja namoeng doemoegi ing koelitipoen; boten saged andoemoegékaken dateng rosing raosipoen. Ewa samanten awit saking kasengsemipoen dateng kawroeh mantja, katih ingkang ladjeng nglirwakaken anggènipoen ngoepa boga déning kasengsem dateng saréngating agami.

26.

၆၁။ နာမူရှိ ဖွံ့ဖြိုးဆောင်ရွက်သူများ^(၃၆) မာစုလာတော်မာရွှေမှုနှင့် ပြုတဲ့
ပေါ်ထာ သာ ပေါ် သာ အောင် မာရွှေ သူ ပေါ် ပေါ် သူ အောင် သူ ပေါ် သူ အောင် ပြု
ခို သော ပြု ခို သော ပြု ခို သော ပြု ခို သော ပြု ခို သော ပြု ခို သော ပြု ခို သော ပြု
သူ ပေါ် သူ ပြု

Saking doek maksih taroena, sadéla woes anglakoni, abérag marang agama, magoeroe anggering kadji; sawadiné tyas mami, banget wediné ing bésoek, pranatan ngakir djaman. Tan toetoeg kaselak ngabdi, nora kober sembahjanq gya tinimbalan.

* * *

K. Goesti pijambak nalika taksih timoer oegi sampoen nglampahi dados santri amargi kasengsem dateng agami; kapéngin mangretos saraking agami. Oegi ladjeng kersa nglampahi sembahjang gangsal wekdal, wigatosipoen saking adjrih dateng

(26) Doek maksih taroena == nalika taksih timoer. Abérag marang agama = sengsem dateng agami. Sawadiné tyas mami saking wediné ing bésóek = adjrih dateng siksa ing bénédjing.

siksa naraka bêndjing wonten ing akérat. Nanging boten saged lestantoen anggènipoen njantri, amargi ladjeng njoewita, kerep katimballan déning goestinipoen. Terkadang saweg nengah-nengahi sembahjang katimbalan.

27

Marang ingkang asoeng pangan. Jèn kasoewèn dèn doekani. Aboebrali bawoer tyas ingwang, lir kijamat saben hari. Boi Allah apa goesti. Tamboeh-tamboeh solah ingsoen. Lawas-lawas graita, rèhmé ta soeta prijaji, jèn mamriha dadi kaoem temah nista.

六

Manawi kedangon boten toemoenten sowan, sabab ketoeungkoel sembahjang, asring dipoen doeckani, ndadosaken koe-woering panggalih, ngantos prasasat kijamat pijambakan saben dinten. Temahan tansah manggih pakèwed: kados poendi ing-kang kedah linampahan, poenapa ngawrataken dados santri poenapa ngawrataken anggènipoen soewita. Lami-lami nggraita: sarèhné pandjenenganipoen poetraning prijagoeng ing Soerakarta kagalih niṣṭa oepamia nékad dados kaoem oetawi poenggawa masdjid, awit déning ngawrataken sembahjangipoen.

(27) Sarèhné pandjenenganipoen poenika darahing ngaloehoer ing Soerakarta sampoen tamtoe nista oepamia milalah dados poenggawa masjid, minggahipoen dados pangoeloe. Mestinipoen marsoedi oelah pradja moerih ing tembé wingking nggentosi kalenggahanipoen ingkang rama.

Toewin ketib soeragama, pan ingsoen nora winaris; angoer baja ngantepana, pranatan wadjibing oerip, lampahan angloeloeri, aloeraning pra loelohoer, koena-koemoenanira, kongsi toemekeng semangkin. Kikisané tan ljan amoeng ngoepa boga.

* * *

Kangdjeng Goesti boten kagoengan poesaka pangkat agami, kados ta: ketib, naib, pengeloe sapanoenggilanipoen. Wasana pepoentonipoen soemedya ngantepi pranatan wadjibing gesang jnggih poenika lampahan angloeloeri aloeeraning leloe-hoeripoen wiwit kina-makina doemoegi sapoenika. Dados ingkang preloe kagalih mapanaken sariranipoen dateng panggesangan ingkang oetami, mitoeroet ingkang linampahan ing leloe-hoeripoen.

29.

(28) Tijang ingkang netepi agami toewin ngoedi kawroeh kabatusan, poenika ingkang preloe kagatosaken langkoeng roemijn: kados poendi sagedipoen pikantoek pangoepa djiwa ingkang njekapi, akanti lampah ingkang djoedjoer, manoet kasagedanipoen pijambak-pijambak. Manawi panggesangan ing donja morat-marit, kados poendi anggènipoen pikantoek katentreman!!! Ingkang dipoen kadjengaken piwoelanging agami poenika boten sanès amoeng moerih kita manoengsa sami saged roemeksa ing gesangipoen ing lahir toewin batos. Kita dèrèng saged ngoedi kabatosan kalajan samestinipoen, manawi panggesangan kita ing lahir boten kita opéni.

ମିଦିବି, ଧାରାମିଳ୍ୟ ଅଣ୍ଟିନ୍ତିଯୁ, ନୀକୁ ହିଲ୍ଲିବାପାତ୍ରିକୁ, ଶାହି
ତୁଳାଧୂର୍ଯ୍ୟଙ୍କ ଏଣ୍ଟିଯାମି, ନୀକୁ ଯାବାପାବାନ୍ତିକୁଷାମାରା⁽²⁹⁾ (ଫଳ)

Bonggan kang tan mrelokena, moenggoeh oegering ngaoerip ; oeripé lan tri prakara : wirja, arta, tri winasis. Kalamoen kongsi sepi, saka wilangan teteloe, telas tilasing djanma, adji godong djati aking; temah papa papariman ngoelandara.

* *

Kalintoe sanget bilih ngagesang boten migatosaken dateng adeging panggesanganipoen. Panggesangan poenika sarana ngantepi dateng salah satoenggal oetawi langkoeng saking tigang prakawis :

- I. *Wirja*, tegesipoen : ngoedi dateng pangkat kaprijantoonan toewin sesaminipoen ingkang ndjalari pikantoekipoen blandja.
- II. Ngoedi sagedipoen pikantoek paŵitan saking sakedik, moerih saged dedagangan, tetanèn, nenoekang sp. (karingkes : *arta*).
- III. *Winasis*, tegesipoen : ngoedi kasagedan (agal poenapa aloes) ingkang ndjalari pikantoek panggesangan. Manawi sepen babar pisan saking salah satoenggal ingga waoe. gesangipoen wonten ing donja tanpa adji, prasasat ron djatos ingkang sampoen aking wekasan nandang papa klambrangan, papriman sapanoenggilanipoen.

30.

ଫଳ ହତ୍ତିପୁରୁଷାପାଦମିବାନ୍ତିଯୁ (30) ଯାଦ୍ୟାନାମାନ୍ତିକାମିଯୁ

(29) Bonggan = lepatipoen pijambak. Oegering ngaoerip = watonipoen tijang pados panggesangan. Tri prakara = tigang warni. Wirja = dradjat (pangkat). Arta = jatra (radja brana, banda). Winasis = kapinteran (kagoenan). Sepi = boten anggadahi. Ilang tilasing djanma = tijang tanpa adji.

(30) Waspada ing patrap = pratitis angraosaken patrapipoen semadi. Angajoet ajat winasis = saged angratjoet pantja drija. Wosing djiwangga = djoemenenging Pramana. Melok tanpa aling-aling = njatakaken boten mawi rasokean. Kang ngalingi kaliling = Pramana dateng ingkang waoenipoen ngaling-alingi. Wenganing rasa toemlawoeng = sakedap kados soepé dateng samoekawis sarta ladjeng téteła. Kèksi = katingal sarta karaos. Djaman = alam.

ପରମାଣୁବ୍ୟାକ୍ଷିତିଯିବା । ଶିଥିରେ ଜ୍ଞାନାବାହି ହିଁ ଯାଏନ୍ତି । ଅନ୍ତରେ
ଦିଲ୍ଲାଯିବି । ଛିନ୍ଦିଖାମ ହୁଏଥିଲୁଏଁ । ଧରାଯାଇଲା କିମ୍ବା କିମ୍ବା ଯା
କିମ୍ବା ହୁଏଥାଏନ୍ତିବି । ଯା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା ଯା ହୁଏଥାଏନ୍ତିବି ।

Kang woes waspada ing patrap, mangajoet ajat winasis ; wasana wosing Djiwangga, melok tanpa aling-alings ; kang ngalingi kaliling, wenganing rasa toemlawoeng, kèksi saliring djaman, angelangoet tanpa tepi ; jèkoe aran tapa tapaking Hyang Soekma.

* * *

Ingkang sampoen prigel oelah semadi saged angarah-arah patrap pangratjoeting pantja indrija. Inggih poenika : njirnakaken saliring panggagas, boten ngopèni dateng ingkang karaos ing pantjadrijanipoen, namoeng angraosaken maligining tékadipoen. Déné ingkang minangka gondèlanipoen moerih boten boejar, namoeng salat Daïm anjidikaken këndeling angen-angen sak-wewengkonipoen, poenapa déné mremanakaken *aringing angin*, ngantos doemoegi këndel : boten mlebet medal. (= Nge-nebaken toja gesang). Ingkang karaosaken : Ingkang mengkoe Tjipta. Manawi sampoen doemoegi ing *eneng* ingkang sedjatos, ingrikoe ladjeng njata bilih . . . „Pijambakipoen“ poenika dédé badanipoen waðag, déné pantjadrijanipoen, dédé pangraosing manahipoen toewin dédé angen-angenipoen. Pijambakipoen boten kënging dipoen njatakaken déning sadaja ingkang rinasoek waoe. Pijambakipoen saged ngoeningani dateng sadaja ingkang rinasoek (ingkang adatipoen ngaling-alangi dateng Pijambakipoen.) Pijambakipoen njata pijambak dateñg Pijambakipoen. Saliring rasoekan, ingkang adatipoen ngaling-alangi pijambakipoen, ladjeng kawoeninan akanți boten semangsemang. Sadèrèngipoen doemoegi ing njata, — kados-kados : ing sapandoerat SIRNA kesoepèn dateng samoekawis saèmper kados semapoet nanging boten kemomoran sakiting badan waðag sakeðik-keðika. Ingrikoe ladjeng priksa kanți pramana dateng sakañahing alam kaaloesan, ingkang boten kënging kaoepamèkäken menggah tjaraning katingal waoe.

Katingal wonten ing „mripat” poenika tjaranipoen boten kenging kanggé pepindan toemrap „*tjaraning katingal*” mengahing Pramana. Awit tjara pramana katingal kiwa-tengenipoen, ngadjeng wingkingipoen toewin djawi lebetipoen, — ingkang toemraping mripat boten naté nganggé tjara ingkang makaten. Ingkang kapratélakaken ingginggil waoe lampahing raos saking *Lahir Batos*. Oetawi: saking *kasar* dateng aloes. Oetawi: saking *ingkang kawengkoe* dateng *Ingkang Mengkoe*. Saking lahir dateng Ingkang Mengkoe waoe, katembongaken Tapaking Hyang Soekma. Saëstoenipoen boten wonten tapak oetawi tilasipoen, kados déné tapaking kointoel nglajang. Ewa samanten, sintena ingkang netepi dateng angger-anggering Kasoekman poenika anama mangleboer tapak tilassing Pangéran. Ingkang nama tapaking Pangéran poenika kanjataanipoen sadaja ingkang goemelar. Tijang ngoedi kawroeh ingkang ladjeng *tjotjog kalijan njatanipoen* poenika anama mangleboer tapak **PANGGALIHING PANGERAN**.

31.

(31) Toeman = koelina. Sepi = sepen saking scemenggoeh lan kamélikan = sepen saking panggagas. Toemanen = awor (mandjing). Kala mangsa = boten katemtokaken mangsanipoen (boten kawengkoe ing mangsa) = boten ngèngeti djam oetawi wantji. Amasah memasoeh boedi = ngeningaken tjipta. Wignja = pinter. Mèt tyas ing sasami = I damel seneng manahing sanès, Il sageñ ngrogoh lan anggagapi kawroehing sanès, sarono sorog kasoesilan. = (Kata jang lemah-lemboet: anak koentji hati segala manoesia). Barèk = poetoes.

Mangkono djanma oetama, toeman toemanem ing sepi, ing saben rikala mangsa, masah amemasoeh boedi, lahiré dèn tetepi, ing réh kasatrijanipoen, soesila anor raga, wignja mèt tyasing sesami; jèkoe aran wong barèk bérág agama.

Makaten kawontenanipoen manoengsa ingkang koelina ing ngasepen. Ing kala mangsa maligèkaken raosipoen (tanpa kamélikan) namoeng ènget gegajoehanipoen ingkang soetji. Ing batos lestantoen ngraosaken angsal-angsalan salebeting sepen. Déné ing lahir nglestantoenaken tindakipoen ingkang oetami inggih poenika: netepi kasoesilan lahir, kados ta: netepi kasatrijanipoen, damel seneng dateng manahing sanès, andap asor, netepi djandji, kénging dipoen pretjados sapanoenggilanipoen. Inggih makaten poenika tetepipoen tijang poetoes dateng agami.

32.


(मी द्वयार्थिना वृग्नाम् गुरुम् ॥ (३२) या च वृग्नायामा च निः
त्यामा ग्रहाम् वृग्नायाम् एव वृग्नाम् वृग्नाम् च निः ॥ या च
द्वयार्थिनीः ग्रहाम् वृग्नाम् वृग्नाम् वृग्नाम् च निः ॥ या च
द्वयार्थिनीः ग्रहाम् वृग्नाम् वृग्नाम् वृग्नाम् च निः ॥ या च
द्वयार्थिनीः ग्रहाम् वृग्नाम् वृग्नाम् वृग्नाम् च निः ॥

Ing djaman mengko pan ora, arahé para taroeni, jèn antoek toedoeh kang njata, nora pisan dèn lakoni, bandjoer ndjoe-djoerken kapti kakèkné arsa winoeroek, ngandelken goeroenira, panditané pradja sidik, toer woes manggon pamoe-tjoengé mring makripat.

(32) Ora = boten netepi kados ingkang kaseboet ingadjeng. Pitoedoeuh njata = piwoelang ingkang preloe lan wigatos. Nora dèn lakoni = boten dipoen tetepi lampahipoen. Ndjoedjoeraken kapti = bingah-bingah kanti soemanggoeh. Kakèkné arsa winoeroek = roemaos ngoengkoeli tijang se-poehipoen. Ngandelken goeroenira = marem doepèh goeroenipoen moëm-poeni sarta waskita. Manggon pamoe-tjoengé = tetep adepipoen.

Ingkang kaṭah-kaṭah (boten sadaja) para nènèman ing djamān sapoenika boten netepi kados ingkang kaseboet ingadjeng waoe. Manawi sampoen pikantoek piwoelang ingkang leres lan wigatos, boten dipoen tetepi lampahipoen. Malah asring soemaged sadjak bađé moelang-moelanga dateng embahipoen sabab kakinten bodo (kaoem kina). Ingkang kanggé agoel-agoel : goeroenipoen ing negari, ingkang pinter tjarios, ingkang sampoen poe toes ing ngèlmi kasampoernan ; (oepami leresa pisan goeroenipoen ing pradja waoe moempoeni, nanging poenapa paédahipoen *toemrap pijambakipoen* : manawi pijambakipoen pijambak boten netepi lampahipoen).

III.



33.

Ngèlmoe ikoe, kalakoné kanti lakoe; lekasé lawan kas, tegesé kas njantosani. Setya boedya pangekesé doer angkara.

*

Ngèlmoe (theorie == wawarah bab toemindaking lampah) poenika boten saged ndoemoegèkaken kasembadaning sedja, manawi *boten dipoen etjakaken* mitoeroet wewarah waoe. Lirmahipoen katemboengaken: boten tjekap namoeng *theorie* kémawon, kedah mawi praktijk (dipoen etjakaken). Kasembadaning sedya (kaleksananipoen) poenika waoe katemboengaken

(33) Ngèlmoe = theorie (wawatoning lampah). Lakoe = praktik (etjaki-poén ing lahir toewin ing batos). Kalakoné = kasembadaning sedya. Lekasé = kaleksananing toemindak. Lawan = sarana. Kas = santosa = kentjeng nijatipoen. Setya boedya = toememen anggènipoen njoèngkemi. Pangekes = anggèning ngawontenaken (ngalahaké). Doer = piawon. Angkara = goemedé toewin pénginan.

kalakoné. Sagedipoen toemindak (lekasé) poenika sarana *keken-tjenganing manah* (santosa = kasdoe). Wondéné ingkang preloe dipoen santosani inggih poenika : njakedikaken angkara moerka, ngantos lami-lami saged sirna. Sedya ingkang awon toewin papénginan ingkang ngambra-ambra oetawi sontan-santoen, poenika badé soeda-soeda kadjengipoen pijambak manawi santosa ing boedi anggènipoen njoengkemi dateng tékadipoen.

34.

Angkara goeng, nèng angga anggoeng goemoeloeng ; gogolonganira triloka lekeré kongsi, jèn dèn oembar ambabar dadi roebéda.

* * *

Pénginan oetawi kakadjenganing tijang poenika boten wonten pantogipoen. Agengipoen ngèbeki djagad tetiga (djagading badan wađag, djagading pangraos toewin djagading angengan). Inggih pangadjaking badan tetiga waoe, ingkang moedjoedaken angkara moerka. Manawi badan tetiga waoe kebak déning angkara inggih sampoen tamtoe — toemrap tijang ingkang makaten — ing Djanaloka, Héndraloka, Goeroeloka : kaébakan déning angkaranipoen tijang waoe. Kaoepamèkna tijang nganggé tesmak abrit, sampoen tamtoe sadjagad abrit sedaja toemrap mripatipoen. Abriting wawernèn ing sadjagad goemoeloeng wonten ing mripatipoen, boten wonten samoekawis ingkang boten dipoen abriti déning mripatipoen. Makaten poenika pepindanipoen angkara moerka. Liripoen : kakadjengan, kamélikan, kemèrèn, panasbaran sp. ingkang rinaos ngèbeki djagad, poe-

(20) Angkara ageng doemoenoeng ing badanipoen. Gegolonganira = ingkang kagolong djagading angkara. Triloka = I Djanaloka. II Héndraloka. III Goeroeloka. = I Alam donja. II Alam astaal. III Alam mentaal = I Betal moekadas = II Betal moeharam = III Betal ma'moer. Nglekeri = ngebaki. Dén oembar = dipoen doeroesi. Ambabar = ngambra-ambra.

nika goemoeloeng wonten ing angganipoen (badanipoen tetiga.) Samoekawis ing djagad tetiga, ingkang dipoen sarawoeng déning badanipoen tetiga waoe boten wonten ingkang boten noewoehaken angkara moerka. Dados toemrap pijambakipoen djagad tetiga kebak angkara moerka. Awit saking poenika manawi pénginan poenika dipoen oembar, tépéla dados roebéda ingkang ageng. Inggih poenika: roebédaning lampah ingkang kaseboet ingadjeng waoe.

35.

(एवं तुम्हारा यह अपूर्व भूमि किसी तरीके से नहीं है। वह आज तक तुम्हारा यह अपूर्व भूमि किसी तरीके से नहीं है। वह आज तक तुम्हारा यह अपूर्व भूमि किसी तरीके से नहीं है।)

Béda lamoen, kang woes sengsem rëh ngasamoen, semoené ngaksama, sasamané bangsa sisip, sarwa sarèh saking mardi marto tama.

**



Kosok wangsoelipoen: ingkang saged njandet angkara moerka, ingkang ingadjeng kaseboet setya boedya oetawi toeman toemanem ingasepi, poenika kadjawi boten karoebéda ing kamélikanipoen, oegi boten karoebéda ing pangoenek-oenek oetawi panasbaranipoen. Sasireping angkara moerka kantoen asreping manah ingkang ndjalari scegih pangapoenten dateng sesami-sami ingkang gadah kalepatan dateng pijambakipoen. Djalaran saking pamardinipoen dateng kasabaran toewin ka-oetamèn, tindakipoen sarèh. Liripoen sarèh poenika boten kok alon-alonan (boten saged rikat); tegesipoen: boten kasesa ma-éloe dateng pangadjaking badanipoen tetiga. Terangipoen:

I. Boten énggal-énggal noeroeti dateng pangadjaking angen-angenipoen anggéning roematoe-ratoe toewin nétepaken leresing pamanggihipoen (faham-ipoen.)

(35) Sengsem ingasamoen = toeman toemanem ingasepi. Ngaksama = ngapoénten. Sisip = lepat. Marto tama = marta oetami. Marta = asrep.

- II. Boten kasesa maèloe pangadjaking nafsoenipoen anggèning ngadjak bingah, sisah, remen, geting, nampik, mélik sp.
- III. Boten kasesa, maèloe dateng badanipoen wałag anggèning ngadjak nedå étja, tilem sakétja, ngesèd, sanggama sp.

36.

( **ନାମାକ୍ଷିଣ୍ୟୁ:**) (⁽³⁶⁾) ଯଜ୍ଞାତ୍ୟଂ ଗୃହିତ୍ୟାଯିତ୍ୟାପ୍ରାଣୀ ଧରା
ପୁରୀନାମାକ୍ଷିଣ୍ୟୁ କାମାମାଧ୍ୟାତ୍ମାନ୍ତିଷ୍ଠିତ୍ୟା ନିର୍ମିତ୍ୟାପ୍ରାଣୀ
ମାନିଷିଣୀନ୍ତିଷ୍ଠିତ୍ୟା) (

Taman limoet, doergamèng tyas kang wèh limpoet, kèreming karamat, karana karobaning sih, sihing Soekma ngreda sahardi gengira.

**

Boten kasesa maèloe dateng wèt-ing badan tetiga, ingkang kapratélakaken inggingil waoe kénging karingkes manggoeng ènget (boten soepé) dateng doergamaning manahipoen pijambak ingkang saged nglimpoe (memetengi). Sadéngah tijang ingkang sampoen wiwit ngambah ing alam kaaloesan poenika ladjeng gadah pangwasa ginaib, ingkang oegi kawastanan karamat Poenika toemrap ingkang dasar kirang ènget, ladjeng andadosaken soepénipoen, amargi roemaos tampi sihing Pangéran ingkang sakalangkoeng ageng. Ingkang makaten waoe saged noewoehaken djoebrija, soemedya ngatingalaken kalangkoenganipoen. Poenika namanipoen kèrem ing karamat. Liripoen kèrem poenika, kadibyanipoen ladjeng kaanggé mraboti saliranipoen, moerih kalohoeraken ing ngakatah. Kawontenanipoen djanma ingkang kèrem ing karamat, asring katembengaken: *kebanda ing ranté kentjana*. Ingkang mbanda sariranipoen boten dipoen roemaosi bilih bebandan, malah rinaos prabotong sariranipoen, awit èdi-pèni toewin goemebyar. Nanging soedjanma ingkang manggoeng èngetipoen boten maèloe dateng pangadjaking angen-angenipoen ingkang roematoe-ratoe.

(36) Taman limoet = boten soepé. Doergamaning manah = panggodaning manah. Wèh limpoet = damel pepeteng. Kèrem ing karamat = soepé déning kesengsem ing karamatipoen. Karoban = kebandjiran.

37.

ଶ୍ରୀ ଯା ପା ହୁ ପ୍ର କିମ୍ବା ଯା କିମ୍ବା ଯା କିମ୍ବା
ମିଳା ଯା ଏ ଏ ଯା ଏ ଏ ଏ ଏ ଏ ଏ ଏ ଏ
ପଦ୍ମମ୍ଭୁଷଣୀୟେ⁽³⁷⁾ (ଶ୍ରୀ)

Jèkoe patoet, tinoelad-toelad tinoeroet, sapitoedoehira, adja kaja djaman mangkin, kèh pra moeda moendi diri lapal makna.

* *

Ingkang boten soepé dateng dirgamaning manah waoe ingkang prajogi tinélad sarta dipoen enoet pitedahipoen. Boten prajogi niroe lelampahanipoen para nènèman ing djaman samanten (djaman panganggitipoen serat Wédatama) ingkang namoeng marem doepèh saged ma'nani lapal.

38.

ଶ୍ରୀ ଦେଖିଲୁଗୁ କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା⁽³⁸⁾ ଯା ଯା ଯା
ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା
ଏ ଏ ଏ ଏ (ଶ୍ରୀ)

Doeroeng petjoes, kesoesoe kaselak besoes, amaknani lapal, kaja sajid weton Mesir, pendak-pendak angendak goenaning djanma.

* *

(37) Bokmanawi kala djaman semanten katah para nènèman ingkang maméraken kasagedanipoen ma'nani lapal, (njara djawèkaken temboeng Arab saking dalil). Katah kémawon para santri manawi sampoen katah apal-apalanipoen kalijan ma'na, ladjeng roemaosipoen dados tijang ngèlmi. Lapal = oengel-oengelan temboeng Arab. Ma'na = tegesipoen (djawinipoen).

(38) Doeroeng petjoes = dèrèng padja-padja saged. Besoes = maméraken kasagedanipoen. Pendak-pendak = asring. Ngendak = nglepataken = mantjèni. Goenaning djanma = kapinteraning sanès.

Bok manawi kala samanten kaṭah tijang ingkang taksih sakedik pangretosanipoen, nanging selak kasesa mamèraken kasagedanipoen, inggih poenika anggènipoen saged ma'nani rapal. Mangka sajektosipoen dèrèng ngretos temboeng Arab. Dados anggènipoen ma'nani inggih namoeng tiroe-tiroe. Kasagedanipoen ma'nani rapal, ladjeng dipoen èmperaken sajid saking Mesir oetawi Arab, nanging sajektosipoen : akosok-wangsoel (boten mèmper sajid Mesir).

39.

⁽³⁹⁾

Kang kadyèkoe, kaleboe wong ngakoe-akoe; akalé alangka, élok Djawané dèn mohi, paksa ngangkah langkah mèt kawroeh ing Mekah.

Ingkang makaten waoe kalebet tijang ngaken-aken (ngaken saged). Pangoeedinipoen dateng kabatosan ngoepados margi ingkang *dédé marginipoen pijambak* (*dédé marginipoen bangsa Djawi*). Poenika anèh awit ngemohi dateng marginipoen pijambak (*Kawroeh Djawi*). Pangraos bađé linangkoeng, manawi pijambakipoen nggegoelang ngèlmi ingkang tebih pinangkanipoen.

40.

: ⁽⁴⁰⁾

(39) Kang kadyèkoe = soemaged sarta remen nglepataken dateng sanès. Akalé = pratingkahipoen ngoedi kawroeh. Langka = mokal. Elok = anèh. Djiwané = kawroehipoen pijambak ingkang toeroet kalijan dasaripoen bangsa Djawi.

(40) Rosing rasa = Rasa Djati. Angga = badan. Loemeketing angga = noenggil misah raosing badanipoen pijambak.

Nora weroeh, rosing rasa kang rinoeroeh, loemeketing angga ;
anggeré pada marsoedi, kana-kéné kaanané nora bédha.

* * *

Anggènipoen ngaja-aja koemedah ngoedi ngèlmi saking tanah mantja poenika amargi saking boten mangretos bilih ingkang dipoen padosi poenika *rosing raosipoen pijambak*, ingkang roemaket ing *badanipoen pijambak*. Sanadjan botena késah-késah lan sanadjan dédéra ngèlmi saking Arab, manawi temen anggènipen marsoedi dateng *kawroeh Djawi*, inggih boten bédha angsal-angsalanipoen; inggih poenika: *Pepadang* ing batosipoen pijambak. (saged ngraosaken Kasoenjatanipoen pijambak).

41.

(၁၂) ဟျမ်းသီယံး^(၄၁) ရှယ်လွှဲမြို့(ပြည့်စုတေသန)၊ ရှယ်လွှဲမြှေ
ကျော်၊ ပါး(ဖြန်ဆောင်ရွက်ထို့)ပါပျော် အသာဆုံးပျော်များမြို့
မာရေး (၁၃)

Oeger loegoe, dèn ta mrih pralebdèng kalboe, jèn kaboe kaboeka, ing dradjat kadjating oerip, kaja kang woes wi-nahièng sekar srinata.

* * *

Sa-oegi saged netépi sesanggemanipoen (lampahipoen) sarta boten njalèwèng adéping manahipoen, adat ingkang sampoen sagedkaboeka. Liripoen: saged kaleksanan pikantoek dradjat kabatosan. Ingadjeng sampoen kaseboet ing Sekar Sinom oengelipoen: Sroening brata kataman wahjoe dyatmika.

(41) Lamoen loegoe = manawi netepi saëstoe. Dèn ta = olèhmoe. Mrih pralebdèng kalboe = ngoedi Kawitjaksanan. Kaboel = tinarima (kasembadan, kaleksanan). Kaboeka = aŋsal wawengan = karaos padang. Dradjat kadjating oerip = dradjat ing kamanoengsanipoen. Kadjating oerip = ngawroehi sangkan paraning doemadi.

42.

(अवृत्तान्⁽⁴²⁾) अपाद्युक्तवाचाहीयं प्रवृत्तिवाक्यं
हा अस्य अ क्षेत्रे यज्ञो अर्थात् अपाद्युक्तवाचाहीयं
अनग्नि (

Basā ngèlmoe, moepakaté lan panemoe; pasahé lan tapa;
jén satrija tanah Djawi, koena-koena kang giniloet tri prakara.

Ingkang nama ngèlmi poenika ingkang toeroet kalijan nalar. Dados ngagesang preloe oelah nalar, sampoen ngantos namoeng èla - èloe oetawi namoeng anggega kémawon. Dados boten goegon toehon. Ananging manawi *boten kanti tapa* (netepi lampahipoen) poenika boten wonten dajanipoen. Lampah ingkang dipoen gegoelang déning para loehoer kina, wonten 3 prekawis.

43.

(शिष्यवृत्तान्⁽⁴³⁾) एवं यथा अप्युक्तवाचाहीयं अप्युक्तवाचाहीयं
वाचाहीयं अप्युक्तवाचाहीयं अप्युक्तवाचाहीयं अप्युक्तवाचाहीयं
वाचाहीयं अप्युक्तवाचाहीयं (

Lila lamoen, kélangan nora gegetoen; trima jén kataman,
sakserik saméng doemadi, trilegawa nalangsa srahing Batara.

(42) Basa ngèlmoe = ingkang nama ngèlmoe. Moepakat = tjotjog (roentoet = petoek); panemoe = nalar (pikiran ingkang terang lan saras.) Pasah = toewoeh dajanipoen. Tapa = netepi lampahipoen (njirnakaken angkara moerka).

(43) Nalangsa = ing batos nangis dateng Pangéran (Djiwanipoen) déné nindakaken pandamel ingkang njimpang saking angger-anggering Adil lan Leres. Batara = Djiwanipoen.

Inggih poenika: I Éklas; samoekawis ingkang sampoén oetjoel saking tangan oetawi ingkang sampoén kapengker boten karaos-raosaken. II Sabar; boten gađah pangoenek-oenek, mandar ngegoengaken pangapoenten. III Rila; liripoen boten ngre-soela tampi panandang, awit mangretos bilih saking lepatipoén pijambak. Malah nangis salebeting batos déné pijambakipoen nerak angger-anggering Pangéran.

Katerangan.

Lampah ageng tigang warni waoe (Sabar, rila, éklas), poenika kawastanan tapa. Menggah tapa waoe, sagedipoen koleksanan kadjawi dipoen lelantih oegi preloe mawi ngèlmi, tegesipoen: kanти ngretos terang dateng kanalaranipoen déné mawi lampah makaten poenika. Manawi boten toeroet kalijan nalaripoen bokmanawi tansah batal. Béda sanget kalijan *jakin salebeting manah* kados ta: Boten wonten barang ijjal, namoeng ngalih panggénan; barang ingkang kateda ing sanès inggih boten moespra sarta boten roemaos kétjalan. Manawi kadamel serik déning sanès, ladjeng mangretos: ingkang damel serik poenika „poenapa”; ingkang dipoen serikaken poenika „poenapa”. Manawi asoeka pangapoenten ladjeng dipoen nalar: ingkang dipoen apoenteñ poenika „sinten”. Manawi nampi panandang, poenika ingkang lepat „sinten”. Jén menggah tijang oetang preloe *njaer* poenapa boten. Lampahing pangadilan Kodrat poenika *adil* poenapa boten.

44.

କୁଳାଖାଣ୍ଟେ: (୪୫) ଯିଏହିଶିଖିରୁକୁଣ୍ଡିତରୁଙ୍କୁ ନିରିକ୍ଷାପୁରୀମଧ୍ୟ
ମାଧ୍ୟମିକିର୍ତ୍ତାରୁଣୀ ଏବଂ ଧରାଖାଣ୍ଟାଯିବିଷ୍ଣୁଦୟଗ୍ରହଣ କାହାରେ? (୪୬)











(44) Batara goeng = Djiwaning manoengsa. Graning djedjantoeng = sanginggiling djedjantoeng (djangga). Kaoeger graning djedjantoeng poenika toemrap ingkang napasipoen taksih mlebet medal, sarta dajaning prana taksih preloe nggesangi badan sakodjoer. Déné pasenetanipoen, ing djan-toeng. Hyang Wisésa = Ingkang masésa badan sakodjoer. Sana = Singangsana. Pasenetan = palenggahan. Moedar angkara = boten manoet mitoeroet dateng sanoebarinipoen.

Batara goeng, ingoeger graning djadjantoeng, djenek Hyang Wisésa, sana pasenetan Soetji. Nora kaja si moeda moedar angkara.

* *

Ingkang kedah dipoen toeroet déning angen-angen sakkaréréhanipoen poenika Djiwa. Djawanipoen tijang sadjagad poenika *satoenggal*, kaoepamékna soroting soerja, poenika *satoenggal*. Sareng ngoroti kawoedjoedan warni-warni ladjeng sadjak dados kaṭah (tanpa witjalan,) lan sadjak dipoen watesi mitoeroet sawijaripoen ingkang kasorotan, sarta ladjeng mawa tjomak (kleur) mitoeroet warninipoen ingkang dipoen soroti. Péanganing badan sakodjoer ingkang raoipoen aloes pijambak loehoer pijambak sarta dados panglantoering raos djati (Djiwa) inggih poenika raos djantoenging manoengsa, kawastanan sanoebari. Pramila manawi tijang mobah-mosikipoen manoet mitoeroet dateng sanoebarinipoen, poenika mobah-mosikipoen mitoeroet Pangéran. Sanadjan badjingan, sanoebarinipoen masti soetji. Dados doerdjana poenika angen-angen sakaréréhanipoen boten manoet sanoebarinipoen. Raosing sanoebari poenika minangka oetoesaning Pangéran (Rassoel'Oellah) ingkang lenggah wonten ing badaning manoengsa ; déné warninipoen kénging kaoepamékaken katja banggala (tanpa tjomak) sarta saged nedahaken Sipating Pangéran. Kados katja banggala ingkang kasorotan ing soerja, saged nedahaken woedjoeding soerja dateng mripat kita. Milanipoen sanoebari poenika kénging kabasakaken ; Palenggahaning Pangéran. Djantoeng kaoepamékaken singangsana oetawi palenggahan soetji.

45.

(  ⁽⁴⁵⁾          )





(45) Nora oewoes = betah. Ngoewoes-oewoes = Nenatjad. Oewosé = paé-dahipoen (moenfangatipoen). Moeng djandjiné moering-moering = ndoeroesi-pamaremé nafsoe Amarah, ingkang boten naté saged ngraosaken ing kapreloeainipoen. Boeta boeteng = kekandelen nafsoe loearah lan amarah. Boeteng = remen moering. Betah nganajaja = remen damel kasoesahaning sanès.

Nora oewoes, karemé angoewoes-oewoes, oewosé tan ana, moeng djandjiné moering-moering, kaja boeta-boeteng betah nganajaja.

* * *

Tijang nenatjad oetawi nglepataken dateng sanès poenika prajogi angèngetana dateng *paédahipoen*. Inggih paédah toemrap *ingkang dipoen tjatjad*, inggih paédah toemrap *ingkang natjad*. Dados netepi ingkang nama opbouwende critiek, toewoeh saking manah soetji. Ananging, katah kémawon tijang remen memantjèni, memojok, njenjampahi sp., ingkang namoehg amboedjeng gejing (afbrekende critiek). Dados boten wonten oewosipoen (moenfangatipoen.)

46.

(   )

* * *

Sakèh loepoët, ing angga tansah linimpoet, linimpet ing sabda, narka tan ana oedani, loemoeh ala ardané ginawé gada.

Djalaran saking boten saged angraosaken sadjatosing preloe namoeng mboedjeng oebaling *Ahamkara* (ambek diri) — temahan boten niat njoemerepi tjatjadipoen pijambak. Sakañahing tjatjadipoen pijambak dipoen aling-alangi, satana moetar-moeter ginem, awit pangintenipoen boten saged konangan awonipoen oetawi lepatipoen. Manawi wonten ingkang mantjèni oetawi mabeni, katingal moeringipoen oetawi mantjereng. Ingkang makaten poenika kosok wangsoel kalijan ingkang nama „*bekti*” toewin „*nalangsa*”, dateng Pangéran. Sabab: widjinipoen ngoepados „*menang*”, boten ngoepados „*leres*”.

(46) Tegesipoen: tansah ngaling-alangi lepatipoen pijambak. Linimped ing sabda = moetar-moeter ginem (memoetar lidah). Loemoeh ala = loemoeh dèn arani ala. Hardané ginawé gada = angkaraning manah dipoen anggé ngawonaken tijang ingkang nglepataken, preloenipoen soepados pijambaki-poen menang.

(ग) युन्नुपात्तुया⁽⁴⁷⁾ मायम्माविष्णवाय्या प्राप्तिष्ठानि
ता गृहिणीविष्णवामा(त्रिं) श्रावण्याय्याहंशक्तुष्ट्रियोग्यी
त्यवा(ग)

Doeroeng poendjoel, ing kawroeh kaselak djoedjoel, kaseselan hawa, tjoepet kapepetan pamrih; tangéh nedya anggamboeh mring Hyang Wisésa.

Ingkang kapratélakaken inggingil waoe kawontenanipoen djanma ingkang karegem ingangen-angenipoen. Wataking angen-angen poenika roematoe-ratoe (boetoeh dipoen loehoeraken). Sadjatosipoen dèrèng pinoendjoel (dèrèng njarawoeng dateng wawengkoning Kasoenjatan), nanging selak kesesa ngatingalaken kalangkoenganipoen. Poenika wataking angen-angen. Ladjeng kawewahan wataking hawa nafsoe ingkang tansah namoeng mélik kepéngin oetawi ngadjeng-adjeng. Inggih sampoen tamtoe kémawon pangoedinipoen dateng Kasoenjatan boten saged kaleksanan, djalaran ladjeng santoen salaga ngoedi dateng kamaremaning angen-angen toewin nafsoe. Manawi makaten lèrégiipoen, inggih ladjeng *gantos widji* (*gantos „niat”*) dateng Kasoenjatanipoen, — ingkang kalajan „sadjatosing weroeh.”

IV.

॥ निर्वाचनाय ॥

(ग) यत्तिष्ठनावयीम्माय्या⁽⁴⁸⁾ निर्वाचनाय्यास्त्रियाय्या

(47) Poendjoel = linangkoeng. Djoedjoel = kekatahen = kelangkoeng = kagengen. Tjoepet = boten saged doemoegi. Kapepetan = dipoen pepeti marginipoen. Kapepetan pamrih = loemebet dateng plawanganing pamrih. Tangéh nedya anggamboeh = kétjalan nijat ingkang Soetji, anggamboeh = meroehi tanpa pirantos.

(48) Tjatoer = sekawan. Manembah = manoet mitoeroet angger-anggering Kapangéranan. Loemoentoer = toemoelar saking nggingil. Lamoen tinemoe = manawi tinarboeka. Noegrahaning Manon = Rahmating Pangéran.

ମିହି ଅନ୍ତରୀଳରେ ଯାଏଥାଣି । ଯିନି ଧରାଇ ଥାଇ ଯାଏ କିମ୍ବା କିମ୍ବା
ଧରାଇ କିମ୍ବା ଯାଏଥାଣି ।

Samengko ingsoen toetoer, sembah tjatoer: soepaja loemoentoer. Dihin: raga, tjipta, Djawa, Rasa, kaki; ing kono lamoen tinemoe, tanda noegrahaning Manon.

* *

Ingandap poenika mratélakaken sembah 4 warni. Saking kaparenging karsanipoen K. G. P. A. A. Mangkoenegara IV soepados toemoelar dateng poetra wajahipoen. Liripoen: ma'ripati-poen Kangdjeng Goesti sageda toemerah dateng poetra wajah. Manawi poetra wajah dalem K. G. saged tinarboeka awit déning netepi pakartining sembah kawan warni poenika pratanda bilih saged tampi noegrahaning Pangéran. Woedjoedipoen sembah 4 warni poenika :

- I. Sembah raga; tegesipoen manoeting badan wađag kapoerih mitoeroet wawatoning pangoedi kawroeh Kasoenjatan.
- II. Sembah tjipta. Tegesipoen: manoeting angen-angen kalijan pangraosing manah (badan mentaal kalijan astral) kapoerih mitoeroet wawatoning pangoedi kawroeh Kasoenjatan.
- III. Sembah Djawa. Tegesipoen: manoeting Djawa: kapoerih mitoeroet wawatoning Kapangéranan.
- IV. Sembah rasa. Tegesipoen: manoeting Raos-Djawi kapoerih djoemboeh kalijan Raosing Pangéran.

Bokmanawi para maos ndangoe: poenapa Djawa poenika asring boten mitoeroet? Wangsoelan: manawi boten kedajan déning oebaling angen-angen kalijan nafsoe sampoen mestì mitoeroet dateng Wèt Kasoenjatan, awit Djawa poenika soroting Pangéran ingkang soemandà ing djirim (badan-badan aloes kasar), kados déné soroting soerja ingkang dados idjem wonten ing ron-ronan, dados abrit wonten ing gelas abrit. Ébahing badan-badan (aloes kasar) ingkang boten salaras kalijan sanoebari, poenika ingkang dados tjomak sarta pepeteng ingkang memetengi premananing Djawa. Déne manawi pakartining sadaja badan-badan salaras (*manembah*) dateng Djawa, poenika Djawa ladjeng kados pangilon bening gelasipoen tanpa tjomak lan boten

boereng. Sarèhné njamleng kados soroting soerja dados sesipatanipoen saged loeloeh (dados satoenggal) kalijan soroting soerja. Dados : liripoen sembah Djawa poenika, Djawa neloekaken sarta ngoewasani saliring badan-badan aloes kasar.

Bokmanawi para maos andangoe malih : „Poenapa Raos Djati poenika oegi asring boten manoet déné kapoerih manem-bah?” Wangsoelan : „Ingkang nama Raos-Djati poenika inggih raosing Djawa ingkang njarawoeng raosing badan-badan. Tegesing njarawoeng raosing badan-badan poenika : mawi ngraosaken djoemenenging diri (persoon), inggih poenika ngraosaken dateng : wontenipoen „akoe” kalijan „kowé”. (Raos ingkang makaten namanipoen ing temboeng Sansekrit ດායාජ්‍යා)

Manawi sampoen boten maëloe dateng lapoeraning ດායාජ්‍යා

49.

(ପ୍ରତିଷ୍ଠାନାମପୁଣିକୃ । ପାର୍ଵତୀଭାଗମ୍ବନ୍ଧୁଯାଙ୍କିର୍ଣ୍ଣାଯାବାହିନୀଯାଙ୍କିର୍ଣ୍ଣିତାକୁ ।⁽⁴⁹⁾
ଯୁଦ୍ଧକ୍ଷିଣୀଯାବାହିନୀଯାଙ୍କିର୍ଣ୍ଣିତାକୁ । ଅନ୍ତର୍ମଲ୍ଲାମ୍ବିଳନିକୁ । ଶକ୍ତି
ଯାତ୍ରାକୁ । ଯାତ୍ରାକୁ । ଯାତ୍ରାକୁ ।)

Sembah raga poenikoe, pakartiné wong amagang lakoe ; soesoetjiné asarana saking warih. Kang woes loemrah limang wektoe, wantoe wataking wawaten.

Sembahjang raga poenika sadjatosipoen namoeng kados déné voorklas menggaha laré sekolah, awit dèrèng nama oelah kabatosan namoeng saweg anggladि dateng manoeting badan wađag. Badan wađag poenika manawi dipoen oedja, kadjengipoen bađé ngétja-étja kémawon, toer tanpa woesana. Kados ta : kedah nedā étja lan toewoek salaminipoen ; ngadjak kesèd, arasarasen, tilem ingkang toewoek lan sakétja poenapa déné sanggama. Poenika wataking boeta oetawi sato, pramila preloe dipoen

(49) Magang lakoe = landjonipoen lampah kabatosan.

kawonaken, dipoen teloekaken, soepados manoet mitoeroet dateng pangrèhing tjipta, sarta tjipta inggih mitoeroet wasésaning Djawa. Anggènipoen neloekaken sarana dipoen koelinakaken manoet. Kados ta: tangi éndjing, ngirangi teda toewin tilem, njamboet damel ingkang preloe linampahan, ngirangi sahwat sapanoenggilanipoen. Tjekakipoen: antjasing sembah raga poenika ngawonaken watak kesèd, watak dahga, watak lémpon, karem sahwat sp. Agami Islam sampoen damel prenatan bab panembahing raga inggih poenika salat 5 wekdal. Manawi salat 5 wekdal poenika dipoen tetepi, poenika ing tata lahir sampoen angsal paseksèn bilih sampoen saged ngerèh badanipoen wadag ingkang mitoeroet wawaton.

50.

ଏହି ଯାଇଥିରେ କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା⁽⁵⁰⁾ ମିଳାଇ ପୁଣ୍ୟ ପଂଚମି କିମ୍ବା ଯାତି ଯିବା
ଅବିଧି ପାଇବା ପାଇବା ଅବିଧି ପାଇବା ଅବିଧି ପାଇବା ଅବିଧି ପାଇବା
ଏଥିରେ କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା

Ingoeni-oeni doeroeng, sinarawoeng woelang; kang sine-roeng, lagi iki bangsa kas ngetok-ken anggit, mintoken ka-wignjanipoen, saréngaté élok - élok.

* * *

Salat 5 wekdal poenika oegi prajogi linampahan, Wiwit kina makina para Nabi oegi nindakaken makaten. Nanging ing kina-kiná woelang saréngat poenika boten dipoen sarengi (boten dipoen kanṭèni) woelangan ingkang pinigit, kados ta: woelangan ngoepadosi tjahjaning Pangéran. Nanging ing djaman sapoenika asring moelangaken saréngat ingkang anèh-anèh, namoeng preloe ngatinggalaken kapinteranipoen, kados ta: para santri asring dipoen woeroeki ngoepadosi tjahjaning Pangéran sarana Sampah: tarèk *makaten* oetawi *makaten*. Temahan adamel kelinta-kelintoe oetawi sasaring pangretosan, wasana ladjeng boten mangretos dateng tataning panembah ingkang samestinipoen.

(50) Ingoeni-oeni = ing djaman kina. Sinarawoeng woelang kang sine-roeng = dipoen kantèni piwoelang ingkang piningit. Bangsa kas = para mangoedi. Mintoken kawignjan = ngatingalaken kasagedan. Elok-élok = anèh-anèh.

51.

¶[¶] କିନ୍ତିକୁ ଯାଇ କିନ୍ତି ଯୁଧ୍ୟା କାହିଁ କୁଳୀ ଯାଇ କିନ୍ତି ପ୍ରୟୋଗି କିନ୍ତି ଯୁଧ୍ୟା ।⁽⁵¹⁾
ବ୍ୟାହାରୀ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ ଯାଇ କାହିଁ ଏହାମାତ୍ରା ଅଛି କାହିଁ ଯାଇ କାହିଁ
ଯାଇ ଏହାମାତ୍ରା ଏହାମାତ୍ରା ।[¶]

Titik kaja santri doel, gadjeg kaja santri brahi kidoel, saoeroeté Patjitan pinggir pasisir, éwon wong kang pada nggoegoe, anggeré goeroe njalemong.

* * *

Bokmanawi kala samanten wonten poetra wajah oetawi sentana dalem Kangdjeng Goesti ingkang toemoet magoeroe tarèk kaseboet inginggil waoe, solah bawanipoen ladjeng ngèmperi santri kidoel, sarta oegi mèmper kalijan „santri besoes” ing tanah kidoel. Tanah kidoelan inggih poenika sakidoelipoen Soerakarta; kala samanten ing Patjitan sapengidoel oeroet pasisir kaṭah para kjai ingkang ngedegaken pondok pesantrèn sarta wonten ingkang moelangaken „ngèlmi tarèk” ingkang élok-élok. Kaṭah tijang ingkang kirang nalar, ladjeng sami kèloe ngantos éwon.

52.

¶[¶] କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ ।⁽⁵²⁾
ଏହାମାତ୍ରା ଏହାମାତ୍ରା ଏହାମାତ୍ରା ଏହାମାତ୍ରା ଏହାମାତ୍ରା ଏହାମାତ୍ରା
ଏହାମାତ୍ରା ।[¶]

(51) Titik kaja = ragi mèmper. Santri doel = santri kidoel. (saged oegi santri ingkang namanipoen Doel). Gadjeg kaja = oegi mèmper. Santri brañ = santri besoes = remen ma'nani rapal, kados sajid wedalan Mesir oetawi ingkang brañ ngèlmoe tarèk. Njalemong = witjanten ingkang boten tjotjog kalijan njatanipoen.


(52) Tjahjaning Hyang = tjahjaning Pangéran. Karoeh = kénging dipoen tingali. Oeroeb = oeroeing tjahja. Dèn koerebi = dipoen kekahi (dipoen enoet); akalé kaliroe enggon = kelintoe (kesasar) èngetanipoen.

Kesoesoe arsa weroeh, tjahjaning Hyang kinira jèn karoeh, ngarep-arep oeroeb arsa dèn koerebi. Tan wroeh kang mangkono ikoe, akalé keliroe enggon.

* *

Djalaran saking kepéntjoet dateng piwoelang ingkang élok-élok waoe, kaṭah tijang ingkang kasesa kepéngin soemerep tjahjaning Pangéran. Djalaran saking kiranging nalar, sami nginten bilih tjahjaning Pangéran poenika kénging dipoen tingali nganggé paningal ingkang waḍag. Oepaminipoen dikir ngantos dangoe ladjeng soemerep tjahja kados déné ningali tjahja nganggé mri-pat. Manawi sampoen soemerep tjahja waoe badé dipoen etoeta-ken bénđjing wonten ing akérat. Ingkang makaten poenika kelintoe pangretosanipoen (salah faham) nanging boten ngroemaosi.

53.


⁽⁵³⁾

Jèn ta djaman roemoehoen, tata titi toemrah toemaroentoen. Bangsa sréngat tan winor lan lakoe batin. Dadi ora gawé bingoeng, kang pada nembah Hyang Manon.

* *

Ing djaman kina woelang kabatosan poenika pamarahipoen titi, sarta oeroet saking kawitan doemoegi wekasan inggih poenika : wiwit saking panembah kalahiran (saréngat) mindak-mindak dateng kabatosan. Woelangan saréngat kapilah kalijan kabatosan. Manawi pranatan kalahiran dipoen kinten dados panggajoehing kawroeh Kasoenjatan, amasti ladjeng dados seling serep oetawi kadjelomprong (kapoesan déning panjananipoen pijambak). Manawi ngantos makaten ladjeng adamel kisroeh (bingoeng).

(53) Tata = kapilah-pilah. Titi = salesih. Toemrah = toemerah = njram-bahi. Toemaroentoen = oeroet.

Terangipoen bab poenika manawi sampoen maos bab sembah tjipta. Kawoeningana ingkang nama „Kawroeh” poenika angsal-angsalan saking anggènipoen „meroehi”. Déné ingkang nama Kawroeh Kabatosan poenika angsal-angsalaning meroehi kalijan „sawangan batos” (Tingal Batos), Raos batos toewin Pangretos batos. Ingkang nama *Batos* poenika, ingkang boten kemomoran angen-angen sarta hawa nafsoe.

54.

(॥) ॥ ३० अवान्विता यत्ति अर्थात् । कीवा युवा यत्ति अर्थात् । ये
दिवा गान्धी युवा यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति
युवा यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् ।
युवा यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । ॥

Liré saréngat ikoe, kena oega ingarahan lakoe; dihin adjeg kapindoné ataberi; pakoléhé poetraningsoen, njenjeger badan mrih kaot.

**

Ingkang dipoen kadjengaken ing lampah saréngat poenika:
I. Lampah ingkang adjeg. II. Taberi.

Kalih warni waoe dajanipoen adamel kasarasaning badan. Kadjawi damel sarasing badan oegi nesarik dateng watak djen-djeman (boten goréh lan toememen).

55.

(॥) ३१ अवान्विता यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् ।
युवा यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् ।
युवा यत्ति अर्थात् । यत्ति अर्थात् । ॥

Wong seger badanipoen, otot daging koelit baloeng soeng-soem, toemrah ing rah memarah antenging ati; antenging ati noenoengkoe, angroewat roeweting batos.

**

(55) Memarah = andajani. Noenoengkoe = andjalari. Antenging ati = menebing manah = lereming pantja drija. Ngroewat = njirnakaken. Roe-wed = koewoer.

Tijang ingkang badanipoen wađag saras, inggih poenika: otot, daging, baloeng, soengsoem, oetek sp. boten sakit, poenapa déné lampahing rah adjeg, poenika lampahing èngetan boten koewoer (boten roewed). Manawi manah boten koewoer, boten ngoetjiwani kanggé pantjadaning sembah tjipta. Ngagesang boten saged nindakaken sembah tjipta manawi manahipoen boendet oetawi peteng Boten saged bombong, tadjem, djendjem anteng . . . sp., manawi badanipoen wađag sesakiten. Dados resiking teda, resiking rah sp. perloe sanget kadjagi.

56.

(၅၆) မြန်မာဘာသာစုရှိတွေ၊ ယူလိုက်ပါသည့်အကြောင်း၊ မြန်မာဘာသာစုရှိတွေ
မြန်မာဘာသာစုရှိတွေ၊ မြန်မာဘာသာစုရှိတွေ၊ မြန်မာဘာသာစုရှိတွေ၊ မြန်မာဘာသာစုရှိတွေ၊

Mangkono moenggoeh ingsoen; ananging ta sarèhné asna-foen, béda-béda pandoek pandoeming doemadi, sajektiné nora djoemboeh, tékad kang pada linakon.

*

Ingkang kapratélakaken inginggil waoe mitoeroet tékadi-poen Sang nawoeng gita (K. G. P. A. A. Mangkoenagara IV.) Ananging saréhning tijang poenika kaṭah lan warni-warni, bebasan Meladjeng : „Lain ladang lain bilalang, lain loeboek lain ikannja, lain orang lain pikirannja,” dados K. G. namoeng njarah kémawon. Tijang ingkang tékadipoen namoeng badé nggajoeh dateng padoekoenan, kawaspadan, kasektèn, mes-ṭènipoen boten remen dateng gegajoohan ingkang boten ada-mel kabingahan toemoenten.

57.

(၁၂). မင်္ဂလာပန္တနာနအဖွဲ့။ ရှားမြို့ကျေပရွေပရှိသမီးမြို့။

(56) Asnaoen = warni-warni = bédabéda. Pandoemaning doemadi = papestènipoen. Nora djoemboeh = botensami.

ତୁମ୍ହେ ଯୁଦ୍ଧରେ ପାଞ୍ଜାବୀ ଯୁଦ୍ଧରେ ପିଲାବଣି କିନ୍ତୁ କିନ୍ତୁ
ଅବ୍ସାନିକୀଳ (ପ୍ରତ୍ୟାମନ୍ତ୍ର) ॥⁽⁵⁷⁾

Nanging ta paksa toetoer, rèhning toewa toewasé moeng tjatoer, bok loemoentoer lantaraning rèh oetami; sing sapa temen tinemoe, noegraha geming Kaprabon.

* *

Sarèhning postra wajah dalem K. G. saged oegi wonten ingkang dasaring panggalihipoen sami kalijan K. G. pijambak, mila ladjeng kagalih prajogi paring piwoelang, netepi wadjibing tijang sepoeh. Sinten ingkang soemerep bilih saged toemoeroen dateng postra wajah, sarta dados lantaraning kaoetamèn. Sintena ingkang temen-temen pangoedinipoen mestinipoen pikantoek noegrahaning Pangéran.

58.

ଅମିତାବାଦିଷ୍ଟାବାଲ୍ୟ ॥⁽⁵⁸⁾ ତୁମ୍ହେ କିନ୍ତୁ ଯାଦିଯାଏ
ଯାଏ ଯା ତୁ କାହା ତୁ ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ॥
ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ଯା ॥

Samengko sembah kalboe, jèn loemintoe oega dadi lakoe, lakoe agoeng kang kagoengan Narapati, patitis tetesing kawroeh, meroehi marang kang momong.

* *

(57) Toewasé = kanggénipoen. Tjatoer = paring piwoelang. Loemoentoer = toemoelar mangandap. Rèh oetami = tataning kaoetamèn ing iahir toewin ing batos. Ageming kaprabon = Kawroeh Kasoekman.

(58) Kalboe poenika temboeng Arab. Djawanipoen manah oetawi tjipta. Loemintoe = adjeg sarta lastantoen. Lakoe agoeng = awrat sarta langkoeng wigatos. Narapati = Ratoe (Ratoe ing diri). Patitis kawroeh = boten wonten ingkang kelintoe oetawi keron. Tetesing kawroeh = babaring kawroeh. Kang momong = Ingkang anggesangi = ingkang moerba masésa = kang among Djiwa.

Ingandap poenika mratélakaken bab sembah tjipta. Ing woelang kaislamān kawastanan Tarékat Sembah tjipta poenika lampah ingkang langkoeng awrat, langkoeng preloe sarta langkoeng loehoer katimbang kalijan sembah raga; awit sembah tjipta poenika sembahing *angen-angen loehoer* (Manas loehoer) dateng Pangéran. Déné sembahipoen: ingkang sapisan oelah nalar moerih mangretos dateng oegering Kasoenjatan. Kaping kalih: kedah masésa dateng manas asor moerih manoet mitoeroet dateng wèt, poenapa malih kedah masésa dateng nafsoe 4 prekawis (Moetmainah, soepiah, Loeamah, Amarah). Pangraosmanah (badan astral) kapétang dalah nafsoe 4, poenika sadaja dados wawenkoning Tjipta; déné Tjipta ingkang loehoer poenika ratoening diri ingkang kedah manoet mitoeroet dateng Pangéran.

Sintena ingkang saged netepi sembah Tjipta, liripoen adjeg sarta lestantoen, pikantoekipoen saged pratitis anggènipoen ngawroehi dateng waton Kapangéranan. Kadjawi patitis dateng margining Kasoenjatan oegi sangsaja paðang dateng kawroeh warni-warni ngantos terang dateng babaring kawroeh kabatosan. Awit saking poenika ladjeng saged njeratèni (ngladosi) dateng dawoehing Pangéran ingkang karaos ing Rosing Raos.

59.

ଅମ୍ବା ଯୁଦ୍ଧିତାରେ କାହା ଯେ, ଏହାରୁ କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା
କାହାରେ କାହାରୁ କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା
କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା

Soetjiné tanpa banjoe, moeng njoenjoeda mring hardaning kalboe. Pamboekané tata, titi, ngati-ngati; atetep, talatèn, atoel. Toeladan marang waspaos.

20

Sembah Tjipta poenika ingkang dipoen angkah: resiking manah (Tjipta). Dados anggènipoen ngresiki boten mawi toja. Ingkang dipoen resikaken: pakartining Tjipta. Ingkang ngrengedi

(59) Pamboekané = anggènipoen minangkani.

Tjipta inggih poenika : angkara moerka. Temboeng „angkara“ asalipoen saking temboeng Sansekrit: अङ्करा, inggih poe-
KL

waoe ladjeng toemangkar oetawi soemebar. Pramila toemangkar, awit tansah tarik-tinarik kalijan soemebaring ၁၅၂

Ingkang nama  poenika raos boetoe dateng pamareng

ing sadinten-dinten, boetoeh gesang kanti pamarem. Toemang-karing Tanha noewoehaken watak pénginan, mélikan, soegih kakadjengan, wasana noewoehaken kamoerkan. Manawi dipoen toeroeti malah sangsaja andadra, kados latoe moeroeb kasiram ing lisah. Dados antjasing sembah Tjipta poenika, manawi katjekak: *neloekaken kalih prakawis*: 1 ଶାଖାମ୍ବନ୍ଦୀ 2 ଶାଖାମ୍ବନ୍ଦୀ



Manawi Tjipta sampoen saged neloekaken angkara moerka, poenika Tjipta sampoen resik. Manawi Tjipta sampoen resik sampoen anama djoemeneng sarta tetep panembahipoen dateng Djawa. Paseksèn bilih Tjipta sampoen manembah, inggih poenika waspaos dateng sasmitaning Djawa.

Mengkah pangrakiting sembah Tjipta (tarékat), anggènipoen minangkani kapratélakaken ingandap poenika:

- I. *Tata*. Oepaminipoen: minakaken wantji sarta panggènan ingkang adjeg, limrahipoen ing wantji daloe wonten ing kamar ingkang sepen oetawi sadjawining grija. Ing wantji éndjing oetawi sonten sakeḍap.
 - II. *Titi*. Oepaminipoen: wonten ingkang dipoen raosaken (dipoen toedjoe ing batos) minangka tjakotan. Bab tjakotan poenika warni-warni, wonten ingkang maligi namoeng mremanakaken aloesing angin, kanṭi njoepékaken samoekawis. Wonten ingkang meleng ɖateng raos sabar lan welas asih.

Wonten ingkang meleng dateng RAOS WONTEN (RASA
ANA = 6 ~~आणि~~ Poenika roemaosipoen dateng 6 ~~आणि~~
~~आणि~~ ingkang boten ngèngeti woedjoed. Wonten malih
tjakotan ingkang sarana ngèngeti salah satoenggiling Déwa.
Wonten malih tjakotan ingkang sarana ngénegeti salah sa-
toenggiling tjakram, kados ta tjakram ing djedjantoeng, di-
poen prenakaken pakartinipoen. Tjakotan ingkang kawoe-
langaken ing agami Islam kados ta: dikir ngoengelaken apal-
apalan sapanoenggilanipoen. Tjakotan poenika preloeniipoen
soepados boten boejar boten sakedap-sakedap kénégetan
mrika². Sanadjan sampoen mawi tjakotan pisan manawi
dérèng koelina, inggil gampil djoegaripoen, sarta ngantos
lami boten saged tjemakot. Dados sembah Tjipta poenika
anggladि pakartining Tjipta, boten bêda kalijan anggladि
tangan kapoerih adjar njerat nggambat, oetawi gymnastiek.
Manawi njalèwèng (ngèngeti sanès) toemoenten kawang-
soelna malili. Sasaged-saged kaoedi moerih saged ngonangi
nalika badé njalèwèng poenika sadaja kawastanan *titi*.

- III. *Ngati-atì*. Oepamènipoen: ngarah-arah moerih boten adamel sakiting badan; sampoen ngantos wonten otot ingkang maṭenṭeng oetawi ketjeṭit. Patraping badan wonten ingkang sarana lenggah sila, wonten ingkang sarana sèndèn, wonten ingkang sarana saréan, nanging sadaja waoe kaarah-arah sampoen ngantos kraos sakit oetawi kijoe, ngantos ngganggoe dateng golonging Tjipta.

IV. *Tetep*. Tegesipoen: adjeg sarta lestantcen pamarsoedinipoen. Temboeng „tetep” ingriki koela tegesi „netepi” inggih poenika nindakaken mitoeroet pranatan, sarta koela tegesi „mantep”. (Sawenèhing serat Wédatama pangetjapiroen  Manawi leres ingkang  inggih ateges boten oewas koewatos).

V. *Talatèn*. Tegesipoen: sanadjan dèrèng pikantoek poenapa poenapa nanging tansah remen ngladjengaken pamarsoedinipoen. Narimah uamoeng angsal kaindakan sakedik sanget,

alon-alon, boten daja-daja. Manawi sampoen angsal kaindakan sakedik, ladjeng ngoedi malih kanṭi sarèh angarah-arah moerih angsala sakedik malih, sarta boten bosen ngoepados rékadaja moerih angsala *sakedik malih* waoe. Makaten saladjengipoen. Boten béda kalijan tlatosipoen tijang moelang sanadjan sadinten namoeng angsal kaindakan sakedik sanget, manawi dipoen talatosi katah loemajanipoen.

- VI. Atoel. Tegesipoen: mandjing dados watak margi saking koelina, ngantos boten karaos angèl. Samoekawis ingkang dipoen koelinakaken kanṭi adjeg, saja lami saja itjal rekaospoen. Itjaling rekaos poenika ingkang kawastanan „atoel.” Sadaja pandamel ingkang dèrèng dipoen sagedi, poenika dasar angèl, nanging angèl waoe saja lami saja soeda déning dajaning tlatèn, ngantos doemoegi ing *atoel*. Sinten kémawon ingkang boten tlatèn, pangadjeng-adjengipoen dateng atoel boten bádé kaleksanan. Toemraping sembah Tjipta, manawi dèrèng atoel boten saged doemoegi ing waspaos.

60.

ଶ୍ରୀ କୃଷ୍ଣ ପାତ୍ର, (୬୦) ପାତ୍ରଙ୍କିତିରେ ଅନ୍ୟାନ୍ୟ
ଯାଏଇଲୁଏ କୌଣସି ହିଁ, ଯାଏବୁଏ କୌଣସି
କିମ୍ବା କିମ୍ବା କିମ୍ବା

Mring djatining pandoeloe, pandoek ing ndon dedalan satoehoe, Lamoen loëgoe legoetaning rèh maligi, lagéané toema-lawoeng, wenganing alam kinaot.

本
本
本

(60) Djatining pandoeloe = Pramana. Pandoek ing don = doemoegining doenoeng. Dedalan satoehoe = margi dateng Kasoenjatan. Lamoen loegoe = manawi netepi saëstoe (kanti tata, titi, tetep, talaten, atoel). Nglegoetèkaken = ngoelinakaken. Rèh maligi = wawaton anggolongaken. Lagéané = padatané. Toemalawoeng = sirna' raosing badan sarta kados soepé sakedapan.

Manawi sampoen atoel anggènipoen anggolongaken Tjipta (koelinga goemolong boten mawi dipoen golongaken) poenika ladjeng waspaos dateng *sadjatosing tingal* inggih poenika: PRAMANA. Ingkang nama waspaos dateng Pramana waoe, katemboengaken *doemoegi ing margi sadjatos*. Ingkang nama margi sadjatos inggih poenika Tingal Pramana. Tetemboengan „pandoek ing don dedalan satoehoe” poenika tegesipoen: doemoegi ing prenahing margi ingkang sedjatos. Terangipoen malih doemoegi ing „Wawengkoning Pramana”, inggih poenika njarawoeng dateng dajaning Pramana. Manawi loegoe (toememen anggènipoen netepi nggolongaken Tjipta) nglegoetaken maligining tjipta, poenika padatanipoen ladjeng toemlawoeng. Tegesipoen „toemlawoeng” poenika, kesoepèn dateng aling-alingipoen oegi kanji mangretos kadjengipoen pijambak sarta ngraos pijambak. Tegesipoen Pramana: terang, tjeṭa, ingkang boten namoeng toemrap paningal kémawon, oegi toemrap raosing manah, pangretos poenapa déné raosing ANA-nipoen.

61.

Jèn wis kambah kadyèkoe, sarat sarèh saniskarèng lakoe,
kalakoné saka ènèng ening éling llanging rasa toe-
mlawoeng, kono adilé Hyang Manon.

2

Manawi sampoen wonten raos foemlawoeng (sepen saking saniskara kados semapoet boten ènget) poenika mratandani sampoen doemoegi ing wates. Wates poenika watesing katjidran

(61) Tegesipoen: jèn kang kadya ikoe wis kaambah (sampoen dipoen djamani. Sarwa sarèh = sarwa aso sarta teteg. Saniskarèng lakoe = lampahing tjipta ripta toewin lampahing badan wadag. Kalakoné = kaleksanani-poen ngloempati wates (boten kandeg sawidjining wates). Wenganing rasa toemlawoeng = sasampoening ngloempati wates.

kalijan Kasoenjatan. Dados ing wekdal poenika badé gantos djaman saking djamaning panggorohan dateng djamaning Kasoenjatan. Raosing badan tetiga (waḍag, astraal, mentaal) ing saoewat ngrikoe boten makarti, pramila ladjeng soepé dateng samoedajanipoen.

Menggah „soepé” waoe anggènipoen „boten ènget” ingkang mitoeroet kaèngetaning angen-angen sakarèrèhanipoen (soepé dateng alaming woedjoed, soepé dateng badan-badani-poen). Pramila makaten, awit ing wekdal poenika saweg *katoet* kapindah dateng wewengkoning Kasoenjatan. Inggih leres soepé, nanging kawengkoe ing Èngeting Djiwa. Awit saking poenika ing wekdal poenika: ênêng-êning-éling, ing temboeng Sanskrit kawastanan ନୀତି ଏଣ୍ଟି ॥ Eneng poenika enenging raga lan

enenging pantjadrija Ening poenika ening Tjipta. Déné éling poenika èngeting Boedi (Raos-djati). Saking raos toemlawoéng waoe ladjeng wonten wawengan dateng wawengkoning Kasoenjatan.

Menggah lampah ingkang tetep manoet angger-anggering Kasoenjatan, ingkang ladjeng pikantoek oewohipoen waoe, katemboengaken „*Adiling Pangéran*”. Pramila katemboengaken adiling Pangéran, awit angsal-angsalanipoen satimbang kalijan lampahipoen.

Keterangan:

Saëstoenipoen boten wonten kadadosan ingkang njebal sa-king adiling Pangéran (Pangadilan Kodrat).

62.

(၁၂) ဘာရ်များကို ဘယ်လောက် အနေဖြင့် သွေးတော်များ
မျှတော်များ ပါ။ အနေဖြင့် သွေးတော်များ မျှတော်များ
မျှတော်များ ပါ။

(62) Gagar = batal. Kajoen = kakarepan. Tan kajoengjoen = boten setya. Ajoening kajoen = tékad soetji. Bangsa anggit = pangraos = pangénta-énta.

Gagaré ngoenggar kajoen, tan kajoengjoen mring ajoening kajoen.
Bangsa anggit jèn ginigit nora dadi. Marmaj dèn awas dèn émoet,
mring pamoeroenging lelakon.

一
四

(trots en baatzuchtigheid = soemenggoeh kalijan mélika) kados ta: sareng sampoen ngambah wewenkoning tjipta, sarehné sampoen gadah kalangkoengan, ladjeng mélik ing pangadji-adji, koemedah-kedah dipoen loehoeraken sariranipoen. Ingkang pikantoek keramat sok ladjeng kèrem dateng keramatipoen. Tijang ingkang gadah kelangkoengan, mangka ladeng sinoejoedan déning tijang kaṭah, poenika adakanipoen ladjeng ngétja-étja, ngraos-ngraosaken kanikmatanipoen; makateni poenika amargi boten soemoengkem dateng tékadipoen ingkang soetji, boten setya dateng sanoebarinipoen. Pramila ladjeng katemboengaken asih 10

63


(63) Katri = ingkang angka tiga. Hyang Soekma = Goesti Allah = Ingkang Maha Toenggal. Soekmanen = karaosna ingkang memet (aloes). Arahen = oedinen. Katjakoep = kagajoeh. Soetengong = anakkoe.


Samengko kang tinoetoer, sembah katri kang sajekti katoer, mring Hyang Soekma soekmanen sehari-hari; arahen dipoen ketjakoep, sembah ing Djawa soetèngong.


* *

Ingandap poenika mratélakaken sembah ingkang kaping tiga, inggih poenika sembahing Djawa dateng Goesti Allah. Ing woelang kaislamah kawastanan Chákékat. Manawi sampoen saged netepi sembah Tjipta kados inggingil waoe, saweg saged netepi panembahing Djawa. Temboeng „soekmanen” tegesipoen karaosna nganggé Raos Kasoekman ingkang pinanggih sale-beting eneng - ening - éling.

64.







Sajekti loewih parloe, ingaranan pepoentoning lakoe, kalakoean kang toemrap bangsaning batin, soetjiné lan Awas Émoet, mring alamé, lama amot.

* *

Sembah Djawa poenika pokoking sadaja panembah. Sembah kalih warni inggingil waoe — sembah raga lan sembah tjipta — kénging kawastanan oeba-rampèning sembah Djawa, ingkang perloenipoen soepados saged netepi sembah Djawa. Dados sembah Djawa poenika pepoentoning lampah, tegesipoen : panembahing batos ingkang toelèn (moerni ingkang boten kemomoran pangraos-kalahiran sekedik-kedika). Ing sembah Djawa ngrikoe sampoen boten ketrotjoban ing kamélikan bangsaning kalahiran, tegesipoen boten maëloe dateng loehoering sarira toewin kanikmataning sarira. Awit saking poenika katemboengaken : kalakoean bangsaning batin. Kados poendi ta lampahipoen ?

(64) Pepoentoning lakoe = pokoking lampah = Oewos-oewosing lampah. Batin = Raos ingkang mengkoe tjipta ripta, ingkang sepen saking soemenggoeh lan mélikan, — ingkang neksèni dateng ANA ingkang langgeng.

Pitakèn poenika sadjatosipoen boten preloe kadjawab; sabab: ingkang takèn poenika mesì rasoekan. Ing mangka panembahing Djawa poenika sesanggemaning Djawa (ingkang ngrasoek rasoekan); dados angen-angen, pangraos-manah, pantjadrija toewin badan waðag boten gaðah wawenang pitakèn makaten. Wawenangipoen namoeng pitakèn: kados poendi panembahipoen tjipta dateng Djawa, toewin panembahing raga dateng Tjipta.


„Kados poendi panembahing Djawa” ————— poenika pitakèning Djawa pijambak. Kawangsoelan déning sasamining Djawa makaten: „Kedah Soetji.”

Pitakèning Djawa malih: „Kados poendi soetjining Djawa?” Kawangsoelan déning Djawa loehoer: „Soetjiné kanþi awas émoet marang alammoe lawas.”

Ingkang nama alam lami poenika, dédé alamipoen saliring badan-badan (pantja maja); dédé alam mentaal, dédé alam astraal, dédé alam donja.

Alaming Djawa poenika inggih alaming Pangéran, inggih alam Kasoenjatan, inggih poenika alam ingkang *amot* (mengkoe) saliring alamipoen badan-badan. „Awas” kalijan „émoet,” ingkang toemrap Djawa poenika dédé (sanès béda, kalijan) „awas” lan „émoet,” ingkang toemrap Tjipta.

65.



(65) Roektiné = pangrakitipoen. Ngoekoet = anggelengaken èngetipoen toemoedjoe dateng Telenging Batos (boten ngèngeti mrika-mrika). Ngiket = nangsoeli. Ngroeket = ngempalaken sadaja ladjeng dipoen tangsoeli dajanning Enget. Triloka kakoekoet (katjakoep = gambaring djagad tetiga boten dipoen èngeti, namoeng ngèngeti dateng Ingkang mengkoe. Djagad agoeng ginoeloeng lan djagad alit = pratjados saking kajakinan bilih badanipoen tetiga dalah djagadipoen waoe *ingkang bakoe wonten*. Kandel koemandel = babar pisan boten wonten semangipoen.

Roektiné ngangkah ngoekoet, ngiket ngroeket triloka kakoeckoet, djagad agoeng ginoeloeng lan djagad tjilik. Dèn kandel koemandel koeloep, mring kelaping alam kono.

* *

Inginggil waoe ngrembag bab *lampah* (*sesanggeman* ingkang toemrap Djawa; inggih poenika *soetji*). Soetjining Djawa poenika ateges: *nginger Èngetipoen* ingkang dateng alam énggal *dipoen inger* dateng alam lami. Ènget ingkang toemrap Djawa poenika soeraosipoen sakalangkoeng lebet, metet sarta djembar, amargi soeraosipoen: *ngawoeningani*, *ngraos*, *mengretos*, *mrik-sani* poenapa déné *andadosaken*, — karingkes: ÈNGET (WOENINGA) Terangipoen malih Tingal Pramana mremanakaken alam lami, mengkeraken alaming badan-badan. Ingandap poenika mratélakaken *pangroektinipoen*, inggih poenika: *pangrakitipoen*, *panggarapipoen* oetawi *pangoekoetipoen*. Pangroektinipoen waoe, ingkang dipoen roekti oetawi dipoen rikit, poenapa? Inggih ngroekti dateng ÈNGET—ipoen. Liripoen: èngetipoen dateng djagad ageng toewin èngetipoen dateng djagad alit, kaemota (kawengkoea) ing ÈNGET—ipoen dateng alam lami. Dados boten kok soepé bilih alam lami poenika wonten, nanging anggènipoen „wonten” namoeng goemantoeng ing WONTEN-ipoen alam lami. Awit saking poenika anggènipoen nemboengaken „ngiket ngroeket triloka katjakoep”. Liripoen katjakoep poenika kamot oetawi kawengkoe Anggènipoen ngroeket ngiket kados poendi? Boten andjawi namoeng MEROEHI (NGÈNGETI) alam lami poenika ingkang PRAMANA, sampoen mesți alam énggal (triloka) katjakoep. Ingkang nama djagad ageng inggih triloka poenika: 1. Alam donja. 2. Alam astraal (péranganipoen nginggil anama Èndraloka.) 3. Alam mentaal (péranganipoen nginggil anama Goeroeloka). Déne djagad alit inggih poenika: 1. badan djasmani, 2. badan astraal, 3. badan mentaal; (limrahipoen kawastanan pantjadrija kapétang dalah angen-angen lan pangraos-manah). Pramila kawastanan djagad alit, awit kebak isi kawroeh kalahiran. Ingkang nama kawroeh kalahiran poenika saliring gambar-gambar (panabet-panabet gambar isèn-isèning djagad ageng). Tetemboengan „djagad ageng ginoeloeng lan djagad alit” oetawi „sirnaning

sahir kabir" poenika boten sanès tegesipoen: saliring gambar ing badan tetiga kawengkoe déning alaming Pangéran. Dados ingkang kagoeloeng poenika gambar oetawi *tābet*. Ing sekar Sinom katemboengaken „kinemat kamot ing drija." Sa-oegi sampoen tetep *ènget-ipoen* poenika watonipoen namoeng kantoen *Pratjados* ingkang ageng,— bilih sadaja waoe mesṭi kawengkoe ing alamipoen PIJAMBAK (Djiwa).

Para maos sampoen soepé, bilih ingkang kapratélakaken ing nginggil poenika pakartining Djiwa, sanès pakartining Tjipta. Déné Tjipta namoeng katoet (kedajan) kémawon. Awit saking poenika toemrap kita ingkang dèrèng nełepi sembah Tjipta, sarèhnè dèrèng kedajan inggih sampoen tamtoe kemawon dèrèng andoengkap dateng pratélan ingginggil waoe.

66.

Kelemé mawa limoet kalamatan djroning alam kanjoet; sanjatané ikoe Kanjataan kaki. Sadjatiné jén tan émoet, sajekti tan bisa awor.

* *

Ingkang tansah ngadjak ènget dateng Triloka lan dateng badan-badanipoen poenika tjipta-ripta. Sarèhnè sembah Djiwa poenika tegesipoen Ènget dateng alaming Djiwa (boten dateng alaming Tjipta), — ing mangka Tjipta poenika badé *noenggil ènget* kalijan Èngeting Djiwa,— ingrikoe raosing ènget ingkang wonten ing Tjipta dipoen inger dateng Èngeting Djiwa, ènget ing Kasoenjatanipoen. Ing nalika saweg „minger" waoe

(66) Kelemé = mandjingipoen = mlebetipoen. Mawa limoet = mawi soepé (kawengkoe ing Ènget). Kalamatan = wiwit tarboekaning Pramana, nanging dèrèng Pramana. Alam kanjoet = salebeting karaos mak lap (mak glijer ing sapandoerat). Kanjataan = sanès panggorohan (sanès pantjamaja). Jén tan émoet = manawi èngeting Tjipta *petal* kalijan Èngeting Djiwa. Awor = dados satoenggal = djoemboeh.

wonten raos soepé sakeḍap, inggih poenika soepé toemraping Tjipta ingkang kawengkoe Èngeting Djìwa. Poenika katemboengaken „kelemé mawa limoet,” tegesipoen mandjingipoen dateng alam Kasoenjatan, Tjipta waoe mawi soepé sakeḍap kados déné soepénipoen saweg dawah saking nginggil ingkang dèrèng doemoegi ing siti. Salebetung soepé waoe meksa boten pedot èngetipoen dateng gegajoehanipoen, poenika Èngeting Djìwa. Nalika soepé salebetung ènget waoe katemboengaken: „salebetung alam kanjoet”. Ing dalem alam kanjoet waoe (ing wates) sampoen wiwit ngraosaken (njoemerepi) alaming Pangéran, nanging dèrèng Pramana, inggih poenika kawitanipoen mandjing ing Kasoenjatan.

Manawi anggèn kita semadi boten saged doemoegi ing „Ènget” kados ingkang kaseboet ingginggil waoe, — inggih poenika soepé sabab kèngetan kalahiran oetawi ketileman, inggih sampoen temtoe boten saged noenggil kalijan Kasoenjatan.

67.

(၁၇) ဟန်မှုဆောင်ရွက်သူများ၏ အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး
သူများ၏ အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး
သူများ၏ အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး ပိုမို အမြတ်ဆုံး

Pamèté saka loe joet, sarwa sareh saliring panganoet; lameen jitna kajitnan kang mijatani, tarlén moeng pribadinipoen, kang katon tinonton kono.

* * *

Inginggil waoe ingkang dipoen pratélakaken sapisan bab lampahipoen sarana soetjining ènget, ingkang kaping kalih bab pangroektinipoen sarana ngoekoet lan ngroeket. Noentén kawewahan katrangan bilih mandjingipoen sarana soepé sakedap.

(67) Pamèté = pamendetipoen = sarananipoen meroehi. Loejoet = raos saking melèk dateng Batos. Nganoet = ngilèkaken daja gesanging raga (Prana) dateng djedjantoeng. Jitna = boten wéja. Mijatani = boten ngoetjiwani. Tarlèn = boten sanès. Pribadinipoen = Pijambakipoen ingkang sadjatos (Djiwa). Katonton = katingal toewin karaos ing Kasoenjatan-ipoen.

Ingandap poenika mratélakaken bab *pamendetipoen* inggih poenika saranani poen saged kaleksanan. Menggah saranani poen mendet inggih poenika saking *loejoet* Kateranganipoen ingkang nama „*loejoet*” poenika makaten :

Saantawisipoen melèk dateng tilem koela wastani lér oetawi
lés (= ສັນຕະລິ) Makaten oegi saantawisipoen melèk dateng

Kasoenjatan. Ananging ^é kalih warni waoe bédha sanget, awit

ingkang dateng tilem poenika „kesoepèn,” ananging ingkang dateng Batos mawi „Ènget”, boten soepé dateng gegajoehani-poen. Salebetung raos mak lap poenika boten oewas soemelang poenapa-poenapa. Ing nalika poenika nijat ngraosaken kanti sarèh dateng raosing badan waðag ingkang dajaning gesangi-poen (Prana) saweg mili ngalempak daieng djedjantoeng. Menggah nijat ngraosaken waoe ateges *mrajitnani* dateng samoeda-janipoen, moerih boten wonten ingkang kèron (kètjèr). Manawi pangrakitipoen ing djawi toewin inglebet saged kapremanakaken sadaja, ngantos boten wonten ingkang ngoetjiwani, katemboengaken *jitna* mawi *kajitnan ingkang mijatani*. Pramila katemboengaken makaten, awit èngeting Tjipta kadajan ing Engeting Djiwa ingkang boten naté kalintoe soemrambah dateng badan sakodjoer. Manawi saged makaten ingkang katingal ing Pramana (karaos): namoeng djoemenenging Djiwanipoen. (Katingal = Karaos = dipoen mangretosi = Dipoen woeningani).

68.

(၆၈) မြန်မာ ရှိယခိုင် အမျိုးအစား မြန်မာ ရှိယခိုင် အမျိုးအစား
 မြန်မာ^(၆၈) ရှိယခိုင် အမျိုးအစား မြန်မာ ရှိယခိုင် အမျိုးအစား
 မြန်မာ ရှိယခိုင် အမျိုးအစား မြန်မာ ရှိယခိုင် အမျိုးအစား


(68) Ajwa salang soeroep = sampoen semang. Sadjatining oeroeb = tjahja Gaïb. Pangarep oeriping boedi = pratanda ndoengkap ing Kawitjaksanan. Soemirat sirat narawoeng = goenilang tanpa wajangan. Pinda kartika = kados lintang. (Tetemboengan: „kados lintang” poenika namoeng panjandra kémawon, nanging saëstoeni poen boten leres oepami dipoen èmper-èmper kados lintang).


Nging ajwa salah soeroep, kono ana sadjatining Oeroeb, jèkoe oeroeb pangarep oeriping Boedi, soemirat sirat narawoeng, kadya kartika katongton.


* * *

Manawi sampoen njoemerepi tjahja ingkang pađang goemilang tanpa wajangan nanging boten ambalerengi poenika pratanda bilih doemoegi ing wawenkoning Kasoenjatan. Tjahja ingkang pađang waoe boten kados tjahjaning strengéngé, lintang oetawi remboelan; poenika ing temboeng Arab kawastanan Noer Moehammad, tegesipoen tjahja ingkang pinoedji. Tjahja waoe boten sanès inggih Tjahjaning Pramananipoen pijambak, awit ingkang nama Pramana poenika inggih tjahja (pepađang) ingkang reraketan kalijan Raos-djati toewin Boedi. Dados manawi Noer poenika sampoen katongton, mratandani manawi Raos dalah Boedi sampoen badé djoemeneng, liripoen sarwa-sarwi terang toemraping Raos toewin Pangretos. Tjekakipoen: sampoen ndoengkap doemoegi ing Kawitjaksanan. Ingkang nama Boedi poenika ingkang dajanipoen noewoehaken Kawitjaksanan. Tetemboengan witjaksana oetawi nawoeng krida, boten kewran ing agal-aloes.

69.







Jèkoe wenganing kalboe, kabokekané kang wengkoe winengkoe wewengkoné wis kawengkoe nèng sirèki, nging sira oega kawengkoe, mring kang pinda kartika bjor.

* * *

(69) Wenganing kalboe = plawanganing kawitjaksana = wiwitipoen tinarboeka. Kabokekané = wiwitipoen mangretos lan ngraos. Wengkoe winengkoe = limpoet linimpoetan. Wewengkoné = kang ćwengkoe. Sira = pikadjengipoen: tijangipoen (sanès Djawanipoen).

Tjahja waoe ingkang minangka plawangan doemoeginipoen ing Kawitjaksanan. Déné Kawitjaksanan poenika tegesipoen : saged ngraos kanji mangretos bilih tijang ingkang nglampahi semadi waoe wengkoe-winengkoe kalijan tjahja ingkang goemilang tanpa wajangan. Liripoen makaten : dajaning tjahja anggènipoen damel padanging pikiran, mripat, pangraos-manah sp. sampoen kawengkoe déning Djawanipoen ingkang oelah semadi, nanging gesanging badan-badanipoen dipoen gesangi déning Tjahja waoe.

70.

Samengko ingsoen toetoer, gantya sembah ingkang kaping tjatoer,
sembah Rasa karasa rosing doemadi; dadiné wis tanpa toedoeh,
moeng kalawan kasing Batos.

三


Ing sapoenika mratélakaken sembah ingkang kaping sekawan, inggih poenika: sembah Rasa; ing woelang kaislamah kawastanan Ma'ripat. Temboeng „*Rasa*” poenika djangkeping temboeng „*Rasa-djati*.“ Dados dédé raosing liđah, dédé raosing badan wađag, dédé raosing manah (bingah soesah). Ingkang nama *Rasa-djati* poenika raosing manoengsa ingkang aloes pijambik, inggih raos ingkang tjeṭa karaosipoen, inggih ingkang mengkoe saliring pangraos poenapa déné ingkang saged ngraosaken *perloening doemados*. Temboeng „*karasa rosing doemadi*” poeniṭa tegesipoen ingkang sepisan: ngraos kanṭi ngretos pijambat preloenipoen toemitah ing alam donja. Kaping kalih: ngraos kanṭi mangretos dateng kasoenjatanipoen sadaja ingkang doemados. Para maos mesṭinipoen sampoen sami mangretos, bilih ingkang nama „*raos*” poenika boten kéging dipoen te-

(70) Tanpa toedoeh = boten kénging katedahaken „kados poendi“
raosipoei Kasing batos = santosaning Djiwa.

dahaken. Sanadjan kēginga *dipoen terangaken* mawi ginem, nanging rak inggih boten kēging *dipoen tedahaken*, ta? Oepaminipoen: raos ingkang nama „*asin*” kados poendi anggènipoen nedahaken? Tijang saged nedahaken raos asin, manawi wonten tijang saged njamboeti ilat. Manawi ingkang dipoen pratélaní waoe dérèng naté ngraosaken inggih sampoen mesji boten saged soemerep „*kados poendi*” raos ingkang dipoen temboengaken nganggé am kalijan  poenika. Langkoeng-langkoeng bab

raosing Batos ingkang ngraos dateng Rosing doemados. Sana-djan dipoen terangna kados poenapa, inggil-inggilipoen namoeng doemoegi ing „*pangretos*.“ La poenapa „*pangretos*“ poenika Raos? Rak sanès. Kaṭah kémawon tijang soegih pangretos (pinter) nanging raosipoen kasar sarta ambeksija, poenika pratanda bilih dajaning pangretosanipoen, sanadjan inggil, boten gaṭoek kalijan raos ingkang aloes. Awit saking poenika namoéng dipoen samar ing temboeng: moeng kalawan kasing batos. Temboeng „*kasing batos*“ poenika dipoen terangaken kémawon, angèl. Kados ta: santosa anggèning ngraosaken panoenggilipoen = njoepékaken raosing pepisahan = boten maëloe dateng raosing badan-badanipoen, namoeng ngraosaken Gesangipoen ingkang anggesangi angen-angenipoen, pangraosing manahipoen toewin raganipoen. Pratélan poenika toemrap ingkang dérèng tinarboeka Raosipoen, inggil-inggilipoen namoeng doemoegi ing *gagap-gagap*, sanadjan mangretosa kanṭi terang.

71.




Kalamoen doeroeng loegoe, adja pisan wani ngakoe-akoe, antoek sikoe kang mangkono ikoe kaki. Kena oega wenang moeloek, kalamoen woes pada melok.

(71) Loegoe = jektos soemerep ing njata. Moeloek = njariosaken prakawis ingkang inggil-inggil, ingkang Gaib-Gaib. Melok = njata.

Sinten ingkang dèrèng saèstoe doemoegi ing Kasoenjatan, kaèngetaken déning Sang nowoeng gita sampoen pisan-pisan poeroen ngakeni sampoen doemoegi. Tijang ingkang ngaken-aken mangka sajektosipoen dèrèng njata, poenika asring tampi sesikoe. Woedjoedipoen ingkang nama sesikoe poenika, kados ta : I énggal lami bađé konangan ing doranipoen, II ladjeng dados tjoe-pet pangoedinipoen amargi kapepetan ing pamrih. Déné jèn sampoen melok (njata), boten wonten alanganipoen njariosaken ingkang Gaib-Gaib. Samanten-waoe inggih mawi empan-papan.

72.

 कृष्णवाच गुरुवर्णं यत् ॥⁽⁷²⁾ अस्य गुरुवर्णं यत् विष्णुं स्तु
त्वा गुरुं गुरुवर्णं विष्णुं गुरुं यत् ॥ यत् गुरुवर्णं गुरुं गुरुं गुरुं
गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं गुरुं ॥


Meloké oedjar ikoe, jèn woes ilang soemelang ing kalboe, amoeng kandel koemandel ngandel mring takdir; ikoe dèn awas dèn émoet, dèn memet jèn arsa momot.

* * *

Paseksèn dateng manahipoen pijambak bilih doemoegi ing Njata, inggih poenika manawi sampoen sirna semang-semangi-poén. Sirnaning semang poenika tegesipoen sakeđik kémawon boten wonten pitakènan ing batos: „Ikoe apa ija apa doedoe? Mengko gèk keliroe.” Anggènipoén boten semang-semang waoe oepaminipoen: Akoe iki ana; Akoe iki oerip; Akoe doewé tangan loro; oejah ikoe asin; — sapanoenggilanipoen, poenika sadaja tijang boten semang. Kadjawi ateges boten semang dateng

(72) Meloké = njatanipoen sarta paseksènipoén. Oedjar = tetemboengan (oengel-oengelan). Soemelang = boten semang lan boten oewas. Kandel koemandel = pretjados ingkang raosipoen soemèntég toewin asrep déning dajaning njata. Takdir = papestèn (pandoem) ingkang toemrap badanipoen ingkang kawengkoe. Awas lan émoet = awas lan émoet toemrap sasmitaning gesangipoen ingkang katampi ing Rosing Raosipoen. Memet = saged ngrasakan dateng sasmitaning Pangéran nganggé Raosipoen ingkang aloes pijambak. Momot = boten nampik milih toemrap babagan ing halahiran-

kawroehipoen, oegi ateges boten gadah oewas koewatos manawi doemawah ing kasoesahan, sakit, kangélan, pedjah sapanoenggilanipoen. Gesangipoen wonten ing alam donja tansah ngraos merdika, amargi boten kawon kalijan kasisahan. Pedjahiipoen inggih merdika, awit raosipoen boten tjengkah kalijan Kodrat. Dados tetéla sagedipoen mengkoe ing bingah-sisah, sakit-sekétja, remen-geting, soegih-miskin, pedjah-gesang . . . sp. manawi bebles (memet) Raosipoen. Temboeng „momot” tegesipoen saged mengkoe dateng pangraos ingkang akosok-wangsoel, boten atampik milih amargi sampoen njata manawi gesangipoen ingkang sadjatos boten kawengkoe ing badan-badan toewin alaming badan-badanipoen. Anggènipoen boten nampik milih toemrap ing kalahiran, poenika katemboengaken kandel koeman-del namoeng ngandel dateng takdir. (Ananging moegi sampoen kelintoe ing panampi kagalih ladjeng nglokro, lemes, melintjoer oetawi ngesèd ; awit poenika teksih èwoning nampik-milih).

73.

ପାମୋଟିଙ୍ଗ ଯାତ୍ରାକୁ ହିନ୍ଦୁମଣିରୂ⁽⁷³⁾ କୃଷ୍ଣବାଣିଜୁଵହିନ୍ଦିଶିଳୀରୂ
ନାନାମନ୍ତର ଯାନିକାହିଁବାଧ୍ୟାଯୀପାତ୍ରୀ
ଶ୍ରୀକୃଷ୍ଣବିଜ୍ଞାନକିଶ୍ଚରାତ୍ରାଧ୍ୟାବ୍ଲୁପ୍ତିରୂ
ଶିଖିନ୍ଦିମାନକିଶ୍ଚରାତ୍ରାଧ୍ୟାବ୍ଲୁପ୍ତିରୂ

Pamoting oedjar ikoe, koedoe santosa ing boedi tegoeñ, sarta sabar tawekal legawèng ati, trima lila ambek sadoe, weroeh wekasing doemados.

Inginggil waoe wonten temboeng *momot* tegesipoen : mengkoe sarta boten nampik milih. Menggah *boten nampik milih* poenika terangipoen : boten nganggeri (nggega kémawon) dateng

(73) Pamoting = anggèning momot = sagedipoen ngregem dateng kadjenging piwoelang. Santosa ing Boedi = tansah netepi dateng wawatoning Boedi. Sabar = saranta = boten remen moering. Tawekal = teteg = toe-wadjoeh. Legawa = danganan (boten njenjengit). Trimä = mareman. Lila = boten ngresoelan. Sadoe = welas-asih. Wekasing doemados = sangkan paraning doemados = alam lami.

panampik toewin pamilihing rasoekan, amargi sampoen tetéla bilih wataking rasoekan poenika namoeng tansah nampik milih, sarta ingkang dipoen pilihi waoe namoeng ingkang adamel kamaremaning badan-badan waoe pijambak, toer boten toemoe-djoe dateng kapreloeaning Djawa ingkang karaos ing rosing doemados. Dados sagedipoen netepi ingkang nama momot waoe, boten andjawi manawi santosa *ing boedi-tegoeh*, tegesipoen: santosa anggènipoen nganggé wawatoning Boedi, boten nganggé wawatoning angen-angen, pangraos manah toewin pangraosing badan waðag. Manawi tékadipoen sampoen santosa makaten, toemindaking gesangipoen ing donja, namoeng kantoen tansah ambenakaken pakartining tjipta ripta ingkang njimpang saking wawatoning Boedi. Inggih poenika kedah toemindak akanþi: sabar, tawekal, legawa, narimah, rila, welas-asih poenapa déné nglestantoenaken oelah semadi. Oelah semadi poenika ateges meroehi dateng ingkang momong oetawi sangkan paraning doemados.

74.

(ସବା ଜାଣି ଅନ୍ତରୀଳପାଇଁ କମିଲାଯାଇଛାଏ ହିମାଙ୍ଗପାଇଁ⁽⁷⁴⁾
ଅଧିକା କାଳାଦିନିବା କୁମାରାଚିନ୍ତା କମିଲାଯାଇଁ ହିମାଙ୍ଗପାଇଁ
ଯାଦିଲାଇଁ ଅତ୍ତାମାଙ୍ଗପାଇଁ (

Sabarang tindak-tandoek, toemindaké lan sakadaripoen, dèn ngaksama kasisipaning sesami, soemimpanga ing lakoe doer, hardaning boedi kang ngrodon.

**

Sadaja pandamel ingkang dipoen lampahi boten kanþi ngangsa-angsa. Kawastanan ing basa Arab: toemaninah. Kalepataning sesami, sanadjan preloe dipoen éwah, nanging ing batos ngapoenten kados déné ngapoenten dateng poetra oetawi

(74) Sakadaripoen = satitahipoen. Ngaksama = ngapoenten. Kasisipan = kalepatan. Soemimpang = soemingkir = nebihi. Lakoe doer = lampah awon. Harda = hawa nafsoe. (temboeng „boedi“ ing oengel-oengelan „hardaning boedi“ poenika tegesipoen: „watak,” sanès *pepadang*).

sarira pijambak ing nalika saweg manggih reribed; amargi: sadaja tijang sami manggih reribed pijambak-pijambak sarta sadaja preloe pikantoek pitoeloengan ingkang saged ngroewat roewedding batosipoen. Manawi katingalan saking Kasoenjatan, sadaja rasoekan ingkang ngebaki djagad ageng sarta lahiripoen sami pepisahan, poenika, boten wonten ingkang dédé rasoekani-poen *Pijambak*. Kadjawi saking poenika, sarèhné saben tijang mesi wonten rereggedipoen (boten kalis saking awon), pramila Sang nawoeng gita paring papènget *soemimpang saking lampah doer*, poenika tegesipoen sampoen njelaki dateng tetijang ingkang remen pandamel maksijat, preloenipoen roemeksa ing sarira sampoen ngantos katoelaran. Toemrap ingkang sampoen kalis kalijan awon boten dados alangan, kados déné emas sanadjan wonten ing patjerèn boten badé nindja; nanging toemrap ingkang dèrèng kalis kalijan awon sarta *taksih ringkih* (*lembèk, dèrèng santosa*) sampoen mesi gampil keplèsèdipoen. Ingkang nama lakoe doer poenika toemangkaring hawa nafsoe ingkang sampoen ngreda. Manawi sampoen ngreda (*ngrodon*) poenika angèl sanget pamekakipoen, awit ingrikoe sampoen wonten *kakijataning ébah-ébahan* (*energie*) ingkang sampoen ageng.

75.

ಆ ಹಾಗ್ಯಾರ್ತ್ರು: ಹಿಯ್ ಹಾಗ್ಯ್⁽⁷⁵⁾ ಅಯಾರ್ತ್ರುಕಿಂಥಂ ಮಾಹಾದ್ವಿಲಿ
ಮಾಹ್ಯ್ ಹಿಂಥಾರ್ತ್ರುಹಿಕಿ ಕಿರ್ತಣಾರ್ತ್ರುಹಾರ್ತ್ರು ವಿನಿಹಿತಾರ್ತ್ರುಹಿ
ಹಿತ್ರು ಹಾರ್ತ್ರುಹಿತ್ರುಹಿತ್ರುಹಿತ್ರುಹಿತ್ರುಹಿ

Dadya wroeh: i ja, do ed oe; jèkoe minongka pandaming kalboe, ingkang boeka ing kidjab 'oellah agaïb, sesengkeran kang sineroeng, doemoenoeng Telenging Batos.

(75) Terangipoen oekara makaten: Dadi weroeh marang kang ಹಿ ಹಿ lan marang kang ಹಾಗ್ಯ್ ಹಾಗ್ಯ್ = Pandaming kalboe = pepadanging manah. Kang amboeka = ingkang ambikak. Kidjaboellah = aling-aling ingkang ngaling-alingi Pangéran = badan-badan sarta alam énggal. Sesengkeran = ingkang sinengker (dipoen koeroeng). Sineroeng = dipoen awisi mendet.

Toemindaking ngagesang ingkang tansah wéwéka kados kaseboet inginggil waoe anama saged milah *Raos* kalijan *pangraos*, boten dipoen tjaroeb kémawon. Kadjeng ingkang toe-woeh saking *Raos*, poenika ingkang *मीया* Ingkang toewoeh saking pangraos, poenika ingkang *मीया* Dados ing saben toemindak (sanadjan namoeng wonten ing batos, dèrèng kelahir) tansah dipoen wékani: poenika poenapa ingkang *मीया* poenapa inkang *मीया* Ingkang *मीया* poenika tansah mengkoe lan nglimpoeti dateng ingkang *मीया*, sarta tansah boten kamaran dateng saparipolahipoen ingkang *मीया* Éwadéné ingkang *मीया*, sanadjan tjelak sanget kalijan ingkang *मीया*, nanging boten naté soemerep dateng ingkang *मीया* Ing saladjengipoen manawi tansah makaten kémawon ing sadjeg gesang tansah boten soemerep ing pepadanging manah (पाण्डित्यादि) awit keladjeng anggèning boten soemerep ing Kasoenjatanipoen. Temboeng „Kasoenjatan” poenika tegesipoen samoekawis ingkang *माणसा* Temboeng *माणसा* poenika tegesipoen ingkang *मुख्यम्* oetawi ingkang *क्षेत्रम्* oetawi ingkang *प्रभावम्* oetawi ingkang *विधिम्* oetawi ingkang *पूर्वम्* oetawi ingkang *पात्रम्* oetawi ingkang *प्रतिक्रिया* oetawi ingkang *कारणम्* sapanoenggilanipoen. Kosokwangsoelipoen: ingkang *मीया* poenika ingkang *क्रिया* oetawi ingkang *क्रियाव्ययम्* sapitoeroetipoen.

Ingkang *मीया* waoe manawi pakartinipoen tilar sasmitaning *Raos* (njimpang saking leres), temahan tansah dados aling-aling

(kidjab) ingkang ngaling-alingi Kasoenjatanipoen. Ingkang kaling-kalingan poenika prenahipoen wonten ing Telenging Eatos. Toemirap ingkang hardaning manah angrodon, kaoepamakaken ingkang waoe kados sinengker (dipoen koeroeng sarta sineroeng).

Tetemboengan sinengker oetawi sineroeng poenika limrahi poen ateges *dipoen damel wados* oetawi *dipoen larangi*, soepados tijang kaṭah boten saged mendet. Panginten „*dipoen larangi*” poenika prajogi dipoen sirnakaken, awit ingkang nglarangi (ngawisi) poenika boten sanès kadjawi namoeng hardaning manahipoen pijambak ingkang ngrodon.

76.

(ၭ၅) ဟနနိယျှေးပြီကျေ၊^(၇၆) (အောင်များများပေါ်များ)
 ၅၂။ ပုဇွန်သူ့အေး(အေး)၊ အေးနိုင်သူ့အေး
 ၅၃။ ပါမိုးသူ့အေး^(၇၇) (အေး)

Rasaning oerip ikoe, krana momor pamoring sawoedjoed; woedjoed dolah soemrambah ngalam sakalir, lir manis kala-wan madoe, endi arané ing kono.

* * *

Raos GESANG inggih Raosing PANGÉRAN, inggih raos ANA, inggih PRIBADI, poenika toenggil tanpa wangenan kalijan raosipoen sadaja ingkang doemados. Sami kémawon tegesipoen kalijan oekara ingadjeng „Raos poenika mengkoe sarta nglimpoeti dateng pangraos.” Tjaranipoen nglimpoeti poenika boten kados pedoet nglimpoeti doesoen. Tjaranipoen awor boten kados sarem kalijan toja. Tjaranipoen mengkoe boten kados wadah mengkoe isinipoen. Pramila makaten, awit ingkang

(76) Rasaning oerip = Raosing Pangéran = roemaosipoen bilih PIJAM-BAK poenika mesti WONTEN. Momor = noenggal. Pamoring sawoedjoed = amor kalijan woedjoed = dados woedjoed = maoedjoed. Woedjoed 'oellah = paseksèn wontenipoen Pangéran Soemrambah = nglimpöeti (njamadi) Alam sakalir = alam donja dalah sadaja alam kaaloesan. Endi arané ing kono = endi kang aran madoènè lan endi kang aran manisé.

mengkoe kalijan ingkang dipoen wengkoe poenika satoenggal; kados déné maben kalijan leginipoen oetawi kados déné ron kalijan idjemipoen, oetawi kados déné slaka ingkang dados jatra ringgit kalijan ringgitipoen, oetawi kados déné lagoening gending kalijan swara ingkang moedjoedaken gending waoe, oetawi kados déné Tjipta kalijan tjetjiptanipoen poenika sadaja namoeng pepindan, moerih boten kelintoe anggènipoen negesi temboeng *toenggal tanpa wangenan* oetawi *nglimpoeti*. Ingkang  waoe kawastanan  oetawi  Ingkang  poenika kawastanan  oetawi  Ananging saréhné kawoela poenika boten saged pisah kalijan Goesti, dados Goesti poenika inggih angawoela (toemoet dados kawoela). Nanging boten naté kataman ing reregeding kawoela, amargi boten kadoenoengan *soemenggoeh* kalijan *kamélikan*, oetawi namoeng mengkoe dateng  kalijan 

Boten wonten ngagesang ingkang semang bilih pijambaki-poen WONTEN. Poenika amargi kesorotan (kesawaban) ing WONTEN—ipoen Pangéran.

Boten wonten ngagesang ingkang boten roemaos *gesang*; poenika amargi kedajan ing GESANG-ipoen Pangéran.

Boten wonten ngagesang ingkang boten *neksèni* (*meroehi*) dateng WONTEN-ipoen samoekawis ingkang dipoen sarawoeng. Poenika amargi kesawaban ing Pangéran anggènipoen NEKSÈNI oetawi NGAWOENINGAN! ing „Kasoenjatan.”

77.

(77) Noeksmèng pasang semoe = tanggap sasmitaning Pangéran. Pasamoeaning hèbing kang Maha Soetji = pasamoeaning para Djawa loehoer. Kasikeping tyas katjakoep = mangretos dateng ingkang preloe katindakaken mitoeroet pandoeming doemadosipoen. Kasatmata lahir batos = mangretos dateng ingkang preloe katindakaken ing panggesangan lahir toewin ing panggesangan Batos.

Endi manis ndi madoe, jèn wis bisa noeksmèng pasang semoe, pasamoan ing hèb ingkang Maha Soetji, kasikep ing tyas katjakoep, kasat mata lahir batos.

*
**

Maben poenika, manisipoen ingkang poendi, mabenipoen ingkang poendi, — ron poenika, idjemipoen ingkang poendi, ronipoen ingkang poendi, — jatra ringgit poenika, slakanipoen ingkang poendi, ringgitipoen ingkang poendi, — sapanoeng-gilanipoen poenika namoeng kanggé pepindan pamilaing *kawoela* kalijan *Goesti* oetawi *pangraos* kalijan RAOS-ANA. Preloenipoen saged milah poenika, soepados kita boten sasar-soesoer oetawi salawana panampining raos-pangraos toemrap tjaraning madosi Kasoenjatanipoen pijambak. Ing mangka, ingkang kita-anggé milah poenika boten namoeng *pangretos*. Ingkang preloe *raos-pangraos*, oegi nganggé lantaran pangretos ingkang terang. Menggah pamilahipoen tjara pangretos, makaten:

Manis poenika saged pisah kalijan maben, awit gendis inggih manis; ananging *maben* boten saged pisah kalijan manis, djer boten wonten maben ingkang boten manis.

Slaka poenika saged pisah kalijan ringgit, awit saged dados sesoepé oetawi namoeng prongkolan; ananging *ringgit* boten saged pisah kalijan slaka, djer boten wonten jatra ringgit ingkang dédé slaka.

Raosing Gesang poenika saged pisah kalijan pangraosing tijang, awit saged dados pangraosing Déwa, sato Réwan, Djin sp.; ananging pangraosing *tijang* (kados ta : ingkang maos serat poenika) boten saged pisah kalijan *raosing Gesang*, djer boten wonten ngagesang ingkang semang-semang dateng AKOE-ANA.

AKOE poenika saged pisah kalijan pangraosing tijang, kewan, Djin, Déwa toewin sanès-sanèsipoen, awit tetep langgeng djoemeneng PRIBADI; ananging pangraosing machloek boten wonten ingkang saged pisah kalijan AKOE, djer boten wonten tijang oetawi machloek sanèsipoen ingkang boten ngroemaosi AKOE (IKHEID).

Ingkang dipoen wastani *Raosing Gesang* poenika „*Raosing AKOE ANA*“ ingkang boten teloek (boten kaling-kalingar:) ing *raosing machloek*. Inginggil poenika panglaras tjara pangretos

(pikiran). Wondéné panglarasipoen tjara Raos, kasoemang-gakaken anggènipoen gagap-gagap ing mangsa-kala manawi kaleres eneng, ening. Manawi telatos maligékaken panggalih lami-lami saged ngraos dateng *kalébatipoen* raos-pepilahan kalih warni waoe.

Wasana lami-lami karaos ing rosing-raos, tanggap ing sasmitaning Gesang inkang anggesangi prasasat noenggil ing pasamoean soetji.

78

Ing batin tan kaliroe, kedap kilap liniling ing kalboe, kang minangka tjolok tjalaking Hyang Widi; widadaning boedi sadoe, pandak pandoeking liroe nggon.

10

Menggah sasmitaning Pangéran poenika boten namoeng ing alam kaaloesan kémawon oetawi ing Batos kémawon; ing alam wađag oetawi ing kalahiran pisan oegi wonten sasmitaning Pangéran. Boten namoeng *wonten* kémawon, malah kebak sasmitaning Pangéran. Bebasan saben dinten kesampar kesandoeng, nanging awis ingkang doemoenoeng (boten saged nampi), amargi kaling-kalingan ing oebaling angen-angen toewin nafsoe, temahan boten saged ngraos ingkang wonten ing Batos, djer tansah namoeng ngraos-ngraosaken ing kalahiran (ing angen-angen, ing pangraos manah, ing pangraos badan ing pantjadrija) kémawon. Manawi kita sampoen saged ngraosaken ingkang

(78) Ing batin = ing Raos ingkang mengkoe Tjipta. Tan kaliroe = prigel nampi. Kedap kilap: koemlébating sasmita. Liniling = dipoen garap. Tjolok = sesoeloeh. Tjelak ing Hyang Widi = mèh noenggil raos kalijan Raosing Pangéran. Widada = mekar = ngrembaka. Ambek sadoe = welas asih. Pandak = lagon. Pandoek = patrap liroe enggon = gantos alam.

wonten ing *Batos* kita, inggih poenika ingkang anama *tjelak sanget* kalijan Pangéran kita. Wondéné ingkang minangka *tjetjolok (sesoeloeh)* boten andjawi namoeng *talatos nenitèni* saliring ébah-ébahan, inggih poenika *talatos ngopèni* dateng sasmita. Manawi kita sampoen koelina sesrawoengan kalijan sasmitaning Pangéran, lami-lami ladjeng dados awas toemrap ing kalahiran toewin ing kabatosan, inggih poenika ingkang katemboengaken *kasatmata lahir batos*. Manawi kita saged makaten, kita saben dinten tansah magoeroe dateng Batos kita pijambak ingkang boten naté lepat pwoelangipoen. Poenika katemboengaken kita angsal *Goeroe sedjati*, ingkang moelang *Sastratjeta*. Djagad poenika ladjeng awoedjoed grijja pamoelangan loehoér; isining djagad ingkang minangka aanschouwingsonderwijs (pirantos moelang). Ingrikoe kita ladjeng njata bilih ingkang goemelar poenika kénging karingkes: 1. Paseksèn wontenipoen Pangéran 2. Pirantos ngoedi kawroeh Kasoenjatan, 3. Kateranganipoen (pratélan saking Goeroe djati).

Toemrap kita ingkang oelah semadi tamtoe wonten raos-aloes oetawi tetingalan aloes poenapa déné swara aloes, — ingkang boten naté kasarawoeng ing raos-kasar, mripat kasar, pamireng kasar, — ingkang preloe kadadosaken garapan kita. Sasmita ing dalem semadi waoe ingriki katemboengaken *kedapkilap*. Anggènipoen anggarap (moerih mangretos) katemboengaken: *ngliling*. Wasana manawi sampoen ngadjengaken doemoegi ing djandji, kita saged karaos pijambak, ladjeng tata-tata pangrakitipoen.

Ingkang minangka sesoeloehing raos toemrap Raos Kapangéranan, inggih poenika watak sabar-welas asih ingkang ngrembaka dados dasáring raos.

Watak Asih dateng sasamining toemitah, poenika saëstoe *pirantos ingkang premati pijambak* kanggé pindah alam: saking panggorohan dateng Kasoenjatan.

Ambek sadoe (Satya Boedya) poenika pangekesing *Ahamkara* kalijan *Tanha*.

ৰূ. গুৰুত্বপূর্ণ মানবিক পুস্তক সংগ্রহ কেন্দ্ৰ পৰিষদ
বাহ্যিক পত্ৰ এবং বার্তা পত্ৰ প্ৰকাশন।⁽⁷⁹⁾

ng-Gonira mamrih toeoes, kalaksitaning rèh kang rinoeroeh, nggjanira mrih wiwal waranining gaib. Paranta lamoen tan weroeh, sasmita djatining endog.

* *

Patrap kita gantos alam poenika kados poendi? Mlebet dateng alam Batos poenika *etjakipoen* kados poendi? Ingkang nama ing Batos poenika ing poendi? Poenapa ing salebetung daging poenika? Ingkang nama alam lami poenika ing tembing poendinipoen alam donja? Pitakèn-pitakèn waoe sadaja sanadjan gampila anggènipoen damel wangsoelanipoen, nanging *boten saged dipoen tedahaken*. Ingkang saged nedahaken inggih Sang Goeroe djati, inggih poenika *sasmita* ingkang nerangaken *patrap* oetawi *pratikel* oetawi *paégoeh* moerih kita sageu' linta-lintoe raos-pangraos. Temboeng „*batos*” poenika namaning kéblat (arah, ênér); nanging boten ateges saking satoenggiling panggénan dateng panggénan sanès. Poenika kéblating raos. Ingkang nama „*lahir*” poenika kéblad saking raosipoen ingkang mengkoe dateng *ingkang dipoen wengkoe*; ingkang nama „*batin*” kéblat saking raosipoen *ingkang dipoen wengkoe* dateng *ingkang mengkoe*. Manawi kita sampoen terang gamblang (ing raos) dateng ingkang nama lahir kalijan batos ladjeng mangretos bilih pitakèn-pitakèn inggingil waoe nakèkaken prenahipoen ingkang mengkoe djeboel dipoen oepadosi wonten *ingkang dipoen wengkoe*. Dados: salawan a.

(79) Toeoes kalaksitan ing rèh kang rinoeroeh = lastantoen saged kaleksanan anggènipoen ngoepadosi patrap oetawi pratikel ing dalem batos (kados poendi etjakipoen). Gjanira mrih wiwal warananing Gaib = patrap pámijaking warana ingkang ngaling-alingi Kasoenjatan kita. Paranta lamoen tan weroeh = prajogi mangretosa. Sasmita djatining endog = widji Kapangéranan ingkang doemoenoeng ing kita sageda babar dados sipating Pangéran, mengkoe sarta noenggil kalijan sadaja ingkang maoedjoed ing kalahiran. Kalaksitan = kaleksanan. Rèh = patrap = pratikel. Kang rinoeroeh = ingkang kaoedi. Wiwal = semisih, boten ngaling-alingi. Pañan = kadospoendi.

Kalimrahanipoen „*ing batin*“ poenika asring dipoen temboengaken „*inglebet*“. Pramila arah prenahing lahir kalijan batos toewin anggènipoen linta-lintoe, ladjeng nganggé sasmita bab tigan. Peṭaking tigan poenika, sarèhné wonten ing djawi ladjeng kanggé pepindan *lahir* oetawi *kawoela*. Déné djenènipoen, sarèhné wonten inglebetipoen ladjeng kanggé pepindan *Batos* oetawi *Goesti*. Ananging — sarèhné: saleresipoen ingkang nama batos poenika *Dédé inglebet*, sajektosipoen noenggil kémawon kalijan ing lahir (kados déné maben noenggil lan manisipoen, péراك noenggil lan ringgitipoen) dados ladjeng kaoepamèkaken *tigan dados ajam*. Ingkang dados ajam poenika djenènipoen. Peṭakipoen mlebet dateng ajamipoen, ladjeng sirna mandjing wonten ing ajam. Djenènipoen ladjeng medal, dados wonten ing djawi. Kawontenan ingkang makaten waoe (inglebet dados ing djawi, ing djawi dados ingiebet) oegi dipoen kias: warangka mañdjing tjoeriga. Ingkang kaoepamèkaken peṭaking tigan, warangka toewin ringgit poenika raos-pangraosing tijang (angen-angen sawewengkonipoen); ingkang kaoepamèkaken djenéning tigan, tjoeriga toewin péراك poenika Raosing Pangéran inggih poenika raosing AKOE ANA. Manawi *raosing tijang* (akoe palsoe) sampoen mlebet dateng AKOE SANJATA, ingrikoe ladjeng njata bilih kalih pisan *boten késah-késah* sarta *boten linton panggénan*.

80.

ଅୟ ପୁଣି ଯାହାକୁ ଦିଲି ପୁଣ୍ୟ ॥⁽⁸⁰⁾ ଯଏ ମାତ୍ରମନୀତିବ୍ୟାଳିକାଂ ମୁଖ୍ୟ
ଧର୍ମଧର୍ମା ଗର୍ଭାଜ୍ଞାନୀଯାଙ୍କୁ ଧର୍ମଧର୍ମାତିଷ୍ଠାତା । ମନୀତିବ୍ୟାଳି
ମୁଖ୍ୟ ॥ ଅନ୍ତର୍ମାନୀଯାଙ୍କୁ ଧର୍ମଧର୍ମାତା । ॥

Poetih lan koeningipoen, lamoen arsa titah teka mangsoel, déné nora mantra-mantra jèn ing lahir, bisaa aliroe woedjoed, kadadéjané ing kono.

**

(80) Poenika kénginga kanggé pepiridan. Titah teka arsa mangsoel = la tijang titah kok badé wangsoel dateng ingkang nitahaken! Nora mantra-mantra ing lahir = tata lahiripoen mokal sanget. Bisaa aliroe woedjoed = kados poendi sagedipoen alinton woedjoed. Kadadiané ing kono = bisané Kadadian mangkono kaprijé?

Toemrap kita ingkang dèrèng mangretos mestinipoen anggalih mokal sanget déné titah ingkang asor lan apes poenika saged dados Ingkang Maha Koewasa. Dasar inggih boten mantra-mantra saged kalampahan ing lahir dados ing batos, oetawi panggorohan dados kasoenjatan. Ananging manawi kita sampoen terang dateng kanalaranipoen, inggih boten mokalaken, awit: boten kok „titah dados Ingkang Maha Koewasa,” poenika boten. Kalih-kalihipoen adjeg kémawon, boten béda kalijan manising maben adjeg dados manisipoen kémawon, mabenipoen inggih adjeg dados maben kémawon, ringgitipoen inggih adjeg dados ringgit kémawon, péراكipoen inggih adjeg dados péراك kémawon. Ingkang katingal ambegogok poenika pantji apes. Makaten oegi pangraosing badan-badan ingkang pepisahan, inggih apes; ananging Gesang ingkang mengkoe sarta nglimpoeti badan-badan poenika Kawasa sarta Langgeng, kados déné soroting srengéngé ingkang moedjoedaken reroepèn warni-warni ing alam donja poenika boten naté pisah kalijan srengéngé. Dados anggènipoen apes poenika sebab pakartining badan-badan boten salaras kalijan pakartining Gesang (njoelajani angger-anggering Leres). Manawi pakartining badan-badan roentoet kalijan ingkang makartékaken, ladjeng sirna raosing apes amargi sirna ingkang ngaling-alingi, djer ingkang dados aling-aling poenika pakarti ingkang njoelajani kalijan pakartining Pangéran. Manawi pakartining Tjipta noenggil kalijan pakartining Djawa, ingrikoe sirna ingkang ngaling-alingi, awit tjipta ladjeng djoemboeh kalijan Tjiptaning Pangéran. Sarèhné makaten, poenapa wonten ingkang ngaling-alingi? Boten wonten? Poenika pepindanipoen soroting srengéngé ingkang ngoroti katja benggala ageng, tjahjaning katja benggala boten béda babar pisan kalijan tjahjaning srengéngé.

81.

(၁၂) တန်ခိုးတရာ့ဘုရားရှင်၏၊ မြတ်များတန်ခိုးတရာ့ဘုရားရှင်၏^(၈၁)

(81) Istantarah tan metoe = boten nijat medal. Déne ing ndjro wekasane dadi ndjawi = jén dipoen wastanana inglebet, teka wonten ing djawi. Rasakna kang toewadjoeh = ngraosna bilih inglebet inggih Ngriki, ing djawi inggih ngriki.

ପ୍ରଦୀପାବିନ୍ଦୁ କ୍ରୁଣିତାମାତ୍ରାହୃଦୟବିଜୟି । ଖବରାନ୍ତିମାନ୍ତର୍ଯ୍ୟ
ଶ୍ରୀ ଯାତ୍ରାଧାରୀ ବିନାଯାମ୍ବନ୍ଧୁର୍ବାହୀ ॥ (୩୩)

Istingarah tan metoe, lawan istingarah tan loemboe, déné ing ndjro wekasané dadi ndjawi. Rasakna kang toewadjoeh, adja kongsi kabastoeron.

* *

Sarèhné inglebet sampoen dados satoenggal kalijan ing djawi, sarta ing djawi sampoen wonten inglebet, dados anggènipoen wangsoel boten nijat mlebet sarta boten nijat medal. Kados ta: tijang ingkang semadi boten anggagas oetawi ngénṭa-énṭa badé mlebet dateng salebeting djantoeng, sarta boten nijat medal saking raga ladjeng madosi Pangéran ingkang kaénṭa-énṭa wonten sadjawining raga. Wangsoel dateng sangkan paraning doemados poenika kedah njoepékaken dateng arah-prenah, sarta boten késah-késah, sadaja sampoen wonten ing NGRIKI.

Raosung NGRIKI ingkang boten ngèngeti Pangéran toewin arah-prenah (lér - kidoel), ngandap - nginggil, wétan - kilèn, ing djawi - inglebet, ing kiwa - ing tengen, ingadjeng - ing wingking) poenika dawoehipoen Sang nawoeng gita ndikakaken ngraosaken ingkang toewadjoeh, liripoen: memet momot, ingkang ngantos katjepeng.

Manawi kalintoe ing panganggep anama kabestoeron. Tegesipoen: *koroep*. Teniwoeng „*koroep*“ poenika tegesipoen: ingkang *Ija* dipoen oeroepéken kalijan ingkang *doedoe*. Anggènipoen ngoeroepaken boten dipoen djarag, namoeng saking boten mangretos. Kaladjeng boten mangretos poenika namanipoen kabestoeron.

ଶ୍ରୀ ମା ଜା ହୋ ପ୍ରଦୀପାବିନ୍ଦୁ କ୍ରୁଣିତାମାତ୍ରାହୃଦୟବିଜୟି । ଖବରାନ୍ତିମାନ୍ତର୍ଯ୍ୟବିଜୟି ॥ (୩୩)

(82) Kadjantaka = keladjeng peteng (pedjah) = boten soemerep ing Gesangipoen. Tanpa toewas = boten pikantoeck pepadanging Gesangipoen. Tiwas ing doemadi = tjatjad anggènipoen doemados. Ina = asor = tjalaïna.

ନାମାଣ୍ୟବାତ୍ପିକ୍ଷିଯବାକ୍ୟବାଦି । ଶବ୍ଦିଭ୍ୟଂବିଧାନ୍ୟତ୍ୱଃ
ଭ୍ୟବାତ୍ପିକ୍ଷିଯବାକ୍ୟବାଦି ॥ (୩)

Karana jèn kebandjoer, kadjantaka toemekèng saoemoer; tanpa toewas jèn tiwasa ing doemadi; dadi wong ina tan weroeh, Dèwèké dèn anggep dajoh.

* * *

Manawi kaladjeng boten mangretos dateng sangkan paraning doemadosipoen inggih kaladjeng boten djoemeneng Gesangipoen, keladjeng boten ngretos lan boten ngraos dateng sadjatosing Gesangipoen. Makaten poenika anama kainan, amargi tjetjad anggènipoen doemados, temahan dados titah ingkang asor kados tijang woeta ingkang boten soemerep dateng PIJAMBAK-ipoen pijambak. Pramila kaoepamèkaken woeta, awit pangling dateng AKOE ingkang sanjata, amargi namoeng ningali dateng waðagipoen kémawon ingkang ladjeng kakinten PIJAMBAK-ipoen. Oetawi kados tijang tjala ina ingkang boten soemerep dateng grijanipoen pijambak, awit Kasoenjatanipoen ingkang sajektosipoen wonten ing NGRIKI dipoen kinten wonten ing *ngrika*.

V.

॥ ମିଳା ହି ହି ହି ॥

Sawenèhing pamanggih : ingkang kasekaraken Kinanti poenika sanès anggitan Dalem soewargi Kangdjeng Goesti P. A. A. MANGKOENEGARA IV. Ananging malah ndadosaken saénipoen, amargi mewahi dateng teranging piwoelang.

83.

(୩) ଭକ୍ତିରାଜାନୀତିକିର୍ତ୍ତିଯତ୍ୱଃ (୮୩) ବସନ୍ତିର୍ଯ୍ୟବାତ୍ପିକ୍ଷିଯବାଦି ।

(83) Kantining toemoewoech = mitra ingkang setya toehoe sadjeg gesang. Loekita = kasoesilan (tresna dateng Leres). Loekitaning alam = sasmitaning Pangéran ingkang sarana nitik angger-anggering alam. Wiraja = apa. Sangsaja = raos sakit. Oerip = gesangipoen wonten ing alam donja.

զենියානීනානීයානු ගැනීත්තුනීයානී සුජානීත්තුනී
වයා ඉයාපයුනානීතුනීයානු (මූ)

Mangka kantining toemoewoeh, salami moeng awas éling, éling loekitaning alam, dadi wérjaning doemadi, soepadi niring sangsaja, jèkoe pangreksaning oerip.

* *

Ingkang dados kanjining gesang wonten ing ngalam donja inggih poenika : Awas sarta Ènget. Ingkang dipoen awasaken oetawi dipoen èngeti, poenika sasmitaning Pangéran ingkang karaos ing Batos, ingkang katingal ing Lahir. Temboeng „loe-kitaning alam” tegesipoen raras-roentoeting toemindakipoen wonten ing alam donja karoentoetaken kalijan Iradating Pangéran. Anggènipoen tansah ngroentoetaken *kadjengipoen* kalijan *Karsaning Pangéran* poenika Loehoer-loehoering tapa, katemboengaken wirajaning doemadi. Manawi toemindak ingagesang tansah mitoeroet pranataning Pangéran, poenika kénging kaoepamèkaken nglangi manoet ilining toja. Dados tanpa sangsara. Wontenipoen sangsara poenika asal saking nerak angger-anggering Leres. Ingkang nama pranataning Pangéran poenika boten sanès inggih angger-anggering Leres. Roemeksaning gesang ing lahir toewin ing batos boten sanès kadjawi mindeng Èngèt dateng watoning Leres.

84.

(මූ) ජාත්‍යගුණීතියානු යානු ප්‍රසාද නීයානී (84)
නිකානීතිතුයානීයා යානු ප්‍රසාද නීයානී ඉයානීයානී
යානීයා සුජානීත්තුනීයානී (මූ)

(84) Taberi = toememen, talatos. Lantiping ati = prigel mbédakaken ingkang Leres kalijan ingkang lepat, sarta ingkang Saé kalijan ingkang awon, énggal mangretos sarta énggal karaos. Ambéngkas = njirnakaken. Oetami = oetami anggènipoen ngawoela ing Pangéran.


Marma dèn taberi koeloep, angoelah lantiping ati, rina wengi dèn 'anedya, pandak-pandoeking pamboedi, bengkas kahardaning drija, soepadaya dadya oetami.

* *

Matenging nalar sarana kaoelah. Makaten oegi mingis toe-win memeting Raos, sadaja kaoelah rinten daloe, ngantos atoel (mandjing dados dasar). Ingkang kaoelah poenika kalih warni: I Pamikir II Pangraos. Pamikir tansah angoedi wawatoning LÊRÈS. Pangraos tansah angoedi wawatoning SAÉ. Tegesipoen Lérès poenika tjotjog kalijan Pangretosing Pangéran. Tegesipoen Saé poenika tjotjog kalijan Raosing Pangéran. Pangéran poenika inggih Kasoenjatan. Kasoenjatanipoen sinten? Inggih Kasoenjatan kita. Dados tetéla: LÊRÈS kalijan SAÉ poenika gađahan kita ingkang sajektos, sarta kénging kita takékaken dateng Goeroe kita ingkang sadjatos, inggih poenika Boedi oetawi raos kita ingkang asasana wonten ing djadjantoeng kita.

Manawi waton waoe sampoen katjepeng poenapa hardaning drija boten kabéngkas? Mokal! Tijang ingkang noeroet hardaning manah oetawi faham ingkang lepat, poenika rak amargi ingkang lepat dipoen kinten ingkang Lérès, awon dipoen kinten Saé, ta? Poenapa wonten ngagesang ingkang boten remen dateng NJATA? Masți boten wonten! Tandanipoen: sareng sampoen soemerep ing njatanipoen, ladjeng n g e m o h i dateng kelintoenipoen, ingkang waoenipoen dipoen remeni. Poenika pratanda bilih DASAR- kita poenika NJATA sarta asal kita saking NJATA. Kaboekti déning tañsah ngoepadosi INGKANG NJATA. Inggih sampoen tamtoe kémawon dèrèng marem-marem, manawi dèrèng doemoegi ing gađahan kita ingkang sadjatos inggih poenika NJATA.

85.

 **ပန္ဂနယ်ရှုဟန်မိမိမြတ်များ**⁽⁸⁵⁾ ပန္ဂနယ်ရှုဟန်မိမိမြတ်များ

(85) Pangasah = pangoedi moerih landep. Sepi samoen = sepen ing pamireng lan sepen ing panggagas. Kawistara = karaos. Mingis-mingis = karaos padang lan mangretos kadjengipoen pijambak. Woekir reksa moeka

ତୁମ୍ହାରିଲିଖିଲୁଗା ଯାହାକୁଟିପାଇଲିଛିଲିଏ ବନ୍ଦି
ଭୂଷାଶକ୍ତିରେ କଣିକିରୁଅନ୍ତରୀଳରେ ଥିଲା ।

Pangasahé sepi samoen, ajwa esah ing salami, samangsa wis kawistara, lalandepé mingis-mingis, pasah woekir reksa moeka, kekes sрабédaning boedi.

* *

Pangolah kita moerih landep (lantip) poenika wonten ing papan *sepen* sarta *sepen* saking panggagas. Dados ateges taberi oelah semadi. Saja lami saja landep angoengkabi warana, sarta saged noelak pangriðoening hawa nafsoe ngantos sami soe-mingkir kadjengipoen pijambak.

86.

ତୁମ୍ହାରିଲିଖିଲୁଗା କିମ୍ବାରାହାରିଲିଏ କିମ୍ବାରାହାରିଲିଏ⁽⁸⁶⁾
କିମ୍ବାରିଲିଖିଲିଏ କିମ୍ବାରାହାରିଲିଏ କିମ୍ବାରାହାରିଲିଏ
କିମ୍ବାରାହାରିଲିଏ କିମ୍ବାରାହାରିଲିଏ ।

Déné awas tegesipoen, weroeh warananing oerip, miwah wisésáning Toenggal, kang atoenggil rina wengi, kang moekitan ing sakarsa, goemelar ngalam sakalir.

* *

Temboeng awas ingkang kaseboet ingadjeng waoe tegesipoen pratitis anggèning ngraosaken ingkang poendi ingkang Warana, ingkang poendi ingkang dipoen waranani, sarta ladjeng boten maëloe dateng watoning warana, malah kaoelataken. Oegi ateges saged ngraosaken toekoeling krenteg ingkang saking Pangéran, ingkang minangka sabdaning Pangéran. Ingkang nama Sabdaning Pangéran inggih poenika pangoewasa ingkang ngoesikaken sanoebarining manoengsa sarta ndoemadosaken sakatähing woedjoed.

(86) Warana = aling-aling. Weroeh = ngretos lan ngraos. Moekitan ing sakarsa = Sabda ingkang noewohaken karsa. Wisésaning toenggal = wiradating Pangéran. Alam sakalir = sadaja alam (Sadaja woedjoed).

ଓঁ শায়খি (ওয়াগী মাল্য) গবেষক প্রতিষ্ঠানটির স্বীকৃতি।
 এই শায়খি কলা বিদ্যার অন্তর্ভুক্ত একটি শাখা। শায়খি শব্দটি আমাদের
 জ্ঞান ও ধৰ্ম বিদ্যার অন্তর্ভুক্ত একটি শাখা। শায়খি শব্দটি আমাদের
 জ্ঞান ও ধৰ্ম বিদ্যার অন্তর্ভুক্ত একটি শাখা।

Ajwa membrana ing kalboe, wawasen woewoes sirèki. Ing kono jekti karasa, doedoe oetjapé pribadi; marma dèn sembadèng sedya, wewesen praptaning oewis.

* * *

Sarèhning sadaja poenika kadadosan saking Sabda, sarta Sabda poenika *Kawasa*, kita ingkang sampoen ketjelak kalijai Pangéran preloe ngatos-atos sanget manawi ngandika. Kados ta mastani *bodo*, *tjilaka*, *édan*, sapanoenggilanipoen ingkang ateges boten saé. Awit, pangandikanipoen soedjanma ingkang sampoen katjelak kalijan Pangéranipoen poenika katoemoesan Sabdaning Pangéran. Manawi ngantos nemahi, poenika damel panandang dateng kalih-kalihipoen. Ingkang ngendika awon waoe anama boten saged ngagem pangoewasaning Pangéran, Iadjeng andadosaken rendeting lampah dateng karahajon. Manawi kita premakaken salebeting semadi, ingrikoe kita saged ngraos pijambak ing *Panoenggilan oetjap* kita kalijan *Sabdaning Pangéran*. Liripoen: pangandika pandjenengan ingkang soetji sarta maton poenika kedajan saking Sabdaning Allah. Kita badé saged njatakaken pijambak dateng bab poenika. Awit saking poenika, manawi sampoen inggil daradjat kita, sangsaja ageng pangatosatos kita. Moegi-moegi para sadérèk ingkang oelah kabatosan remen ngendika ingkang Leres, Saé, toewin Preloe. Ing saben kagoengan karsa kedah sembada kalijan tékad. Ingkang makanan poenika moegi kaparsoedia tetepipoen ngantos doemoegi poengkasan.

(87) Tegesipoen ing saben ngendika kedah ingkang leres lan saé sarta
ingkang preloe dipoen ngendikakaken. Doedoe oetjapé pribadi = pangan-
di ka pandjenengan ingkang maton sarta soetji poenika asal saking dawoeing
Pangéran. Wewesen prantaning oewis = kaparsoedia doemoegi ing kasam-
poernan (poengkasaning gegajöehan). SW BCCQD

(๔๘) සිර්නක්න පෙර සිමා තුළු, එය මුදල පාය මිශ්‍රය නැති (88)
 එය මුදල යුතු මිශ්‍රය පු ඩිගු යාව මැව දි තුළු පාත්‍ර තුළු
 මිශ්‍රය ආයා මිශ්‍රය මුදු මැමු මිශ්‍රය පු (๔๘)

Sirnakna semanging kalboe, dèn waspada ing pangèksi, jèkoe dalaning kasidan, sinoeda saka satitik. Pamotahing nafsoe hawa, linalantih mamrih titih.

Tanda jektinipoen bilih sampoen ngambah margining kasidan djati, manawi sampoen waspada ing Tingal sarta boten semang ing Panggalih. Kados poendi lampah kita ngitjali semang toewin saged waspada waoe? Boten sanès namoeng sirnaning angkara moerka. Kadospoendi anggènipoen njirnakaken? Boten andjawi namoeng sarana talatèn dipoen gladi saking sakedik, ngantos boten karaos angèl.

(๔๙) මායු පාසා ගුරු මුදු මායු (89) නාඛ පාසා ගුරු මායු
 මායු මිශ්‍රය මැමු මුදු මායු, ජ්‍යා මිශ්‍රය මැමු මායු, ගුරු මුදු
 මායු මිශ්‍රය මැමු, මායු මිශ්‍රය මැමු (๔๙)

Ajwa mamatoeh naloetoeh, tanpa toewas tanpa kasil, kasaliboek ing srabéda, marma dipoen ngati-ati, oerip kèh rentjananira, sambékala dèn kaliling.

(88) Semang = kirang pratjados dateng kawroehipoen. Waspada = pangèksi = pramana. Jèkoe = sirnaning semang lan waspada. Kasidan = kamoeksan. Pamotah = panggoda. Titih = lantih = atoel.

(89) Mematoeh = ngoelinakaken. Naloetoeh = tindak nista. Tanpa toewas = boten maédahi = tanpa kasil. Kasaloeboek = kapoesan. Kaliling = dipoen waspaosaken = dipoen wékaní.

Sadéngah pakarti (pandamél) nadyan toemrapa badan aloes toewin kasar, poenika anggadahi *kakijatan* ingkang kénging kawastanan *kakijataning ébah*; namanipoen ing temboeng mantja energie. Watakipoen energie kedah-kedah badé toeroesan langgeng tanpa wangenan. Inggih pandamela saé lan pandamela awon, inggih ing djawia badan lan inglebeta badan — manawi sampoen makarti, koemedah-kedah *teroes makarti kémawon*; boten nijat këndel-këndel manawi boten wonten ingkang dados kosok wangsoelipoen ingkang ageng. Sadaja energie manawi taksih alit gampil dipoen èndèg; ananging manawi sampoen ageng rekaos anggènipoen mantoeni. Tijang mematoeh dateng pandamel awon poenika nama anggegesang energie ingkang awon; saja lami saja ageng, wasana kelantoer-lantoer, kadaloe warsa ngantos medal sakatahing djampi. Poenika satroe kita ingkang ageng pijambak. Asaling ageng saking alit, inggih poenika pénginan alit-alitan, pakareman alit-alitan, sembrana alit-alitan, ladjeng dados toeman; noenten mindak ageng, inggih toeman malih, makaten saladjengipoen, ngantos ndadra, ngređa ngebaki djagad.

Pénginan alit-alitan waoe noewoehaken pepeteng alit-alitan. Saja ageng pénginanipoen, saja ageng pepetengipoen. Manawi angkara moerka sampoen moebal, pepetengipoen inggih moebal ngantos kebak angebeki djagad.

Pramila pénginan waoe dipoen toeroeti awit kakinten *maédahi* sarta adamel *kamareman*. Boten mangretos (wéja) bilih poenika palsoe, tegesipoen badé njidrani oetawi damel ketjélik. Ingriki katemboengaken tanpa toewas tanpa kasil, tegesipoen boten maédahi toemrap ingkang langgeng. Katemboengaken malih: kasaliboek ing srabéda, tegesipoen dipoen loropaken déning goda rentjana. Awit saking poenika ngagesang preloe wéwéka, tegesipoen: prajitna dateng sambékala.

Manoengsa poenika asalipoen saking Loehoer lan Soetji, inggih poenika Kasoenjatan. Ingrikoe telengiñg kamareman, etoeking pepadang, soembering karahajon, ageng-agenging kabegdjan, doenoenging waton leres lan saé, njataning njata, gedonging katentreman sapitoeroetipoen. Éwasemajten saréhning kita wéja saking sakedik, mélikan saking sakedik, lami-lami ladjeng tjilaka ageng-agengan.

Ing alam donja, kaṭah goda rentjana. Pramila, leres sanget ngkang paring piwoelang dateng kita soepados **WEWÉKA**.

90.

(ဟူပမဏရဏ စုန်းဆျေသာရှိ၊ ခိုက္ခဏသမဏန်းမြို့မြို့⁽⁹⁰⁾ အ[။]
မြို့မြို့သို့ယတေသာရှိ၊ သမ်္တာရို့မြို့မြို့ရှိ၊ မြို့မြို့သို့
သမ်္တာယလ်။ ထာယာမြှေသာမြို့မြို့သို့

Oepamané wong loemakoe, marga gawat dèn liwati, lamoen koe-rang ing pangarah, sajekti kerèndèt ing ri; apesé kesandoeng padas, babak boendas anemahi.

**

Djiwa ingkang kaoeroeng ing badan, poenika kēnging ka-oepamèkaken tijang saweg kekésahan, mawi noempak keréta, badé mantoek dateng grijanipoen. Badanipoen waṭag minangka karétanipoen. Tjipta ripta minangka kapalipoen. Djiwa ingkang minangka koesiripoen. Djiwa badé wangsoel dateng kamoelani-poen (kalanggengan). Lampahipoen sarana nitih raga toewin mangrèh Tjipta. Sembahing raga inggih poenika manoeting kréta dateng kapalipoen. Sembahing Tjipta inggih poenika manoeting kapal dateng koesir, boten mogok lan boten slowang-slèwèng. Sembahing Djiwa inggih poenika pangrèhing koesir dateng kapal toewin kréta ingkang ngantos koesir waoe doemoegi ing grijanipoen malih, sarta ladjeng ngroetjat kapal kalijan krétanipoen. Pangroetjating Djiwa dateng tjipta-riptanipoen, ka-oepamèkna pangroetjating koesir dateng kapal toewin karétanipoen. Djiwa mantoek dateng kalanggengan poenika kaoepamèkna koesir doemoegi ing grijanipoen. Margi ingkang dipoen langkoengi ing kréta waoe kaṭah bégalanipoen, sarta tjaljahing margi tanpa witjalan, kados margi-margi ing kiṭa Londēn. Kapalipoen terkadang mogok, terkadang slèwang-slèwèng. Karétanipoen terkadang risak, terkadang angèl dipoen lampahaken,

(90) Gawat = katah sambékalanipoen.

amargi marginipoen ambelok. Ing serat ngriki namoeng dipoen oepamèkaken tijang loemampah ngambah margi gawat lan roempil toewin rokèl; manawi boten kaleresan, ngantos lami boten doemoegi-doemoegi ing grija toer samargi-margi tansah nandang sangsara, kados ta: kerèndèt ing ri, kesandoeng-sandoeng, sapanoenggilanipoen. Gesang poenika pantjèn kañah sandoenganipoen; pramila, boten gampil ngagesang roemeksa ing gesangipoen. Kawiloedjengan ingkang taksih wonten ing margi, preloe kadagi soepados' lestantoe anggènipoen loemampah (boten kondag-kanđeg qetawi kesasar).

Grijaning koesir kaoepamèkna Kalanggengan. Inggih poenika: Sifating Allah ingkang langgeng. Djiwa mantoek dateng kalanggengan poenika tegesipoen: loeloeh dados satoénggal (djoemboeh) kalijan Ingkang Langgeng waoe. Kaoepamèkna tjahjaning katja benggala ingkang kesorotan ing soerja: awor dados satoénggal kalijan tjahjaning soerja; boten wonten bédanipoen babar pisan, amargi tjahjaning katja benggala poenika tanpa tjomak (tanpa warni) sarta *boten soewoeng*. Liripoen „*boten soewoeng*” poenika: boten namoeng kados toja bening kawahahan ing gelas, ingkang boten saged nedahaken woedjoeding soerja toewin siliring wawernèn kawoedjoedan ing alam donja). Wangsoel katja benggala: boten namoeng „*tanpa kleur*” kémawon, oegi nedahaken saliring „*warni-roepi*” ingkang goëmelar ing alam donja, — ingkang sami dipoen gesangi déning tjahjaning soerja, — katedahaken dateng mripat kita.

Roetjating koesir saking kapal toewin karéta oegi kaoepamèkna roetjating pangilon saking wawernèn toewin baledoeg. Makaten poenika kanggéa sanépa manoengsa ingkang sampoen saged ndjoemenengaken PRAMANA.

Kañah-sanget tetemboengan-tetemboengan kanggé mastani pepilahan-pépilahan, ingkang ateges „Kasoenjatan”, kados ta: *Soekma, Boedi, Rasa, Njawa, Gesang, Pangéran, Goeroe sedjati, Manoengsa sedjati, Poeroesa, Atma, Noer Moehamad, Nirwana,* taksih kañah malih. Ingriki soepados boten namoeng njoegihaken temboeng oetawi boten adamel ribed, pramila namoeng nganggé temboeng „*Pramana*,” ingkang boten namoeng dipoen tegesi pramananing Tingal kémawon.

ලු ය (ලු ය තු ය තු ය නු තු ය) ය තු ය තු ය තු ය තු ය තු
 වි මු (91) ය තු ය මා ගු තු ය
 ය මා (ලු ය මා ගු තු ය) ය මා ගු තු ය තු ය තු ය තු ය (ලු)

Loemrah baé jén kadyékoe, atetamba jén wis boetjik; doewéa kawroeh sabodag, jén tan nartani ing kapti, dadi kawroehé kinarja, ngoepaja kasil lan mélik.

**

Sanadjan tijang poenika boten ngoedi kawroeh kabatosan manawi sampoen pinten-pinten èwoe tahoen, inggih meksa mindak. Pramila mindak, awit sangsaja mangretos dateng lepatipoen; Iadjeng mantoeni. Ananging manawi makáten gambaripoen: tijang loemampah ingkang kerep kesandoeng Iadjeng njimpang nandang sakit sarta kéndel kerep angraosaken sakitipoen. Oetawi tijang badé mantoek ingkang kerep kesasar, saben grija dipoen poeroegi, kakinten *Ija kaé omahkoe*. Sareng pinanggih *Doedoe*, Iadjeng boten narimah (boten marem), noenten késah malih, madosi grijanipoen malih, makaten saladjengipoen. Béda kalijan tijang ingkang ngoedi Kawroeh ingkang kalajan toememen ing batos, poenika boten kekerepen nandang sakit, boten kekerepen kéndel, boten ngengètjér lampah oetawi blasakan roemijin. Katimbang kesandoeng langkoeng roemijin, langkoeng prajogi mriksani margi iingkang badé kaambah soepados saged njimpangi sandoengan. Dados netepi poepoer sadérèngipoen bendjoet.
























Liripoen ngoedi Kawroeh kanfi temen-temen poenika tjiptaripta boten ngapoesi Djawa. Kados ta: anggènipoen ngoedi kapinteran, ngèlmi agami, pangretosan saking boekoe-boekoe

(91) Tegesipoen: Poepoer sasampoenipoen bendjoet = mantoeni sareng sampoen nandang sangsara. Loemrah baé = rendet kados ingkang katah-katah (boten ngrèwès dawoehing Djawanipoen). Kadyékoe = poepoer sasampoenipoen bendjoet. Kawroeh sabodag = kawroeh babagan angen-angen (pangretosan ngantos katah). Tan nartani kapti = boten dipoen tetepi = boten roentoet kalijan tékad. Mélik = mélik barang oetawi mélik pangalembana.

sp. boten dipoen anggé ngoepados mélik sanès kapreloeating Djawa. Poénika anama boten anggorohi dateng Gesangipoen pijambak.

Pramila ingkang adjak njalèwèng waoe dipoen enoet, awit ingkang adjak njalèwèng waoe ngaken AKOE; ngaken sampoen LERES; roemaos sampoen SAÉ; poenapa déné nginten badé MAREM. Boten soemerep bilih namoeng badé tansah ketjélik. Salamining loemampah — pinten-pnten èwoe taoen — manawi dèrèng doemoegi ing NJATA (daléming Djawa) inggih tansah ketjélik sarta boten marem-marem. Anggènipoen tansah boten marem-marem waoe, amargi: sanès Akoe dipoen kinten Akoe. Boten Leres kakinten Leres. Boten Saé kakinten Saé. Boten badé damel Marem kakinten badé damel Marem. Ringkesipoen: koroep dateng para tjidra.

92.

             ⁽⁹²⁾             

Meloké jèn arsa moeloek, moeloek oedjaré lir wali, wola-wali nora njata, anggepé pandita loewih, kaloewihané tan ana, kabèh tanda-tanda sepi.

Ingkang soegih ngèlmoe nanging boten saged netepi waoe, ketitikipoen bilih namoeng badé moeloek (ngginem ingkang dakik-dakik ngémba Wali, inggih poenika anggènipoen tansah boten wonten njatanipoen. Éwasamanter asring wonten ingkang roemaosipoen sampoen kados Pandita linangkoeng rèhné sampoen saged tjarios ingkang mejtìt-mejtìt, ananging boten wonten tandajektinipoen. Ingkang nama tanda poenika, kados ta: manawi

(92) Meloké = ketitiké. Moeloek = ngginem ingkang inggil-inggil. Wola-wali = rambah-rambah. Anggepé = roemaosipoen. Kaloewihan = kawaspadan = kawaskitan = saged madangaken manahing sanès, ndajani kawiloedjengan toëwin katentremaning sanès sapanoenggilanipoen.

Nabi, wonten moekdjidjatipoen. Manawi Pendita oetawi Wali, wonten keramatipoen. Manawi moekmin oetawi tijang tinarimah wonten mangoenahipoen.

93.

(၁၃) အာဖြူရယ်၂၂၁ပြုလျှော့။ ပျော်များကျော်တဲ့တဲ့
အာနိဂါတိလိုက်မျှမှုအာ၊ သတ္တိပုံးယောက်စုများကိုအာ ဟပ်ယိုဘာ
ယာနိုဘာ၊ မား၏ ရွှေမားရွှေမားပို့များမျိုး။ (၁၃)

Kawroehé moeng ana woewoes, woewoesé goemaïb-gaïb, kasliring titik tan kena, mantjereng alisé gatik. Apa pandita antiga, kang mangkono ikoe kaki.

* * *

Ingkang roemaosipoen sampoen Pandita linangkoeng waoe saèstoenipoen namoeng saged tjarios, njariosaken ingkang gaïb-gaïb. Tijang ingkang sampoen ngretos dateng penitikan, saged njrapat dateng kabatosaning tijang sanès, awit katitik wonten ing solah bawanipoen, pasemonipoen, oeroet oetawi worsoehing ginem, lagoening swara, sadjakan poenapa déné wawatakanipoen samangsa dipoen alem oetawi dipoen tjatjad, manawi kaleres bingah oetawi sisah, manawi saweg remen oetawi geting sapanoenggilanipoen.

94.

(93) Woewoës = ginem. Goemaïb = ngaken soemerep ing Gaïb. Kelsliring = dipoen waoni oetawi dipoen tjentok. Mantjereng alisë gatik = doeka. Pandita antiga = boten witjaksana (palsoe).

(94) Ngèlmoe sedjati = pangoedi dateng sipat Kapangéranan (Kasoek-tjèn). Dahwèn = para wantjèn. Opènan = remen memanah ingkang boten preloe toemraping pangoedi. Panastèn = gela soemerep kabegdjaning sanès. Djail = remen njikara. Kahardan = toemangkaran.

Mangka ta kang aran lakoe, lakoené ngèlmoe sadjati, tan dahlwèn pati opènan, tan panastèn nora djail, tan ndjoeroengi ing kaardan, amoeng e n e n g mamrih ening.

* * *

Ing mangka lampahing ngèlmi sadjatos (sembah Tjipta) poenika boten dahlwèn, tegesipoen boten para wantjèn oetawi para tjampah. Boten drengki oetawi panastèn, tegesipoen boten bingah soemerep kesisahanipoen tijang sanès. Boten djail, tegesipoen boten poeroen damel kasoesahaning sanès, boten ndjoeroengi kekadjengan, langkoeng-langkoeng damel kapitoe-naning sanès. Liripoen damel kapitoenaning sanès poenika, boten namoeng damel soesah oetawi késasar kémawon, sanadjan namoeng mantjèni, ngraosi, nggegoedjeng, damel isin, memojok sapanoenggilanipoen, oegi nama damel kapitoenèn, sarta boten tepa sarira. Manawi pakartining tjipta ripta ingkang makaten poenika dipoen legoetakkaken déning kakinten saged damel kamaremanipoen, inggih badé tansah ketjélik.

Ingkang preloe kaoedi poenika sagedipoen netepi wadjibipoen pijambak. Déné wadjibipoen: ngèndelaken tjipta-riptani-poen, moerih saged doemoegi ing ênêng, ening.

95 - 96.

(95) Kaoenang = misoewoer. Loehoeng = loehoer. Adjoer-adjèr = saged ngemori. Tjikal = bibit = widji. Bakal tjikal = kadoenoengan widji oetami.

Kaoenangg boedi loehoeng, bangkit adjoer adjèr kaki. Jèn mangkono bakal tjikal, toekoel widjining oetami. Nadyan bener kawroehira, jèn ana kang njoelajani.


Toer kang njoelajani ikoe woes wroeh jèn kawroehé nempil, nanging lahiré angalah, katingala ngemori; moeng ngénaki tyasing lijan, ajwa esak ajwa serik.

Tijang ingkang dipoen soewoeraken aloes beboedènipoen poenika tijang ingkang saged mandjing adjoer-adjèr. Tegesipoen: saged nglebeti sarta ngemori memanahaning sanès; njoemerepi pangretosaning sanès sarta ngétjani manahipoen. Angènipoen ngétjani waoe boten nijat ndjloomprongaken oetawi goemoedjeng ing batos, sarta boten nijat badé ngraosi wonten ing wingking; toewin boten nijat mamèraken anggènipoen sampoen mandjing adjoer-adjèr. Anggènipoen ngétjani waoe namoeng sabab mangretos bilih ngagesang kedah ngaosi ing sesami, sarta boten mesèkaken manawi badanipoen pijambak boten kaṭah tjetjadipoen. Manawi kita saged nglampahi makaten, mratandani bilih kita sampoen gadah „*babit*” watak oetami. Manawi kita saraséhan ngrembag kawroeh, ing sasaged-saged kadjagi sampoen ngantos dados bantahan. Déné manawi dipoen bantah, sanadjan ingkang mbantah waoe sampoen tetéla kawroehipoen saking nempil, nanging ing lahir katingala ngemori, sarta ladjeng katingai ngle-resaken dateng ingkang mbantah; ing batos oegi boéen sakserik.

Manawi wonten raos sakserik, ingrikoe ladjeng kailingilingana asaling sakserik saking poenapa. Boten lija saking Ahamkara, inggih poenika raosing manoengsa ingkang sepisanan, ingkang ngadjak koroep ingkang kawitan pijambak: ngoeroepaken AKOE ingkang sanjata, dipoen oeroepaken kalijan „*akoe palsoe*”.

97.

—

( ଭ୍ରମ୍ଭ ପ୍ରାଣ ପାତ୍ରି ପ୍ରାୟ) ⁽⁹⁷⁾ ପ୍ରାଣ ପାତ୍ରି ପ୍ରାୟ

(97) Ilapat = oengoep-oengoep = trontong. Wahjoe = Noegraha. Hèb = Sabda (kalani). Tjinantjang poetjoeking tjipta = tansah dipoen ènget-ènget sarta dipoen raosaken.

ତିଣୁମିଳାଗ୍ରୋଧା ବାହାନ୍ତିଯାକୁଣ୍ଡିଲା ଦି ମାଟ୍ଟିପୁଣ୍ଡିଲା
କିନ୍ତୁ ଏହା ବାହାନ୍ତିଯାକୁଣ୍ଡିଲା ଗ୍ରୋଧା

Jèkoe ilapating wahjoe, jèn joewana ing salami, marga wim-boeh ing noegraha, saking hèb kang Maha Soetji, tjinantjang poetjoeking tjipta, nora oetjoel-oetjoel kaki.

Sinten ingkang sampoen saged ngemori manahing sanès, trimah ngawon boten mawi sakserik sajektos, poenika pratanda sampoen wonten oengoep-oengoepipoen noegrahaning Pangéran. Samanten waoe manawi lestantoen boten wonten sambékalani-poén. Manawi saged joewana, bibit wahjoe waoe sangsaja ageng, déning kedajan Sabdaning Pangéran. Pangoepakaraning bibit waoe, sarana kaènget-ènget moerih sampoen ngantos kénging ama (sambékala).

98.

(ଗ୍ରୋଧା କିନ୍ତୁ ଏହା ବାହାନ୍ତିଯାକୁଣ୍ଡିଲା) (98)
ଏହା ଏହା କିନ୍ତୁ ଏହା ବାହାନ୍ତିଯାକୁଣ୍ଡିଲା ଏହା କିନ୍ତୁ ଏହା
କିନ୍ତୁ ଏହା ବାହାନ୍ତିଯାକୁଣ୍ଡିଲା ଏହା କିନ୍ତୁ ଏହା

Mangkono ingkang tinamtoe, tampa noegrahaning Widi, marma ta koeloep dèn bisa, mboesoeki oedjaring djanmi, pakolèh lahir batinnja, ijèkoe boedi premati.

Lampah ingkang kaseboet inginggil waoe ingkang sampoen dados pramestian (waton) sagedipoen tampi noegrahaning Pangéran. Awit saking poenika, piwoelangipoe Sang nawoeng gita : langkoeng prajogi katingala mbodoni kémawon, étok-étok boten mangretos. Manawi makaten, tansah bañi. Ing lahir bañi roekoen, soegih sadèrèk ; ing batos bañi angsal seserepan, angsal titènan, angsal lampah.

Ingkang makaten poenika tetep anama saged simpen akanти primpen.

(98) Ingkang tinamtoe = ingkang dados pramestijaning lampah. mBoesoeki = mbodoni (étok-étok boten mangretos). Pakolèh lahir batin = ing lahir lan ing batos angsal-angsalan. Boedi premati = saged primpen.

(गृह्ण यक्षिणी रुद्राणि रुद्रा) गृह्ण (मृत्युनालि) य
 ना वा नी उष्टुप्ति रुद्रा । रुद्राणि रुद्रा रुद्रा रुद्रा
 रुद्रा । रुद्राणि रुद्रा । (गृह्ण यांत्रिकारुद्रा) (१००)
 रुद्रा रुद्रा । रुद्राणि रुद्रा । रुद्रा रुद्रा । रुद्रा ।
 रुद्रा । रुद्रा । रुद्रा ।

Pantes tinoelad tinoeroet, laladané mrih oetami. Oetama kembanging moelja, kamoeljaning Djiwa diri, ora jèn ta ngeplekana, lir leloehoer ngoeni-oeni.

Ananging ta koedoe-koedoe, sakadarira pribadi, ajwa tinggal toetoeladan. Lamoen tan mangkono kaki, jekti toena ing toemitah, poma kaëstokna kaki.

* *

Ingkang saged nglampahi makaten prajogi dipoen télad lampahipoen sarta dipoen enoet piwoelangipoen. Ananging sarèhning ngagesang poenika tamtoe wonten kalintoenipoen, dados kedah waspaos : tjatjadipoen sampoen ngantos katoet dipoen tiroe.

Menggah kaoetamèn poenika sekaring moelja, toemrap ing Djiwa raga. Pinten banggi angepleki para loehoer kina. manawi saged ngirib-irib kémawon oegi sampoen kagolong bedja. Saged kasembadan oetawi boten, manoengsa weñang istijar ing sakadaripoen, sarta sampoen tilar tetoeladan. Oepami boten makaten kainan anggènipoen toemitah.

T A M A T.

(99) Tinoelad = tiniroe. Laladan = lampahan. Kembanging = poe-tjoeking. Djiwa diri = njawa sarta badan. Ora ta ngeplekana = pinten banggi angepleki.

(100) Koedoe - koedoe = kedah istijar. Sakadarira = mitoeroet-keki-jatanipoen pijambak.

Boekhandel TAN KHOEN SWIE - Kediri.

Menerbitkan kitab-kitab seperti dibawah ini:

BAHASA DJAWA HOEROEF LATIJN.

Asmaralaja	f 0,45	Krida Sastra	f 0,20
Kala-tida	" 0,20	Pladjaran hoeroef Djawa	" 0,50
Katoerangan Djaran, koetjing lan koetoet	" 0,50	Siti Djenar	" 0,40
Kidoengen	" 0,50	Wedda Tama	" 0,40

BAHASA MELAJOE HOEROEF LATIJN.

A.B.C. Melajoe dan Djawa	f 0,75	Sair Pertjintaän	f 0,30
A. B. C. Loo tjoë	" 0,50	Sioe Lian [Samadhi]	
Achli Noedjoem dengan 3 dadoe	" 1,-	deel I — II per deel à	" 1,-
Alamat mengimpi.	" 0,50	Sair Soesah dan Senang	" 0,40
Bagawad Gita	" 0,90	Soeloeh kesempoernaän	
Beroelang-oelang dilahir- kan ka doenia	" 0,65	deel I. Magnetisme	" 1,-
Deradjat Istri	" 0,50	deel II. Hypnotisme	" 1,-
Dewa Roetji	" 0,65	deel III. Asalnja ma- noesia	" 1,-
Djati Moerti	" 1,-	deel IV. Concentratie mengeningkan Tjipta	" 1,-
Hak perkoempoelan dan persidangan	" 0,75	deel V. Asalnja Tjipta	" 1,-
Hauw King	" 0,40	deel VI. Natuurweten- schap	" 1,-
Kitab Khong Khauw..	" 0,20	deel VII. Tahoe Gaib	" 1,-
Ling Djiat [panas dan dingin].	" 0,35	deel VIII. " "	" 1,-
Makrifat	" 0,35	deel IX. " "	" 1,-
Ngo Loen [Ngo Taij Kong]	" 0,35	deel X. Pengidoepan	
Nona Mari I Sampe IV		Batin I.	" 1,-
per djilid à	" 0,60	deel XI. Pengidoepan	
Perdjalanen Moedjidjat		Batin II	" 1,-
I-II à	" 1,50	deel XIII. Pengidoepan	
Pantoen anak moeda dan		Batin III.	" 1,-
Nona Manis	" 0,50	Sair Ilmoe Sedjati	" 0,50
Pantoen anak moeda berhiba hati.	" 0,50	Swara Soeksma	" 0,65
Pantoen Penghiboer hati	" 0,50	Taman Ilmoe Kekoeatan	
Primbon mengadoe Djago	" 0,40	Ghaib deel I — XII à	" 1,-
Pesalatan. Sembahjang	" 0,50	Tjian Lie Gan [Adji Penrawangan]	" 0,50
Riwayat Nabi Khong Hoe		Tjiptaän tiap-tiap pagi	" 0,40
Tjoe	" 0,50	Wali Sepoeloeh	" 0,65
Riwayat Negri Kediri	" 0,75	Wedjangan Goeroe-goeroe	" 1,25
		Zak Woordenboek	
		Belanda - Melajoe.	" 0,75

BAHASA DJAWA HOEROEF DJAWA.

Amoerwa Kala	f 0,35	Ari Wara	f 1,25
Ardjoena Wiwaha	" 1,50	Asmaralaja	" 0,40

HARGA DIATAS BELOEM TERITOENG ONKOST KIRIM.

Boekhandel TAN KHOEN SWIE - Kediri.

Menerbitkan kitab - kitab seperti di bawah ini :

BAHASA DJAWA HOEROEF DJAWA.

Babad Gianti deel I sampe V	f 1,25	Krida Sastra	f 0,20
Babad Kediri	" 1,-	Lambang Pradja [Djaja Baja]	" 0,60
Babad Mochamad	" 0,35	Langen Drija [Poestakaweni]	" 0,60
Babad Rasael	" 0,35	Madoe Rasa	" 1,50
Babad Tjirebon	" 1,50	Marga Joewana	" 0,35
Babad Toeban	" 0,45	Ma Sapta Baja	" 0,35
Bab Wawadosing Gesang	" 1,25	Ngedja Arab	" 0,50
Bagawad Gita	" 1,35	Ngelmoe Kak Sedjati	" 0,35
Bambang Dwihasta	" 0,75	Ngelmoe pangasihan	" 0,50
Bawa sagerongipoen	" 0,60	Ngelmoe Pangroetjat	" 0,45
Bima Boengkoes	" 0,35	Ngelmoe Panoedjoeman	" 0,30
Bodja Boesana	" 0,35	Ngelmoe Pirasat [Pirasating djalma]	" 0,35
Boekoe Sembahjang	" 0,45	Niti Prana	" 0,30
Boerat Aroem	" 0,45	Niti Sroeti	" 0,45
Darma sabda	" 0,65	Nitik Kraton	" 0,35
Dewa Roetji	" 0,75	Oegering Palakrama	" 0,50
Djaka Lodang	" 0,10	Oesoeloedin	" 2,-
Djampi Soesah	" 0,50	Pamboekaning Tjipta	" 1,50
Djampi Ghaiib	" 0,50	Pandam Prana	" 1,-
Djati Moerti	" 1,10	Panggardjiṭa	" 1,50
Djitapsara	" 0,60	Panembrama	" 0,50
Djiwandana	" 1,25	Paniti Baja	" 0,45
Gatolotjo	" 1,-	Paniti Sastra	" 0,45
Idajat djati	" 1,-	Papali Nabi Kh. H. Tjoe	" 0,10
Iladoeni	" 0,35	Pastika Maja	" 0,35
Ilmoe Spiritisme	" 0,50	Pastika Warna	" 1,25
Inl Gem. Ordonnantie	" 0,60	Pati Tjentini	" 2,-
Jatnamaja	" 0,30	Patkoel Karip [Kawroeh Pekih]	" 0,65
Kabar Kijamat	" 1,-	Pawoekon 30 gambar	" 1,50
Kabcetoehan	" 0,35	Pedjah poenika sala- djengipoen kados poendi ?	" 1,65
Ka'koel Islam	" 1,50	Pitoetoer djati	" 0,45
Kalam Wadi	" 1,75	Poerwa Kanti	" 1,25
Kalatida	" 0,10	Poerwa Karana	" 0,60
Kanda boemi	" 0,65	Poestaka Rantjang [Patak Modin]	" 0,75
Kapratjajan	" 0,50	Prabangkara	" 1,-
Katja Wirangi	" 0,65	Pralambanging djagad	" 0,50
Kawroeh Kasoeksman	" 1,65	Pramana sidi	" 0,60
Kawroeh Mantig	" 0,80	Prasida Djati	" 0,70
Kawroeh Pangoengsed	" 0,50	Primbon Djampi Djawi	" 1,10
Kewroeh sanggama	" 0,50	Primbon Ngadoe Djago	" 0,40
Kawroeh Sasadji	" 0,35	Primbon Ngimpi	" 0,60
Kawroeh Theosofie	" 1,50		
Kebo Kenanga	" 1,25		
Kidoengen Kawedar	" 1,-		
Krida Atmaka	" 0,65		
Krida Graita	" 2,-		

HARGA DIATAS BELOEM TERITOENG ONKOST KIRIM.



PENGARANG

P. t. R. SOEDJONOREDJO

Mantri goeroe pensioen Karanganjar S.S.W/L.